# 400 Гъагъэ, ефIакIуэ, Зеикъуэ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№205-207 (23.115) • 2015 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 24, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр тумэнищщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Накъыгъэ унафэхэр зэрагъэзащIэм топсэлъыхь

**Социально-экономикэ зыужьыныгъэм къэрикIуэхэм кIэлъыплъынымрэ УФ-м и Президентым и унафэ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэмкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ советым и зэIущIэ жэпуэгъуэм и 23-м екIуэкIащ.**

НАКЪЫГЪЭ мазэм Путин Владимир Iэ зыщIидза Унафэр гъэзэщIэныр япэ игъэщыпхъэхэм зэращыщыр, абы епхауэ зыхуагъэувыжа къалэнхэм зэрыпэлъэщымрэ зыIуэ лъэпощхьэпохэмрэ къагъэнэIуэну къулыкъущIэхэм захуигъэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

Узыфэ хьэлъэ къызэузхэм хущхъуэ иратыныр, сымаджэщхэм щIэлъхэр зыхуеину хущхъуэхэкIхэмкIэ къызэгъэпэща зэрыхъур, я IэщIагъэм щыIэ Iэмалхэр дохутырхэм къызэрагъэсэбэпыр, «Земский доктор» Iуэхум и фIыгъэкIэ сымаджэщхэм дохутырхэр зэрырагъэбыдылIэр - абыхэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Кхъуэlуфэ Аслъэн**.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Дадэ МуIэед** тепсэлъыхьащ бын куэд зыпI унагъуэхэм лъапсэ щаухуэн щIы Iыхьэ яхухэхыным, цIыху щхьэхуэхэм ипотекэ кредит етынымкIэ щыIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэным, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэным, апхуэдэуи а IэнатIэм уней мылъку хегъэлъхьэным, нэхъ фэтэр цIыкIухэурэ зэхэт унэхэм я ухуэныгъэр здынэсам, кхъахэ хъуа унэхэм къызэрыщIагъэкIым, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIа зэIущIэм теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым фыкъыщеджэ хъунущ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Дыгъуасэ



КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭМ И IЭТАЩХЬЭ КIУЭКIУЭ ЮРИЙ «УРЫСЕЙ-1» (КъБР) ТЕЛЕКАНАЛЫМ ЗЫЩЫПЫФЩIЭУ ФЕПСАЛЪЭ ХЪУНУЩ ЖЭПУЭГЪУЭМ И 31-м СЫХЬЭТ 18.10-м



**Фи упщIэхэр 8(8662) 40-76-19, 8(8662) 40-43-07** телефонхэмкIэ фыпсалъэу евгъэтх е видео тхыгъэу **press-glava@kbr.ru** электрон пощтымкIэ евгъэхь хъунущ.

**Абазэ Хь. В. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщыным и IуэхукIэ**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ**

Республикэм транспортымкIэ и IэнатIэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ и IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщын **Абазэ Хьэдис Владимир и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м*
*№159-УГ*

# И цIэр тхыдэм къыхэнащ

● Фэеплъ

**Налшык къалэ къыщызэIуахащ тхакIуэ, щIэныгъэлI-этнограф, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБАССР-м, АР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист КъардэнгъущI Зырамыку и фэеплъ пхъэбгъу.**

IУЭРЫIУАТЭДЖ цIэрыIуэр щыпсэуа, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №25-м и деж щызэхуэсат республикэ унафэщIхэр, щIэныгъэлIхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, Зырамыку и творчествэм пщIэ хуэзыщI цIыхухэр.

Къызэхуэсахэм гуапэу ягу къагъэкIыжащ КъардэнгъуэщIыр, къыхагъэщащ лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIар, абы зиужьынымкIэ зэфIиха лэжьыгъэм уасэ зэримыIэр икIи жаIащ и цIэр тхыдэм къызэрыхэнар.





Фэеплъ пхъэбгъур къызэIуахащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Битокъу Владимиррэ КъардэнгъущIхэ я лъэпкъым и лIыкIуэ КъардэнгъущI Мусэрбийрэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

● Къуажэ унафэщIым и псалъэ

# Зыужьыныгъэм и гъуэгукIэ



Хьэжы Мыхьэмэтмырзэ



Къэрмокъуэ Мухьэмэд



Къардэн Барэсбий



Къущхьэ Мухьэжид

**Зеикъуэр (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ нэхъ инхэм, тхыдэ купщIафIэ зиIэхэм ящыщщ. Жылэм щызэхэта колхозым лIэщIыгъуэ блэкIам и 50 - 80 гъэхэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ инхэм абы и цIэр жыжьэ ягъэIуащ икIи хозяйствэ пашэхэм яхэту зэманыфIкIэ къекIуэкIащ. Ноби къуажэр мэпсэу, мэлажьэ, Iэщ ягъэхъу, щIым толэжьыхь, щхьэж зэрыпсэун Iэмал къелъыхъуэ, зэрыжаIэу, жьыр я чэнджэщэгъуу, щIэр я Iуэхутхьэбзащlэу. Нобэрей махуэшхуэм сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр диIэу дрихьэлIэми, ахэр зи фIыщIэр ди цIыхухэрщ, къуажэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэшхуэ хэзылъхьа хэкупсэхэрщ.**

ГЪАЩIЭМ и унэтIыныгъэ куэдым ехъулIэныгъэ нэрылъагъухэр щызыIэрыдгъэхьауэ къызолъытэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэпса Iуэхушхуэхэу къуажэдэсхэр псыкIэ къызэгъэпэщыныр, жылэм и къабзагъэмрэ теплъэ гурыхьымрэ хъумэныр, унагъуэ хуэмыщIахэм защIэгъэкъуэныр, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыныр, нэгъуэщIхэри.

ЩIыпIэ администрацэм, къуажэ депутатхэм ди нэIэ тедгъэтщ къуажэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэдгъэпэщыным. Ди зы зэхуэсыгъуи екIуэкIыркъым нобэкIэ зытелэжьэн хуей Iуэхугъуэхэм дытемыпсэлъыхьу, абыхэм ятеухуа унафэ пыухыкIахэр къэдмыщтэу. Нэхъыщхьэращи, ахэр гъэзэщIа зэрыхъуми дытеплъэкъукIыркъым.

Гулъытэшхуэ худощI жылэр къабзэу зехьэным. Иджыблагъэ дгъэкъэбзащ пхъэнкIий идзыпIэу 7. Апхуэдэу тхьэмахуэм щэнейрэ уэрамхэм дохьэ пхъэнкIийхэр дэзыш машинэ хэхахэр. А Iуэхутхьэбзэр иджыри къэзымыгъэсэбэп яхэтщ къуажэдэсхэм, ауэ абыхэми езыхэм дашыж я кIэрыхубжьэрыхухэр.

НобэкIэ цIыху 11432-рэ щыпсэу Зеикъуэ къуажэм и зыужьыныгъэм хуэлажьэ IэнатIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы дэт сымаджэщыр, поликлиникэр, курыт школхэр, макъамэ школыр, школ-интернатыр, ЩэнхабзэмкIэ унэр, сабий садыр, библиотекэр, спорт комплекситIыр.

Дропагэ, дрогушхуэ къуажэм къыдэхъуэ щIалэгъуалэм зыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм, ахэр здынэс лъагапIэхэм. ЩIэныгъэ куу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу ягъуэтын папщIэ, абыхэм яIэщ Iэмал псори. Къуажэм дэт еджапIэхэм псори зэхэту щолажьэ IэщIагъэлI 267-рэ. Абыхэм йокIуалIэ сабий 1330-рэ. Школхэм яхэтщ щIэныгъэ хэхахэр кууэ щрагъэджхэр. Ди гъэсэнхэр хэтщ республикэм, къэралым щекIуэкI олимпиадэхэм, зэпеуэхэм, конференцхэм. Курыт школхэр къэзыух ныбжьыщIэхэм IэщIагъэ щызрагъэгъуэт ди республикэм, ди къэралым и къалэшхуэхэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм. ИужькIэ къагъэзэжри, щалъхуа щIыпIэм и зыужьыныгъэм я къарурэ щIэныгъэрэ ирахьэлIэ.

Еджэным къыдэкIуэу дэ диIэщ щIалэгъуалэм спорт, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм зыщрагъэужьын IуэхущIапIэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, макъамэ еджапIэр. Къэфэным, уэрэд жыIэным дихьэххэр йокIуалIэ ЩэнхабзэмкIэ унэм и гупжьейхэм. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а унэр нэсу къэдгъэсэбэпыфыркъым, жьы зэрыхъуам къыхэкIыу. Догугъэ дяпэкIэ Iуэхур ефIэкIуэжыну. Щэнхабзэ зыужьыныгъэм епха Iэмалхэр ди мащIэми, махуэгъэпсым къыщыгъэлъэгъуа республикэпсо, къэралпсо махуэшхуэхэр гулъытэншэу зэи блэдгъэкIыркъым. Апхуэдэу мы илъэсым жылэм Iэтауэ щыдгъэлъэпIащ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъур, Медицинэ лэжьакIуэм, Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэхэр. ЗэрытлъэкIкIэ дадоIэпыкъу зи Iуэху хуэмыщIа унагъуэхэм, бын куэд зыпIхэм.

Ди жылэм дэт район сымаджэщым цIыху 462-рэ щолажьэри, абыхэм ящыщу 306-р зеикъуэдэсщ. Апхуэдэу хъарзынэу я къалэнхэм йохъулIэ къуажэм дэт район поликлиникэм щылажьэхэри. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ а медицинэ IэнатIэхэм пэрыт IэщIагъэлIхэм квалификацэ лъагэ зэраIэр, ахэр сымаджэхэм гууз-лыуз хуаIэу зэрыбгъэдэтыр.

ЩIэблэ узыншэ жылэм къыдэхъуэным хуолажьэ къуажапщэм щыдухуагъащIэ стадионыр, бэнэкIэ хуитымкIэ диIэ залышхуэр. Апхуэдэу иджыблагъэ къуажэкум къыщызэIутхащ спорт комплексыщIэ. А спорт IуэхущIапIэхэм псори зэхэту йокIуалIэ сабии 160-м щIигъу. Тренерхэу Щомахуэ Анзор, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Сэбаншы Iэуес, Мэршэнкъул Мурат сымэ ныбжьыщIэхэм сакъыу ядолажьэ. Ди спортсмен ныбжьыщIэхэр щIэх-щIэхыурэ хэтщ бэнэкIэ хуитымкIэ, атлетикэ хьэлъэмкIэ ди щIыпIэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэхэм, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэу.

ЭкономикэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмрэ спортымкIэ диIэ апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм хуэдэ дяпэкIи дыщымыщIэну догугъэ, сыту жыпIэмэ, псом япэрауэ, ди цIыхухэм я нэхъыбапIэр зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ я телъхьэщ, щалъхуа къуажэр, щыпIэр фIыуэ ялъагъури, ар егъэфIэкIуэным хущIокъу.

ФIыуэ тлъагъу, дызэрыгушхуэ икIи дызэрыпагэ ди къуажэжьым и илъэс 400 юбилеймкIэ гуапэу сохъуэхъу зеикъуэдэс псоми. Дэ тщыщ дэтхэнэми щалъхуа щIыпIэм хуиIэ щытыкIэм, хэлъ гудзакъэм елъытащ ди къэкIуэнур адэкIэ зэрыхъунур. Зыхуэдгъэувыж мурадыфIхэм зэгъусэу, зэдэуэ делэжьмэщ ди гъащIэр тынш, щIэщыгъуэ щыхъунур, къытщIэхъуэ щIэблэм сабиигъуэ насыпыфIэ щаIэнур. Жылэм ифI зэрихуэу зи къаруи зэфIэкIи емыблэж дэтхэнэми фIыщIэ ин хузощI. Ди нэхъыжьыфIхэр щагъэлъапIэрэ нэхъыщIэхэм гъуэгу щрату, мамыр дыгъэм и бзийхэр къытепсэу иджыри илъэс куэдкIэ щрыреIэ ХьэтIохъущыкъуей Ипщэр. Махуэшхуэри угъурлы дыдэ тхурехъу!

**КЪЭРМОКЪУЭ Гъумар,**
*Зеикъуэ къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ.*

# Илъэс 400 зи ныбжь Зеикъуэ къуажэр

● Тхыдэ

**Къэбэрдей пщышхуэ Къазий къуитху иIащ: ХьэтIохъущыкъуэ, Щолэхъу, Жамбот, Мысост, Ислъам сымэ. Къазий зауэм 1615 гъэм хэкIуэда нэужь, пщышхуэ хъуащ зэшитхум я нэхъыжьыр - ХьэтIохъущыкъуэ. Абы къыдежьащ ХьэтIохъущокъуэхэ я унэцIэр.**

**XV лIэщIыгъуэм Адыгэ (Шэрджэс) къэрал зыухуауэ щыта Инал пщышхуэм (Инал Нэху) и щIэблэщ ХьэтIохъущокъуэхэ.**

**Къазий и жылагъуэ зыбжанэ дэсащ Бахъсэн псыхъуэ. ХьэтIохъущыкъуэ къыщалъхуар абыхэм ящыщ зырщ. Ар пщышхуэ зэрыхъу лъандэрэ а жылагъуэм ХьэтIохъущыкъуей цIэр зэрихьащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и ныбжьыр мы гъэм илъэс 400 ирокъу.**

*(КIэухыр 12-нэ нап. итщ).*



Мэршэнкъул Хьэсэнбий



Токъмакъ Азик



Къардэн Мухьэмэд



Болэт Арсен

# ТАКОГО ЕЩЕ НЕ БЫЛО

## *В КБР нашли древний могильник с украшениями из янтаря и бронзы*

**Находка свидетельствует о торговых связах Северного Кавказа с Балтикой.**

Интересные исторические находки сделали у селения Заюково в КБР археологи. Они нашли бронзовые украшения, а также бусы из стекла, сердолика и янтаря.

- Комплекс памятников Заюково состоит из могильника 1 - 2-го тысячелетия до нашей эры, скального могильника эпохи средневековья и городища. На скальном могильнике также найдено 6 погребений эпохи раннего средневековья (VII-X в.в.), сделанных в песчанниковых скалах, где обнаружены бусы из стекла, сердолика и даже балтийского янтаря, - сообщили ведущие раскопки археологи.

По словам ученых, находки наглядно показывают масштабы торговых связей жителей Баксанского ущелья в средние века. Древние обитатели Северного Кавказа торговали с племенами, населявшими берега аж Балтийского моря, откуда и привозили янтарь.

Среди найденного близ Заюково также бронзовый пояс, небольшая бронзовая фигурка беременной женщины, ожерелье из 22 бронзовых подвесок в виде головок баранов, которые могут указывать на крупную роль этих животных в религиозных верованиях древних кочевников.

**Алексей ДРОБОТОВ.**
*«Комсомольская правда», 20.10.2012*

# Исмэхьил-бей

**ЛЕРМОНТОВ Михаил**

*КъуэкIыпIэ повесть (Пычыгъуэ)*

**ЖылэщIэр щызэхэсщ псы гъунэм,**
**Зей жыгым ар къаухъуреихь,**
**И щыгу къурш бжэным къыщакIухь.**
**ЕгуэшэкIащи нэпкъым унэр,**
**Дэтхэнэ зыри ходэIухь**
**Псы даущ макъым, пшэм и кIуэкIэм,**
**И бзийхэм дыгъэ къыхукъуэкIым,**
**Щалъхуа щIыналъэр и гум къокIри,**
**Дэтхэнэ зыри хэтщ бэлыхь.**
**Мыбдеж сабийхэм къыщажыхь,**
**ЦIыхухъухэм Iэщэр щагъэкъабзэ,**
**Я закъуэу унэм щIэсщ цIыхубзхэр,**
**Тхьэм ещIэ я гур зыхуэхъуапсэр -**
**Псэр игъэхыщIэу хаш уэрэд.**

**Щыгъупщэу Iуэхур адыгэлIым,**
**Зэми гупсысэр къытекIуэнт,**
**Щыхутэжынти и щIыналъэм,**
**Нэгу щIэкIым и гур хигъэхъуэнт:**
**Абы уэсэпсыр щынэхъ къабзэщ,**
**Нэхъ щхъуантIэу удзри къыщотэдж,**
**КъыщыппэджэжкIэ джэрпэджэж,**
**КъызэщIеIэтэ гущIэлъапсэр.**
**Абы пшэ данэр щохъу лъэмыж,**
**Зы щыгум икIрэ адрейм кIуэуэ.**
**ЛIым и гур зэхихыжу къоуэ,**
**Ар зишыIэну хуэмеиж…**

*ЗэзыдзэкIар* **АЦКЪАН Русланщ.**

# ХьэтIохъущыкъуей

## *(Уэрэд)*

**Си щIалэгъуэ, си гурыщIэ, си макъамэ,**
**Зей къудамэу гукъыдэжым и псэ дамэ,**
**Уэрэд гуапэу пхуэзусахэри сфIэмащIэу**
**УзогъафIэ, си ХьэтIохъущыкъуей,**
**Си къуажэжь, си уэрэд гуакIуэ, си пхъэжь мафIэ,**
**УзогъафIэ сыпхуэусэурэ, ХьэтIохъущыкъуей.**

**Зей жыг хадэ зэщIэгъагъэу дыщэ уагъэ,**
**Гъэ блэкIахэм къапхыкIа, си лъэпкъыжь хабзэ,**
**Хышхуэу гугъэр си Iэдэжу сыпхуохъуапсэ**

**Гум и хуахъуэурэ, ХьэтIохъущыкъуей.**
**Адэжь лъахэу зыщысча япэ лъэбакъуэр**
**Гум и хуахъуэу, псэм и щIасэурэ, ХьэтIохъущыкъуей.**

**Къыр задейхэр удз гъэгъауэ зи Iэгу иту**
**Къэзанокъуэу Тхьэшхуэ тыгъэр зыхуэхъуахъуэ,**
**ЛIыхъужьыфIхэр, щIэныгъэлIхэр зи уэгу вагъуэу**
**Зыхуэлыду, си ХьэтIохъущыкъуей.**
**Си къуажэжьу зи жьакIэхухэри Iумахуэу**
**Зыхуэлыд-зыхуэбзэрабзэурэ, ХьэтIохъущыкъуей.**

**Зи Iэужьыр псэм и гуащIэ и удз гъагъэ,**
**Си Хэку уардэм и нэмыс, и адыгагъэ,**
**Гъэ блэкIахэм къапхыкIа си адэжь хабзэр**
**ЗыгъэлъапIэу зыгъэлъагъуэурэ ХьэтIохъущыкъуей.**

**ЩОМАХУЭ Хьэсэнбий.**

● Жыжьэ - гъунэгъу

# Лэжьыгъэм цIыхур егъэбжьыфIэ


АбытIэ Зулхьэчим


Къэрмокъуэ ЛатIифэ


Къущхьэ Гъумар


Согуэ Аслъэнбий


Щомахуэ Бэч


Щомахуэ Албэч


Соблыр Руслан

**30 гъэхэм ди къэралым ухуэныгъэ ин дыдэхэр щекIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ Бахъсэн ГЭС-р, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр.**

БАХЪСЭН ГЭС-р къуажэм къыдэкIа япэ рабочэхэр щагъэхьэзыра «кIыщу» щытами, абы иужькIэ Тырныауз цIыху куэд кIуащ икIи жыпIэ хъунущ а бгыщхьэ лъэщапIэм ди щIалэхэм лэжьыгъэшхуэ щагъэхъеяуэ. Абыхэм ящыщщ **АбытIэ Зулхьэчим**, **Нэхущхэ Ахьмэд**, **Хьидэ**, **Дыкъынэ Хьэлий**, **Сыжажэ Ахьмэд**, **Джэдгъэфхэ Аслъэмырзэ**, **Ибрэхьим**, **Сэбаншыхэ Чэмал**, **Хьэбас**, **Жылаухэ Зубер**, **Музир**, **Шурдымхэ Хьэчим**, **Мусэ**, **Хьэсэн**, **Щомахуэ Билал**, нэгъуэщIхэри.

**АбытIэ Зулхьэчим Мурадин и къуэр** (1917-1960) 1939 гъэм и пэщIэдзэм «Молибден» рудникым уващ къызэрыгуэкI лэжьакIуэу. 1942 гъэм ар фронтым Iухьащ, тIэунейрэ уIэгъэ хъуащ. «За отвагу» медалыр къратащ. И узыншагъэр зэрызэкIэлъымыкIуэм къыхэкIкIэ, Хэку зауэшхуэр имыухыу дзэм къыхагъэкIыжащ. 1944 гъэм и жэпуэгъуэм аргуэру Тырныауз игъэзэжащ.

1946 гъэм АбытIэм къыIэщIалъхьащ зэраубру машинэр. ЩIалэ къарууфIэм, мыщхьэхым зэман кIэщIым къриубыдэу ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ икIи мазэ зыщыплI нэхъ дэмыкIыу абы къратащ «Металлургие цIуугъэнэм и социалист зэхьэзэхуэм и отличник» дамыгъэр. ИужькIэ Зулхьэчим къыхуагъэфэщащ Къэбэрдейм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъ. Зеикъуэ щыщ щIалэм и бгъэм 1949 гъэм къыхалъхьащ «За трудовое отличие» медалыр.

Зулхьэчим махуэ къэс нэхъ цIэрыIуэ хъурт. ШахтылIхэм яхэттэкъым абы лэжьыгъэкIэ къытекIуэ, ар куэдым я гъуазэт. АбытIэм очеркышхуэ тритхыхьащ тхакIуэ Киреев Михаил. ШахтылI цIэрыIуэм 1957 гъэм къратащ Ленин орденыр. 1959 гъэм гъатхэпэм и 1-м АбытIэ Зулхьэчим КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ.

ХузэфIэкIынухэм хунэмысу, куэдым фIыуэ къалъагъу, пщIэ зыхуащI, псэ хьэлэл зиIэ лэжьакIуэшхуэр 1960 гъэм щэкIуэгъуэм и 15-м гуузу дунейм ехыжащ.

**Нэхущ Ахьмэд Жыр и къуэр** Бахъсэн щыщIэдзауэ Тырныауз нэс кIуэ гъуэгур зыухуахэм яхэтащ. 1938 гъэм Ахьмэд Тырныауз щылэжьэну ягъэкIуащ. Ар гъусэ яхуэхъуащ псэуалъэ зыщIхэм. Ухуэныгъэм зи гур ета щIалэ IэкIуэлъакIуэм зэIусэм псэ хилъхьэрт, еш, щхьэх ищIэртэкъыми, и цIэр дэнэкIи фIыкIэ къыщраIуэрт. ГушыIэжурэ, и ныбжьэгъухэм Ахьмэд къыжраIэрт: «Уэ мывэу зэтеплъхьар Iуащхьэмахуэ елъэгэкIынщ». Нэхущым и бригадэм IуэхущIапIэ, псэупIэ унэ куэд зэтрилъхьащ, школхэр, сабий садхэр иухуащ. Зы мази къэнакъым абы и къалэнхэм щIримыгъэгъуу.

Абы къыдэкIуэу, Нэхущым и IэщIагъэм хуигъэсащ щIалэгъуалэ куэд. Тырныауз япэу къыдэува унэ зэтетхэр зи IэрыкIыр Ахьмэд сымэщ.

Нэхущ Ахьмэд и лэжьыгъэфIым папщIэ 1955 гъэм Ленин орденыр къратащ. УхуакIуэ Iэзэм лъэужь дахэ къигъэнащ.

**Къэрмокъуэ (Гъэунэ) ЛатIифэ Хьисэ и пхъур** *(1918 - 1998)* Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым щIэсащ, къуажэм егъэджакIуэу щылэжьащ. ГъэсэныгъэфI зыбгъэдэлъ, щIэныгъэ хъарзынэ зиIэ хъыджэбзым Лэскэн, Бахъсэн районхэм я парт комитетхэр IэщIэлъащ. ИужькIэ ар хозяйствэ IэнатIэхэм ягъэкIуащ. «Горянка», «Красный Кавказ» мэкъумэш хозяйствэхэм, промартелым, лъэпэд щад фабрикэм я унафэщIу щытащ, Къэбэрдей-Балъкъэр дэрбзэр фирмэм и унафэщIу лэжьащ.

Къэрмокъуэр республикэм щекIуэкI жылагъуэ лэжьыгъэхэм жыджэру хэтащ. Тхуэнейрэ Налшык къалэ Советым и депутату, КПСС-м и къалэ комитетым и бюром мызэ-мытIэу хахащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату тIэунейрэ щытащ, абы и Президиумым хэту. И псэемыблэж лэжьыгъэм папщIэ Къэрмокъуэ ЛатIифэ 1957 гъэм «ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь», 1967 гъэм - Ленин орденхэр къратащ. ЩIыхь тхылъхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ.

**Къущхьэ Гъумар Сэхьид и къуэр** *(1927 - 1994)* къэрал, парт, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу щытащ. Илъэсибл школым и егъэджакIуэу, абы и унафэщIу лэжьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутыр диплом плъыжькIэ, Осетие Ищхъэрэм и мэкъумэш институтыр, КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэр къиухащ. Партым и Iуащхьэмахуэ районым и къудамэм и унафэщIу, секретару, япэ секретару лэжьащ. 1962 гъэм къыщыщIэдзауэ Къущхьэр Бахъсэн колхоз-совхоз производственнэ управленэм и унафэщIу щытащ. Районхэр къызэрагъэпэщыжа нэужь, партым и Бахъсэн райкомым и япэ секретару лэжьащ икIи а зэманым а щIыналъэм Гъумар IуэхуфI куэд щызэфIигъэкIащ. ИужькIэ Къущхьэр лэжьащ КПСС-м и обкомым и къудамэм и унафэщIу, КъБАССР-м мэз хозяйствэмкIэ и министру, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ республикэ обществэм и унафэщIу.

Къущхьэ Гъумар мызэ-мытIэу КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, КПСС-м и XXIII съездым и делегату щытащ.

И IэнатIэхэм хьэлэлу зэрыбгъэдэтам папщIэ Къущхьэ Гъумар къратащ Ленин орденыр, «ЩIыхь Дамыгъэ» орденитI, медаль зыбжанэ.

**Бырс Хьэсэнбий Анзор и къуэм** *(1932 - 2002)* Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал педииститутыр, КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэр къиухащ. Курыт школым и егъэджакIуэу, и унафэщIу лэжьащ. ИужькIэ парт лэжьыгъэм зритащ. КПСС-м и Тырныауз къалэ комитетым и 2-нэ секретару, партым и обкомым и инструктору щытащ, Налшык хьэлвэ заводым и директоращ. Сыт хуэдэ къалэн и пщэ кърамылъхьами, хьэлэлу игъэзэщIащ.

**Жэмыхъуэ Азрэталий Хьисэ и къуэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетри парт школ нэхъыщхьэри къиухащ. ВЛКСМ-м и Iуащхьэмахуэ райкомым и секретару, КПСС-м и райкомым и инструктору лэжьащ. Илъэс куэдкIэ профсоюз IуэхущIапIэ зэгухьэныгъэм унафэ хуищIащ. И лэжьыгъэфIым папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщащ. Ар шахмат композицэхэр зэхэлъхьэнымкIэ Урысей псом къыщацIыхурт, шахмат есэпхэр, этюдхэр щIыжынымкIэ мызэ-мытIэу зэпеуэхэм щытекIуащ.

Азрэталий и къуэш нэхъыщIэ **Жэмыхъуэ Даут** къуажэдэсхэр радиокIэ, телефонкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ. Абы къыфIащащ «СССР-м связымкIэ щIыхь зиIэ и радист» цIэ лъапIэр.

**Щомахуэ Бэч ХьэтIым и къуэм** къиухащ Налшык технологие техникумыр, Москва къэрал кооперативнэ институтыр. Iуащхьэмахуэ потребительскэ обществэм, Къэбэрдей-Балъкъэр оптовэ базэм я унафэщIу лэжьащ. Щомахуэр РСФСР-м и потребительскэ кооперацэм и отличникщ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъ, медаль зыбжанэ къратащ.

**Жылау Владимир Мурат и къуэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетри связымкIэ Ставрополь училищэри къиухащ. Дзэм офицеру къулыкъу щищIащ, Тырныауз къалэм илъэс куэдкIэ щылэжьащ, партым и къалэ комитетым и инструктору, связым и линейно-техникэ участкэм и тхьэмадэу, «Эльбрусгаз» ОАО-м и унафэщIу щытащ. ЩIыхь тхылъхэр, медалхэр къратащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр.

**Къаскъул Хьэлий ТIэиб и къуэр** *(1931-1996)* зэрысабийрэ гуащIэдэкIым щIапIыкIат, IэпщIэлъапщIэт, ухуакIуэ Iэзэт. Бахъсэн щIыналъэм и МКСУ-3-м и ухуакIуэ бригадэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ. Ар яхэтащ Зеикъуэ, Гундэлэн сымаджэщхэр, япэ, етIуанэ курыт школхэр, «Зеикъуэ» колхозым и псэуалъэхэр зыухуахэм. 1967 гъэм Къаскъулым къратащ «РСФСР-м и мэкъумэш хозяйствэм и социалист зэхьэзэхуэм и отличник» дамыгъэр, абы къыфIащащ «КъБАССР-м и щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэр.

Зи цIэр лъагэу яIэта ухуакIуэхэм ящыщщ **Щомахуэ Тамбий Исуф и къуэр**, «Къэббалъкъпромстрой»-м паркетилъхьэу щылэжьар. Щомахуэм и лэжьыгъэфIым папщIэ «ГуащIэдэкI ЩIыхь» орденым и 3-нэ нагъыщэр къратащ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэщ.

**Хьэпэ Хьэбил НэфIыцIэ и къуэр** илъэс куэдкIэ Налшык и ухуэныгъэ инхэм хэтащ. 2001 гъэм Хьэбил къыфIащащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ» цIэ лъапIэр.

## Мывэ тхьэмбылыфэхэр

**Хьэрэкхъуэрэ мывэр илъэс Iэджэ лъандэрэ цIыхухэм къагъэсэбэп. Нэхъ пасэхэм абы куэду къыхащIыкIырт унэ лъабжьэхэр, мывэ пкъохэр, мывэ къалэхэр. ИлъэсищэкIэ узэIэбэкIыжмэ, мывэм къыхэщIыкIа псэуалъэ зыухуэхэр нэхъ къулейхэрати, революцэм и зэманым абыхэм я унэхэр къытрахыу езыхэр зэрагъэкIуэдам щхьэкIэ «мывэ унэр угъурсызщ» жаIэрт.**

Хьэрэкхъуэрэ мывэр куэду къыщагъэсэбэпащ Бахъсэн ГЭС-м и ухуэныгъэхэм, къуажэкум щащIа унэ зэтетхэм.

Зеикъуэ мывэм и цIэр лъагэ, ар зыубгъуауэ къагъэсэбэп щыхъуар Хьэрэкхъуэращхьэ туфкарьер къыщызэIуаха нэужьщ. Туф тхьэмбылыфэхэр, хьэлыуэ IупщIэм хуэдэу, зэпыхын щыщIадзар 1967 гъэрщ. Карьерым и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ **Хъупсырджэн Хьэмидбий Хьэсанэ и къуэр**.

Ди республикэм жылагъуэ иту къыщIэкIынкъым Зеикъуэ туфыр здынэмыса, уеблэмэ ар нэгъуэщI щIыпIэ куэдми яIэрыхьащ. Япэ илъэсипщIым карьерым туфу зэпихащ кубометр мин 383-рэ. Машинист IэкIуэлъакIуэхэт «ГуащIэдэкI ЩIыхь» орденыр зратахэу **Унэж Хъусенрэ Чэрим Хьэсэнрэ**, **Хьэгъур Мэрем**, **Щауэ Хъусен**, **Къалмыкъ Мухъталин**, **Мэршэнкъул Виктор** сымэ, нэгъуэщIхэри. Ноби туфкарьерыр мэлажьэ, ауэ и зэфIэкIхэм кIэрыхуащ.

**БАТIИТIЭ Инал.**

● ФщIэуэ пIэрэ?

# Зеикъуэдэсхэм я унэцIэхэр

Абазэ
АбытIэ
Алий
Алъхъэс
Анэхъей
Архэст
Аскэр
Аттаев
Атэлыкъ
Атмурзаев
АфэщIагъуэ
Ахъмэт
Ашэбокъуэ
Бауэ
БатIитIэ
Бахъсэн
Бэлей
Бэтокъуэ
Бгъэжьнокъуэ
БжьыхьэлI
Бетыгъуэн
Блашэ
Болэт
Бондаревский
Бырс
Быхъурэ
Галямов
Гуэнгъэпщ
Гъэунэ
Гъуэгу
Гъубж
Гъубжокъуэ
ГъукIэ
ГъукIэлI
ГъусэлI
Дэгу
Дол
Думэн
Дыкъынэ
ДыщэкI
Джатокъуэ
Джэбэн
Джэдгъэф
Джэрыджэ
Джэтау
Евгъэжьыкъуэ
Емкъуж
Ету
ЖэпIу
Жэмыхъуэ
Журт
Журтыбей
Жылау
Жыкъуэ
Жынэ
Иуан
Куашэ
Курданов
Кушыку
Куэтэншы
Кумыщ
Куп
КIэм
Къадыр
Къазий
Къалмыкъ
Къанло
Къанщауэ
Къардэн
Къаскъул
Къэнэмэт
Къэрэнашэ
Къэрмокъуэ
Къып
Къуэдзокъуэ
Къудей
Къулий
Къумыкъу
Къунаш
Къундет
Къуныжь
Къурашэ
Къущхьэ
Локьяев
Лосэн
ЛIизэм
ЛIыгъур
Малкандуев
Мамбэт
Махуэ
Мэжджыхь
Мэздэгу
Мэкъуауэ
Мэремкъул
Мэремщауэ
Мэремыкъуэ
Мэршэн
Мэршэнкъул
Мусалы
Нартокъуэ
Нэгъуейлы
Нэгъуей
Нэхущ
Ныр
ПыIэкъарт
Пщыбий
Пщыгъэуш
Пщыгъуэтыж
Пщыкъан
ПщыукI
Пыхъ
Сарбашев
Сэбаншы
Соблыр
Согуэ
Сонэ
Сыжажэ
Табыщ
Тэмазэ
Тэхъу
Темыр
Тенджыз
Токъмакъ
Тутыкъу
ТхьэлI
Тхьэмокъуэ
ТхьэмылIокъуэ
Уэрэзей
Уэрдокъуэ
Ует
Унэж
Урыс
Хэжае
Хэжь
ХьэвцIыкIу
Хьэгъур
Хьэжы
Хьэмыкъуэ
Хьэмырзэ
Хьэпэ
Хьэсанэ
Хьэсэнбий
ХьэфIыцIэ
ХьэцIыкIу
Хьэщэ
Хъуэт
Хъупсырджэн
ЦIыпIынэ
Чэрты
Чэцыбей
Чып
Шэфий
Шэбаз
Шэкъмэн
Шэрджэс
Шэрхъ
Шэт
Шинкаренкэ
Шорэ
Шурдым
Шыбзыхъуэ
Шыгъушэ
Шыд
ШыкIэбахъуэ
ШыкIэгъэс
Щауэ
Щоджэн
Щомахуэ
Щыхъэлы
Iэминэ
Iэпщэ
Iэюб

**Зеикъуэ лъэпкъи 172-рэ дэсщ. Нэхъ лъэпкъышхуэхэм ящыщщ Щоджэнхэ, Щомахуэхэ, Шурдымхэ, Сэбаншыхэ, Сыжажэхэ, ГъукIэлIхэ, Къэрмокъуэхэ, Къумыкъухэ.**

*Зыгъэхьэзырар* **АРГЪЕИКЪУЭ Идарщ.**

● Щапхъэ

# Шыхъуэхэм я лIыгъэ

**1949 гъэр Зеикъуэ къуажэм хуэугъурлыт. ЯпэкIи иужькIи къэхъуауэ къыщIэкIынкъым зы жылэм щыщ икIи зы IэнатIэм пэрыт цIыхуищым зэуэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыщыфIаща. Ахэр Бырс Анзор, Щоджэн ТIэлашэ, Къалмыкъ Хьэжмурат сымэщ.**

Хэку зауэшхуэм ипэкIэ Зеикъуэ къуажэм Кировым и цIэкIэ щызэхэта колхозыр шы гъэхъунымкIэ республикэм щыпашэхэм ящыщт. Хозяйствэм и шыбзхэр щиблым нызэрыхьэсырт, 320-р адыгэш лъэпкъ къабзэхэм я къэрал тхылъым хатхат, хакIуэ пщIейм нэблагъэ щхьэхуэу зэрахьэрт. Колхозым и шэщ хэхам илъэс къэс шы тIощIым щIигъу щагъэунэхурт, абыхэм ящыщ куэдыр зэхьэзэхуэ инхэм щытекIуэрт.

Мэзкуу шы гъэхъунымкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым зауэм ипэкIэ колхозыр жыджэру дэлажьэрт, шыщIэхэр къыхэхыным, гъэсэным я щэхухэр, хъупIэхэм я щытыкIэр, мэкъумылэр, Iусыпхъэр зыхуэдэр, абыхэм я зэхэлъыкIэр кууэ яджырт. ЯIыгъ бжыгъэкIи, я Iуэху зехьэкIэкIи къэралым и шы завод пашэхэм хозяйствэм и фермэр къапикIуэтыртэкъым.

Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр зэрыдахужу, адрей IэнатIэхэми хуэдэу, шы гъэхъуныр зэтегъэувэжыным ерыщу яужь ихьащ Зеикъуэр. Абы щыгъуэ колхозым шы 27-рэ фIэкIа имыIэжамэ, 1946 гъэм, зауэ нэужьым и япэ илъэситхум и пэщIэдзэм ирихьэлIэу, а бжыгъэр 211-м нагъэсыжат.

Фронтым къикIыжа Бырс Анзор колхоз тхьэмадэу щыхаха зэIущIэм щызэгурыIуат а IэнатIэр езыхэм я къарукIэ зэтрагъэувэжу, лъхуэн-пIэн къэс шыщIэ къыщIагъэхъуэну. Ар икъукIэ къалэнышхуэт. Абы утегушхуэн щхьэкIэ фIэщхъуныгъэ ин пхэлъын хуейт. Псори зэпалъыта, зэпашэча нэужь, артелым и правленэм и унафэкIэ, Щоджэн ТIэлашэ шы фермэр IэщIалъхьэ, щIалэ жыджэр Къалмыкъ Хьэжмурат шыхъуэ нэхъыжьу хах, шым и пIалъэ зыщIэ Джэдгъэф Пагуэрэ Сыжажэ Къарэрэ абы гъусэ хуащI. Iуэхур хуэмурэ кIуатэрт. А илъэсым шыщIэ 32-рэ фIэкIа къаIэрымыхьамэ, къыкIэлъыкIуэм - 74-рэ, 1948 гъэм лъхуэн-пIэн къэс зырыз къыщIагъэхъуат.

1947 гъэм фокIадэм и 16-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыдигъэкIа Указыр колхозхэтхэм гъуазэ яхуэхъуат. Абы тету Iуэхугъуэ пыухыкIахэр ягъэзащIэрт. Шыбзхэр щхьэхуэ ящIат, лъхуэн-пIэну яIэр хэхауэ зэрахьэрт. Фермэм къалэн зыщищIыжат кIэрыху лъэпкъ къимыгъэхъуну, лъхуэн-пIэн къэс щIэжьей узыншэ къыщIагъэхъуэну. Шыхъуэхэм я зэхьэзэхуэр зэщIэплъэрт. Дэтхэнэми шыбз 16 егъэбыдылIати, я нэIэ трагъэкIыртэкъым.

ХакIуэхэри хуэсакъыу зэрахьэрт. Шыбзхэм хагъэхьэным мазищ иIэжу, хэкъузауэ ягъашхэрт, зэнтхъыу килограмми 5 - 6, мэкъу хэплъыхьауэ килограмми 10 - 12 махуэм иратырт, жэщмахуэм къриубыдэу тIэунейрэ километри 10 къракIухьырт. Мис апхуэдэу егугъуу зрагъэужьауэ, накъыгъэ мазэм и пэщIэдзэм шыбыным хагъэхьэрт. Абыхэм яхэтурэ къару мащIэ хъууэ гу лъатэмэ, Iус зэхэлъкIэ ягъашхэрт.

Зэ еплъыгъуэкIэ шы гъэхъуныр къызэрыгуэкIыу къызыфIэщIыни щыIэщ. Апхуэдэхэр щоуэ. Абы зезыпщытым щIэныгъэ куу иIэн, шыIэныгъэшхуэ хэлъын хуейт. Табыныр зэпэщу щIымахуэ зэрыщIагъэкI, шыщIэхэр зэрахъумэ Iэмалхэм зеикъуэдэсхэр фIыуэ щыгъуазэт. Гъатхэпэ мазэм витаминкIэ къулей удзхэр псынщIэу икIи уэру щызэщIэувэ джабэ нэкIухэм я дыгъафIэ хъупIэхэм щаIыгът. Iусыпхъэ гъущэхэм хуэм-хуэмурэ къапыкIырт. Шхалъэ, кIэтIий узхэм щахъумэу, хъуным хыхьэн ипэ, мэкъу дыгъэл иратырт.

ХакIуэхэр шыбыным хагъэхьа нэужь, Къущхьэхъур я хэщIапIэт. Фермэм и унафэщI Щоджэн ТIэлашэрэ шыхъуэ нэхъыжь Къалмыкъ Хьэжмуратрэ лъхуэнпIэнхэм егъэзыпIэ тэмэм къыхуагъуэтырт, шыщIэхэм хъупIэ щхьэхуэ хухахырт. Колхозым иIыгъ хъупIэхэр къабзэу зэрахьэрт, зэгъэзэхуауэ, фейдэ пылъу пакIэпакIэу къагъэсэбэпырт. Махуэ хуабэхэм, гъудэбадзэм щахъумэн щхьэкIэ, хъушэхэр нэхъ щIыпIэ лъагэхэм ягъэIэпхъуэрт, жьым зыдагъазэу ягъэхъуакIуэрт, псыкIэ яхуэбэлэрыгъыртэкъым.

ШыщхьэуIум икухэм хакIуэхэр хашыжырт, лъхуэнпIэнхэр зы хъушэу зэхагъэхьэжырти, абдеж щегъэжьауэ щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзырырт. «Бжьыхьэм зыхуей хуэза шыхэр сыт хуэдэ щIыIэми щышынэркъым», - жиIэрейт фермэ унафэщIым.

Хозяйствэр мэкъумылэкIэ бэлэрыгъыртэкъым. Шыхэм щхьэхуэу яхуэгъэтIылъэрт. ЩIымахуэ махуэ уэфIхэм бгы лъапэм табыным зыщрагъэукъуэдийрт, шыщIэхэм зэрызаужьым, я зэфIэкIым щыкIэлъыплъырт. Илъэсрэ мазихрэ ирикъуахэм нэхъыфIхэр къыхахырти, ягъэунэхун папщIэ шэщ хэхам щаIыгът. 1947-1948 гъэхэм къагъэхъуа «Ракош», «Аркъэн», «Феб» шыщIэхэр, нэгъуэщIхэри шыгъажэшхуэхэм мызэ-мытIэу щытекIуащ.

**Шы гъэхъуным и IэнатIэм щаIэ ехъулIэныгъэ инхэм папщIэ 1949 гъэм мэкъуауэгъуэм и 27-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ, Зеикъуэ къуажэм Кировым и цIэкIэ щызэхэт колхозым и тхьэмадэ Бырс Анзор, шы фермэм и унафэщI Щоджэн ТIэлашэ, шыхъуэ нэхъыжь Къалмыкъ Хьэжмурат сымэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ.** А зэманым хуэзэу хозяйствэм и шы гуартэм хуэдищкIэ хэхъуат. Апхуэдиз лэжьыгъэ зыгъэхъея, зи зэфIэкIыр къэралпсо утыкум къыщалъыта а цIыху щыпкъэхэм я цIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ къулейм дыщэпскIэ хатхащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**


Хьэрэкхъуэрэ и зы теплъэ.


Мис мы мывэхэращ хьэмрэ кхъуэмрэ я теплъэхэр къэзыгъэлъагъуэу къалъытэр.


Къуажэ унафэщIхэр щылажьэ унэр.

# Хэкупсэ нэс

## Химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шурдым Гъэзалий

**Зэфlэкl зыбгъэдэлъ, гу къабзэ, lуэхуфl зылэжь цlыху пэрыт куэд къытхэкlащ адыгэхэм. Абыхэм ящыщщ щlэныгъэлl lэзэ, къызэтепщlыкlыу акъыл гъэтlылъа зиlэ, Зеикъуэ къуажэм къыдэкlа Шурдым Гъэзалий.**



АДЫГЭ лъэпкъым къыхэкlауэ, «физическая химия» унэтlыныгъэмкlэ «щlэныгъэхэм я доктор» цlэ лъапlэр япэу зратар Шурдым Гъэзалийщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр 1957 гъэм къызэрызэlуахрэ абы щекlуэкl щlэныгъэ лэжьыгъэр къэзызlэтахэм, ар ипэкlэ зыгъэкlуэтахэм ящыщщ Гъэзалий. Лэжьыгъэм хуэхьэлэл щlэныгъэлlыр нобэми студентхэм я гъэсакlуэщ, магистратурэм щlэсхэм я щlэныгъэ унафэщlщ. И гуащlэдэкlым къыпэкlуэу Шурдымым хуагъэфэщащ «Псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщlэ» медалыр, «УФ-м егъэджэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ лэжьакlуэ», «КъБР-м щlэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэ лъапlэхэр зэрехьэ, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэтщ. Апхуэдэу Гъэзалий и цlэр иратхащ «Урысей Федерацэм и цlыху нэхъыфlхэр» щlэнгъуазэм, дуней псом щlэныгъэлl нэхъыфlу къыхаха мини 2-ми яхэтщ.

- Сэ илъэситхум ситу, си къуэш нэхъыщlэр сабий lэплlэрысу ди адэр дунейм ехыжащ. Ди анэ Жансурэт и закъуэ дыкъызэфlигъэуващ, зэманыр гугъуми, гугъуехьхэм къапикlуэтакъым ар. Щlэныгъэм зеттыну мурад щытщlми, къыддиlыгъащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къэзухри, къуажэ школым сыщылажьэурэ илъэс дэкlауэ, университетым къыбгъэдэкlыу телеграммэ къысlэрыхьащ. Абы къыщызэlуаха кафедрэщlэм и унафэщlу сагъэувыну сраджэу арат. Си анэм и закъуэ къыдэзнэу къалэм згъэзэжыну си гум идэртэкъым, ауэ абдежми си анэм сытригъэгушхуащ къызагъэза дзыхьыр згъэпэжыну, - игу къегъэкlыж Гъэзалий.

lуэху еплъыкlэ гъэщlэгъуэнхэр и лэжьыгъэм и лъабжьэу егъэджэныгъэ-щlэныгъэ lэнатlэм щыхузэфlэкlар мащlэкъым Гъэзалий.

- Си гугъэмкlэ, нэхъапэм щlалэгъуалэр щlэныгъэм нэхъ хуэнэхъуеиншэу щытащ. Иужьрей зэманым еджапlэ нэхъыщхьэ къэзыуххэр нэхъыбэ хъуами, гурэ псэкlэ щlэныгъэм къыхыхьэхэм я бжыгъэр куэд хъуркъым. Иджырей гъащlэм щlэныгъэншэу ухэтыфыну щыткъым. Укъызыхэкlа лъэпкъым сэбэпынагъ къыхуэпхьу упсэумэ, аращ тэмэмыр. Къинэмыщlауэ, цlыхур сыт и лъэныкъуэкlи къабзэу, пэжагъ ин хэлъу щытын хуейщ. Ар къызэхъулlахэм сащыщу къызолъытэ. А псом къадэкlуэу, укъызыхэкlа лъэпкъыр фlыуэ плъагъуу, ар ипэкlэ кlуэтэным уи лэжьыгъэри щlэныгъэри хуэунэтlауэ упсэуныр нэхъыщхьэщ. Лъэпкъым хуэпщlэращ мыхьэнэ зиlэр, - жеlэ щlэныгъэлl lэзэ, егъэджакlуэ хьэлэмэт Шурдым Гъэзалий.

**КЪАРЭНАШЭ Iэминэ.**

# Адэмрэ пхъумрэ я зэфIэкI

**Илэжь lуэхуфlхэмкlэ, и дуней тетыкlэмкlэ жылэм къахэщу, фlыуэ ялъагъуу цlыху цlэрыlуэ куэд къахэкlащ Сэбаншыхэ. Мы тхыгъэ кlэщlым сыщытепсэлъыхьыну сыхуейщ лъэпкъым и бын пажэхэм ящыщу Сэбаншы Хъанджэрий, абы и къуэрылъху Хъусен, абы ипхъу Жанеттэ сымэ.**





КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр къэрал университетым и инженер-техникэ къудамэм и машиноведение кафедрэм илъэс 22-м нэсауэ и унафэщl, техникэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор Сэбаншы Хъусен зэхэщlыкl куурэ акъыл жанкlэ Тхьэр зыхуэупса щlэныгъэлlщ. Язынықъуэ егъэджакlуэхэм хуэдэу, лекцэхэм къыфlэмыlуэхуу къеджэу къыщlэкlыжхэм ящыщкъым Хъусен. lуэхур щхьэпэрэ мыщхьэпэрэ къызэрахутэр кlэухымкlэщ. Ар къыгурыlуэу, гууз-лыуз иlэу и lэщlагъэм бгъэдэтщ Хъусен илъэс 47-м нэсауэ.

Хъусен и гукъэкlыжхэм щlыпlэшхуэ щеубыд и адэшхуэ Хъанджэрий. И къуэр дунейм ехыжа нэужь, и къуэрылъхум и гъэсэныгъэр и пщэ дилъхьэжат абы. Тхьэм къыхилъхьауэ Хъанджэрий lэзагъышхуэ бгъэдэлъу къыщlэкlынт, армыхъумэ зыщlыпlи щемыджауэ, зыми имыгъэсауэ дауэ къыгурыlуа къупщхьэ къутам зэреlэзэну lэщlагъэм и щэху псори?

- Зи къупщхьэ къутауэ си адэшхуэм и деж кърашэлlауэ зыдэмыlэпыкъуу зыри lуигъэкlыжыртэкъым, и пщlи къаlихыртэкъым. Уеблэмэ, къупщхьэр ирызэщlишхэу къигъэсэбэп щэкlхэр езым щхьэхуэу зэрихьэрт, ар зыхузэфlэмыкlхэм ярихьэлlэрт. Сэри абы сыдэlэпыкъуурэ, нэхъри балигъыпlэ сыщиувам, си адэшхуэм хуэдэу слъэкlырт къупщхьэ къутар и пlэ изгъэувэжыну, зэщlэсшхэу сымаджэр сутlыпщыжыну. Пэжу жысlэнщи, сэри сигу илъат дохутыру седжэну, ауэ нэгъуэщl lэщlагъэ схуэхъуар, - игу къегъэкlыж Хъусен.

Псэухукlэ и lэзагъым хигъахъуэу ихьащ Хъанджэрий. Ар зэрыlэзэ lэмалым нэхъыщхьэу хэлъыр сыт жыпlэмэ, къупщхьэ къутар е щэщар зэхуэпхьэсыжу и пlэ ибгъэувэжа нэужь, зэпыудыпlэр мыхъейуэ, ауэ езы лъакъуэр е lэр зекlуэу щыгъэтынрат. Зи гугъу тщlы lэщlагъэм мылъку къыхихыну щыгугъыу Хъанджэрий зэи псэуакъым. Ар лэжьакlуэшхуэт, псэуныгъэкlэ, унэ-лъапсэ зехьэнкlэ куэд къылъэщlэмыхьэу.

«Псыпэр зэрыкlуэм псыкlэр ирожэ», - жыхуаlэраши, щlэныгъэм хуэпабгъэ Сэбаншы Жанеттэ Хъусен и пхъум адэр зыщlэхъуэпса дохутыр lэщlагъэр зригъэгъуэтащ. КъБКъУ-р 1996 гъэм фlы дыдэу къиуха нэужь, медицинэ колледжым илъэс зыбжанэкlэ щригъэджащ. Зи щlэныгъэм зэпымыууэ хэзыгъахъуэ цlыхубз гумызагъэм уз зэрыцlалэхэм еlэзэнымкlэ и къэхутэныгъэхэр къыщигъэлъэгъуащ кандидат, доктор диссертацэхэм. Жанеттэ егъэджэныгъэ lэнатlэм жыджэру бгъэдэтщ, «Лечебное дело», «Стоматологие» къудамэхэм я студентхэм фтизиопульмонологиемкlэ щlэныгъэ ярет.

Гъащlэм и гъуэгу пэжым зи щlэблэр тезышэ Сэбаншы Хъусенрэ мылъкуу щыlэм нэхърэ нэхъ лъапlэ узыншагъэм и lэмалхэм и щэхухэр щlэблэм ябгъэдэзылъхьэ Жанеттэрэ я гъащlэ гъуэгуанэр кlыхь хъуну ди гуапэщ.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**



Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Ашэбокъуэ Борис



Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Бгъэжьнокъуэ Барэсбий



Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Къэрмокъуэ Ахьмэд



Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор Унэж Хьэсэн



Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Щоджэн БетIал



Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор Къэрэнашэ Анзор



Психологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бгъэжьнокъуэ Иринэ



# ЩIэныгъэр зыгъэнэхъапэ Щауэ Мухьэмэд

**Биологие щlэныгъэхэм я доктор, профессор, ООН-м хэт Дунейпсо Академием и академик, КъБКъУ-м и биологие факультетым физиологиемкlэ и кафедрэм и унафэщl Щауэ Мухьэмэд Зеикъуэ къуажэ къыдэкlащ. И щlэныгъэрэ и зэфlэкlрэ химыгъахъуэу, ахэр иримыгъэфlакlуэу ар зы махуи лэжьакъым.**

ЩIЭНЫГЪЭ лэжьыгъэ 300-м щlигъу къыдигъэкlащ Щауэм. Хамэ къэралми Урысейми щекlуэкlа конференц зэмылlэужьыгъуэ куэдым хэтащ, езым апхуэдэ зэхыхьэу тlу Налшык къыщызэригъэпэщри иригъэкlуэкlащ 1986, 1988 гъэхэм.

Щlэныгъэм кууүэ зэрыхэтым нэмыщl, Щауэ Мухьэмэд егъэджэныгъэми и къару куэд хелъхьэ, щlэблэм щlэныгъэ зэрабгъэдилъхьэным яужь иту. Ар я унафэщlу студент 200-м щlигъум диплом лэжьыгъэхэр ящlащ, езым къызэlуиха щlэныгъэ школым кандидату 14, доктору 2 щигъэхьэзыращ.

Гупсысэ кууре пэжагъ нэскlэ зи псалъэжьхэр гъэнщlа адыгэм пасэм жиlэгъащ: «Узыгъэлъапlэри узыгъэпудри уи lуэхущlафэхэращ». Хэплъхьэни хэбдзыни щымыlэу пэжщ ар, абы къиlуатэ гупсысэр. Урысейм и щlэныгъэлlхэм Мухьэмэд и лэжьыгъэхэм пщlэшхуэ къыхуащlащ. Апхуэдэу, абы хуагъэфэщащ «УФ-м егъэджэныгъэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэ лъапlэр.

Щlэныгъэм зыгуэр щlэуэ хэплъхьэныр, къэпхутэныр гъуэгу дэгъэзеигъуэм урикlуэным ещхьмэ, Мухьэмэд а гъуэгум ирикlуэ зэпытщ. Щlэныгъэлl гумызагъэ Щауэ Мухьэмэд иджыри и къару илъыгъуэщ. Дохъуэхъу нобэ хуэдэу жыджэру, узыншэу дяпэкlи илъэс куэдкlэ цlыхухэм яхуэлэжьэну.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**

# ЗыгъэпсэхукIэ зымыщIэ

**Щауэ lэбубэчыр Зеикъуэ къуажэ къыщалъхуащ, химие щlэныгъэхэм я докторщ, Щlэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ академием хэтщ, профессорщ. Ар КъБКъУ-м и химие къудамэм щекlуэкl щlэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщlа, зэфlэкl лъагэ, щlэныгъэ куу зыбгъэдэлъ lэщlагъэлlщ. Курыт еджапlэм фlыуэ щеджэ щlалэм химие унэтlыныгъэр къыхихынымкlэ сэбэп къыхуэхъуахэм ящыщщ школым а предметыр щезыгъэджа Ует Аслъэнбийрэ и къуажэгъу нэхъыжьыфl, щlэныгъэлl Къуэдзокъуэ Хьэмидбийрэ.**



КЪУАЖЭ школым 1972 гъэм къыщlэкlа нэужь КъБКъУ-м и химие къудамэм щlотlысхьэ Щауэр. Ар 1977 гъэм къеухри, «Севкавэлектроприбор» заводым илъэскlэ щылэжьауэ, университетым и щlэныгъэ-къэхутакlуэ къудамэм и щlэныгъэрылажьэ нэхъыщхьэу къащтэ. И кандидат лэжьыгъэр зы илъэс нэхъ дэмыкlыу щыпхегъэкl Москва дэт химие технологиехэмкlэ институтым. Егъэджэныгъэми къэхутэныгъэ лэжьыгъэми фlыуэ ехъулlэ щlалэм «Химия высокомолекулярных соединений» зыфlища и доктор диссертацэри КъБКъУ-м щыпхегъэкlри, 2000 гъэм химие щlэныгъэхэм я доктор, иужькlэ профессор цlэ лъапlэхэр фlащ. 2002 гъэ лъандэрэ КъБКъУ-м и Диссертацэ советым хэтщ.

- Щlэблэр егъэджэнымкlи, щlэныгъэм зэрыбгъэдэтымкlи, и дуней тетыкlэкlи, дэбгъуэн щымыlэу, нэгъэсауэ адыгэлlщ, цlыху псэ къабзэщ, ныбжьэгъу пэжщ. Цlыхум и хьэл-щэным мыхъумыщlагъэ гуэр хэлъмэ, зы зэман къызэпхыlукlынущ. lэбубэчыр зэрысцlыху зэман кlыхьым зытетым темыкlыу апхуэдэщ. Хьэрэмагъ, гъэпцlагъэ зигу къэмыкlщ, - жеlэ щlэныгъэлl, lэбубэчыр зэман куэд хъуауэ и ныбжьэгъу Хъурей Арсен.

И къарурэ зэфlэкlрэ емыблэжу илъэс куэд лъандэрэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щlэныгъэ-къэхутэныгъэ lэнатlэхэр езыхьэкl Щауэр мызэ-мытlэу ягъэпэжащ дамыгъэ лъапlэхэмкlэ, щытхъу, фlыщlэ тхылъхэмкlэ.

- Си хьэлым зыдэзгъуэу зыгуэр схэлъщ - зыгъэпсэхукlэ сщlэркъым, - жеlэ lэбубэчыр.

Насыпыр зыхилъагъуэр сэбэпынагъ зыпылъ lэнатlэм и къару емыблэжу пэрытынырщ.

**КЪАРЭНАШЭ Мадинэ.**

# Хабзэр фIымэ, бзыпхъэ трах

## Химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шурдым Барэсбий

**Сыт хуэдэ лъэпкъми зиужьын, бгъэдэлъ щlэныгъэм, щэнхабзэм, зэхэщlыкlым хигъэхъуэн папщlэ, мыхьэнэшхуэ иlэщ абы щыщ дэтхэнэ цlыхуми и зэфlэкlым. Лъэпкъ щlэныгъэм зиужьыным, абы и lуэхур дэкlыным зи гуащlэ куэд хэзылъхьа цlыху щэджащэхэм ящыщщ химие щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, лlэщlыгъуэ блэкlам и 90 гъэ гугъухэм Къэбэрдей лъэпкъым и конгрессым и тхьэмадэу щыта Шурдым Барэсбий Къасбот и къуэр. «Адыгэм папщlэ самыгъэпсэумэ, адыгэм папщlэ сылlэнщ» усэ сатырхэр зи гъащlэ гъуазэ хэкупсэм и къаруи, щlэныгъи, зэфlэкlи лъэпкъым щхьэузыхь хуищlу мэпсэу. Апхуэдэу дунейм тетащ Шурдымхэ я унагъуэм иса нэхъыжьыфlхэри, а щапхъэрщ я гъуэгугъэлъагъуэр нобэ абы къитаджэ щlэблэ махуэми.**



ШУРДЫМ Барэсбий курыт школым щlэныгъэ щызригъэгъуэта нэужь и зэфlэкlхэм адэкlи хигъэхъуэну и мурадт, и къуэш нэхъыжь, Къэбэрдей къэрал пединститутым и естественнэ факультетым и студент Гъэзалий и щапхъэу. Барэсбий и дэфтэрхэр иригъэхьащ Грознэ къалэм дэт щlыдагъэ институтым, икlи экзаменхэр итри щlэтlысхьащ. Студент илъэсхэр жыджэру ирихьэкlащ Шурдымым. Ар щыпэрытт еджэнми жылагъуэ lуэхухэми. ЕджапIэ нэхъыщхьэр ехъулlэныгъэкlэ къиухри, Шурдымыр щалъхуа щlыналъэм къэкlуэжащ. lэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэр ирихьэкlащ Барэсбий а зэманым къыщыщlэдзауэ: Налшык дэт лъэрыгу (станок) заводым инженеру щылажьэурэ ар егъэджакlуэу ирагъэблэгъащ а лъэхъэнэм зызыужьу хуежьа политехникэ техникумым. Республикэм и ухуэныгъэ lэнатlэхэм, СКЭП, телемеханика, электровакуум, полупроводник заводхэм папщlэ lэщlагъэлlхэр щагъэхьэзыр еджапlэм жэуаплыныгъэ ин зыхищlэу щылэжьащ Шурдымыр. Щlэныгъэлl ныбжьыщlэр куэд дэмыкlыу ирагъэблэгъащ щlэныгъэ лэжьакlуэ нэхъыжьу КъБКъУ-м. Абы и зэфlэкlхэр ирихьэлlащ молибденымрэ вольфрамымрэ епха къэхутэныгъэм. Шурдымым ехъулlэныгъэкlэ пхигъэкlащ и кандидат, иужькlэ доктор диссертацэ купщlафlэхэр, щlэныгъэлlхэм я деж пщlэшхуэ ноби щызиlэ къэхутэныгъэ инхэр.

Лъэпкъ щlэныгъэлl щыпкъэ, жылагъуэ лэжьакlуэ емызэш, химие щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и еджагъэшхуэ Шурдым Барэсбий псэ хьэлэлкlэ илэжьам гулъытэ игъуэтащ. Ар къыщацlыхур ди къэралым и закъуэкъым, атlэ хамэ щlыпlэхэми щыцlэрыlуэщ. Америкэм къыщыдэкl «Кто есть кто» тхылъым и 7-нэ томым ихуащ Шурдым Барэсбий теухуа напэкlуэцl щхьэхуэ. А тхылъым и цlэр зэрихуам къыхэкlыу, Биографиемкlэ дунейпсо центру Кембридж (Инджылызым) дэтым адыгэ еджагъэшхуэм къыхуигъэфэщащ «2004 гъэм и дунейпсо щlэныгъэлl» цlэ лъапlэмрэ дыщэ медалымрэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Куэдым хунэс Унэж Кашиф

**Философие щlэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемкlэ кафедрэм и унафэщlу щыта Унэж Кашиф Хьэждаут и къуэр къыщацlыхур ди республикэм, Кавказ Ищхъэрэм я закъуэкъым, атlэ Урысей псом и цlэр фlыкlэ щыlуащ. Абы и lэдакъэ къыщlэкlащ щlэныгъэ лэжьыгъэу 200-м щlигъу, еджапlэ нэхъыщхьэхэм зэрыщрагъаджэ тхылъищ, класс нэхъыжьхэм щlэсхэм папщlэ зы тхылъ, монографиехэр хэту.**

КАШИФ егъэджэныгъэм, щlэныгъэм щыхиша лъагъуэр кlыхьщ икlи бгъуфlэщ. Тхыдэм щыщу къигъэлъэгъуэж lуэхугъуэхэр, философие лъабжьэ зиlэ лэжьыгъэхэр, и lэнатlэм гурэ псэкlэ зэрыпэрытыр сэбэпышхуэ яхуохъу студентхэм, аспирантхэм, докторантхэм, цlыхубэм.

Кавказ Ищхъэрэм и щlэныгъэлl пашэхэм ящыщ Унэж Кашиф Зеикъуэ адыгэ жылэжьым къыщалъхуащ, еджапlэр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щlэтlысхьэри, тхыдэ-филологие факультетым щеджащ. Щlэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щlалэр хуейтэкъым зыlэригъэхьа ехъулlэныгъэмкlэ къэувыlэну. Абы ипкъ иткlэ, Москва къэрал университетым и аспирантурэм щlэтlысхьэри, кандидат лэжьыгъэри абы щыпхигъэкlащ.

Кашиф лэжьэн щыщlидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и щlэныгъэ институтым. Иужькlэ КъБКъУ-м Бэрбэч Хьэтlутlэ къыщызэlуихауэ щыта, КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ этнографиемкlэ кафедрэм щылэжьащ, 1995 - 2015 гъэхэм а кафедрэм и унафэщlт.



И щlалэгъуэм дихьэхыу зыпэрыхьа lэнатlэм lуэху хъарзынэхэр щызригъэхъулlащ Унэжым, абы къыдэкlуэуи щlэныгъэ лэжьыгъэ купщlафlэхэр, тхылъхэр и lэдакъэ къыщlэкlащ, зэпымыууэ студентхэм ядолажьэ. А къалэнитlыр зэдэпхьыну гугъу пэтми, ахэр зэпэщlэпх мыхъуну къызэрилъытэм къыхэкlыу, щlэныгъэлlым и пщэрылъхэр гъэзэщlэныр къехьэлъэкlыркъым.

- Студентхэм уащыхэтым деж, къару нэрымылъагъу гуэрым узэщlеlэтэ икlи щlэ гуэрхэр къэхутэныр lэмал имыlэу къыпхуегъэув, - жеlэ профессорым. - Тхыдэм хэт сыт хуэдэ къэхъукъащlэри пэжу, lупщlу, зэпкърыхауэ ныбжьыщlэхэм я пащхьэ иплъхьэн хуейщ. Абы папщlэ еш умыщlэу, зэпымыууэ улэжьэныр lэмал зимыlэщ. А lуэхум узэрыпэлъэщын къару къыпхалъхьэ езы студентхэми, нэгъуэщlу жыпlэмэ, абыхэм ептым хуэдиз дыдэ къуатыж.

Ауэ щыхъукlи, Кашиф арэзы хъуркъым студентым тхылъым къриха жэуап гъуэщэмкlэ. Ар нэхъ кууүэ гупсысэу, зэджам и лъабжьэр къыщежьэр зригъэщlэну и нэр къыхуикlыу ирегъасэ, зэпкърих lуэхум и лъабжьэр къиулъэпхъэщурэ езырезыру иджыныр нэхъ фlэкъабылщ.

Унэжыр жылагъуэ лэжьакlуэ цlэрыlуэщ. Ар 90 гъэхэм Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щытащ, ДАХ-м и Гъэзэщlакlуэ гупым илъэсищкlэ хэтащ (2012 - 2015 гъгъ.).

Къыхэгъэщыпхъэщ Унэжым гугъуехьхэр къызэринэкlынымкlэ, насыпыфlэу псэунымкlэ и унагъуэр и щlэгъэкъуэну къызэрекlуэкlар. И щхьэгъусэ Маритэ КъБКъУ-м щолажьэ, хъыджэбзитl яlэщи, тlуми щlэныгъэ нэхъыщхьэ тlурытl яlэщ. Мадинэ юристу мэлажьэ, Оксанэ экономистщ, ахэр унагъуэ хъужащ.

Кашиф зэрыщlэныгъэлlым, зэрыегъэджакlуэм, зэрыпрофессорым къыдэкlуэу икlи дадэ гумащlэщ. Абы и пхъурылъхухэрщ иджыпсту и дунейр зыгъэщlэращlэр, и гъащlэр зыгъэlэфlыр.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



Курыт еджапlэ №2-м щеджащ Зеикъуэ къыдэкlа щlэныгъэлlхэм я нэхъыбэр.





# ХьэтІохъущокъуэ пщыхэр

***Каспий тенджызым и Іуфэр хэщІапІэ зыхуэхъуа пщыхэм я лъэІукІэ урыс дзэпщхэм Тэрч и хэхужыпІэм къалэбыдапІэ кърытращІыхьауэ щытащ. Абы дэсащ урысхэм ІупэфІэгъу яхуэхъуа пщыхэр - Идар Темрыкъуэрэ Къэбэрдейм пэІэщІэ хуэхъуа лъакъуэлІэшхэмрэ. Абыхэм я лъэр иубыдын, кІэ иритын мурад ищІащ ПщыІэпщокъуэ и къуэ Къазий. Ар Тепсэрыкъуэ Щолэхъу кърищІылІа зауэм (Къулъкъужын зауэкІэ зэджэм) 1615 гъэм хэкІуэдащ.***

***Къазий къуитху иІащ - ХьэтІохъущыкъуэ, Щолэхъу, Жамболэт, Мысост, Ислъам сымэ. Абыхэм ящыщу нэхъ цІэрыІуэ хъуар зэшхэм я нэхъыжьыщ - ХьэтІохъущыкъуэ.***

***Къазий и къуэ ХьэтІохъущыкъуэ деж къыщежьащ Къэбэрдейм и тхыдэм цІэрыІуэ дыдэ щыхъуа ХьэтІохъущокъуэхэ я лъэпкъыщІэр.***

***Пщы, дзэпщ, шупашэ хахуэ куэд къахэкІащ ХьэтІохъущокъуэхэ: Кургъуокъуэ, Бомэт, Темрыкъуэ, Мысост, Исмел, Адэлджэрий, нэгъуэщІхэри.***

## ХьэтІохъущыкъуэ

ХЬЭТІОХЪУЩЫКЪУЭ и цІэр урыс документхэм япэ дыдэу къыщыхэхуэр 1622 гъэрщ. А илъэсым Сэнджэлей (Тэрч къалэ хэщІапІэ зыхуэхъуа пщыхэм я пашэм) Мэзкуу хъыбар иригъэІауэ щытащ: «Къэбэрдейм дытеуэри, Алыджыкъуэрэ ХьэтІохъущыкъуэрэ я жылэхэр дгъэсащ, езыхэр тІэщІэкІри, бгым ихьэжащ».

Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, ХьэтІохъущыкъуэ къыщалъхуар XVII лІэщІыгъуэм и кІэращ. И ныбжь нэсри, Къэбэрдейм и хуитыныгъэм щІэмызэуу зы махуи къигъэщІакъым: и адэмрэ (Къазий) и адэшхуэмрэ (ПщыІэпщокъуэ) я гъуэгум ирикІуащ.

Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэрэ Къазий и къуэ ХьэтІохъущыкъуэрэ, Идар Темрыкъуэ и бынхэр ирагъэкІуэтри, Къэбэрдейм бжьыпэр щаубыдащ. Ар игу техуакъым Тэрч къалэ дэс пщыхэм: Къэбэрдейм зауэ кърашэлІащ. Дзитыр зэрытегъэкІуакъым, ауэ Къэбэрдейм бжьыпэр щаубыдын яхуэзэфІэкІакъым Темрыкъуэ и бынхэм.

Щоджэныкъуэ Алыджыкъуэ дунейм ехыжа нэужь (1654 гъэм), Къазий и къуэ ХьэтІохъущыкъуэ Къэбэрдейм пщы нэхъыжь щыхъуащ; щылІар XVII лІэщІыгъуэм и 60 гъэхэм я кІэухырщ.

Къазий и къуэ ХьэтІохъущыкъуэ и щІэблэр Къэбэрдейм щІэтепщащ ди лъэхэр урыс дзэпщхэм я ІэмыщІэ ираубыдэху - 1822 гъэ пщІондэ.

## Шужьей

ХЬЭТІОХЪУЩЫКЪУЭ Шужьеипщыр зэрыІэщІэкІуэдэгъам и хъыбар куэд ущрохъэлІэ адыгэ ІуэрыІуатэм. ЗэІыхьырэ пэт, ХьэтІохъущыкъуэрэ Шужьейрэ зэщыІеижащ. Шужьей иукІын мурад ищІати, ХьэтІохъущыкъуэ абы екІужу фэ зытригъэуащ, тІури ТэтэртупкІуэри тхьэ зэхуаІуащ. Тхьэ зэхуаІуами, Шужьей иукІын мурадым пыкІакъым ХьэтІохъущыкъуэ: Тэтэртуп къыщикІыжым, игъэбэлэрыгъри ХьэтІохъущыкъуэ Шужьеипщыр иукІащ. ЩиукІым, Шужьей и нэпсыр къыщІэкІащ.

- Щхьэ угърэ? - еупщІащ ХьэтІохъущыкъуэ Шужьеипщым.

- СыщІэгъыр сызэрыбукІаракъым, - жиІащ Шужьей. - СыщІэгъыр «хэт зыукІар?» жаІэмэ, ХьэтІохъущыкъуэжь сыкІуэрыхащ зэрыжаІэнурщ.

Ар жери, Шужьей и псэр хэкІащ...

Апхуэдэ хъыбар къыхэнащ адыгэ ІуэрыІуатэм. Тхыдэм жиІэр нэгъуэщІщ. Урыс дзэпщхэм ІупэфІэгъу яхуэхъуауэ, Каспий тенджызым и Іуфэм Іут Тэрч къалэм (ар Идар Темрыкъуэ и лъэІукІэ яхуащІауэ щытащ) дэс къэбэрдейпщэр бий ищІащ ХьэтІохъущыкъуэ. Тэрч къалэ дэс пщыхэм я тІасхъэщІэхт Шужьеипщ. ЧэлимэтІыщым урыс пащтыхьым деж итхыгъащ: «Нэхъапэм, кърым хъаныкъуэ Жан-Джэрий къэкІуасэу Къэбэрдейм къыщыкІуам щыгъуэ, си малъхъэ Урыскъан и къуэ Шужьей Алыджыкъуэрэ ХьэтІохъущыкъуэрэ я деж плъэІуакІуэ-дэІуакІуэу щыІэти, хъаныкъуэмрэ Къазий и бынхэмрэ къауэс псор си деж къигъэсыжырт, сэ а хъыбархэр зэрызэхэсхам хуэдэбзэу уи дзэпщхэм яІэрызгъэхьэжырт. Ар къищІэри, ХьэтІохъущыкъуэ Шужьей къеззуащ, уІэгъэ къищІащ, итІанэ и бейгуэл Лъэпщыкъуэ кърииутІыпщри, кърригъэукІащ...»

ХьэтІохъущыкъуэ и адэшхуэмрэ Шужьей и адэ Жансэхъурэ зэшщ. Шужьей щаукІар 1626 гъэрщ е зымащІэкІэ нэхъ пасэущ.

ІуэрыІуатэм къызэрыхэщымкІэ, Шужьей и хьэдэр щыщІалъхьар щаукІаращ - Бахъсэнрэ Шэджэмыпсымрэ я зэхуакум. Зеикъуэ псым адрыщІкІэ джабэм кІэрыт сыныр Шужьей хухасауэ жызыІи урохьэлІэ.

## Кургъуокъуэ

КЪРЫМ хъанхэр зэуакІуэ, нэхъ белджылыуэ жыпІэмэ, хъунщІакІуэ къежьэрейуэ зэрыщытам тхыдэр щыгъуазэщ. Шэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ я закъуэтэкъым хъанхэм я гур зыхуэплъыр: Урысейри зы махуэ ягъэтыншакъым абыхэм, Мэзкуу щагъэсаи къэхъуащ.

Дзэшхуэ кърищажьэри (мин пщІейм щІигъу), кърым хъан Къаплъэн-Джэрий 1708 гъэм Къэбэрдейм къытеуащ, ар хигуэн, ихъунщІэн мурад ищІауэ, Къаплъэн-Джэрий и зекІуэм и хъыбар куэд къыхэнащ ди тхыдэми ІуэрыІуатэми.

Тхыдэри, ІуэрыІуатэри, Къэнжал зауэр зи нэгу щІэкІахэри, лІыкІуэхэри щыхьэт тохъуэ кърым хъаным и дзэм Къэбэрдейм кІэ зэрыщигъуэтам.

Хъаным и дзэр Къэбэрдейм къыщыблагъэм, пщы уэлий ХьэтІохъущокъуэ Кургъуокъуэ хасэ зэхуишэсри яхэупщІыхьащ: «Дэтхэнэр нэхъ ффІэзахуэ: ди щхьэр бийм хуэдгъэлъахъшэн хьэмэ ІэщэкІэ дыпэувын?» ІэщэкІэ пэуврэ хъаным и дзэр зэтракъутэмэ, нэхъ къащтащ къэбэрдейхэм: «Псэм щеблэ махуэкъым нобэ», - жари.

Пщы уэлий Кургъуокъуэ и унафэкІэ кърым хъаным и дзэр бгым ирашащ, къызэзэуэкІ защІурэ. Хьэрэкхъуэрэ ипщэІуэкІэ Кургъуокъуэ къалэ-быдапІэ щиухуащ: бгым къеухыурэ Бахъсэн псыхъуэ зэвым даукІыхьыщ кърым хъаным и дзэр. Ар дыдэр иращІащ Балъкъ псыхъуэ дыхьа дзэми: ар Къэнжал деж щызэтраукІащ (аращ бгым и цІэр зауэм щІытеІукІар - Къэнжал зауэ).

Валахием и лІыщхьэ Раковицэ Михайлэ итхыгъащ: «Кърымым игъащІэм къытехуакъым апхуэдэ удын. Кърым дзэпщхэм ящыщу къелар мащІэщ, мырзэхэри къызэтраукІащ (къэбэрдейхэм). Хъаныр ерагъмыгъуейуэщ зэраІэщІэкІар».

Къэбэрдейм я дзэпщ хахуэр, ХьэтІохъущокъуэ Кургъуокъуэ, илъэс щэ ныкъуэ нэхъ къимыгъэщІауэ 1709 (е 1710) гъэм дунейм ехыжащ.

Кургъуокъуэ Хьэрэкхъуэрэ бгым деж щиухуа къалэм и лъабжьэр ди зэманым къэсащ.

## Аслъэнбэч

ХЬЭТІОХЪУЩОКЪУЭ Аслъэнбэч кърым хъаным и дзэр зэхэзыкъутауэ щыта Кургъуокъуэ и къуэрылъхущ, Бомэт и къуэщ, и щІалэгъуэм Астрахань щаІыгъащ шэсыпІэ пэлъытэу - 1776 - 1782 гъэхэм. 1782 гъэм Кавказым и тет генерал-фельдмаршал Потёмкин Павел деж къулыкъу щищІащ. Урыс-тырку зауэм и зэманым (1787 - 1791 гъэхэм) Псыжь щызэуащ, шу минитху хъу къэбэрдей шуудзэм хэтащ, секунд-майор цІэр къыфІащащ. 1800 гъэм полковник хъуащ. Ауэ урысыдзэм хэзэгъакъым: дзэпщхэм Къэбэрдейм щызэрахьэ леймрэ залымыгъэмрэ игу техуэртэкъыми, абыхэм япэуваүэ хэкум и хуитыныгъэр зыхъумэ адыгэ шуудзэм и пашэхэм ящыщ зы хъуащ, зэрыпхъуакІуэхэм удын гуащІэхэр яридзащ, я быдапІэхэм куэдрэ ебгъэрыкІуащ.

Лермонтов Михаил «Измаил-бей» поэмэм зэрыщитхымкІэ, Исмел езыгъэукІар Аслъэнбэчщ. Ар пэжкъым. Пэжыр нэгъуэщІщ: ХьэтІохъущокъуэ Исмел фІэзахуэр Іэщэр гъэтІылъауэ я пІэ итІысхьэжынырт, а зэманым Іэщэ пцІанэкІэ къэпхьыжын щыІэтэкъым. Исмел акъылэгъу дэхъуакъым Аслъэнбэч, ар щхьэусыгъуэ яхуэхъури, зэшхэр зэщыІеижащ, уеблэмэ жагъуэгъу зэхуэхъуащ, икІэм-икІэжым, Исмел и унафэкІэ Аслъэнбэч 1812 гъэм яукІащ.

Темырболэт зи цІэ къуэш иІащ Аслъэнбэч. Ари урысыдзэм хэтащ, Бытырбыху дэт кадет корпусым щеджащ, Кавказым ис урысыдзэм къулыкъу щищІащ капитан хъуауэ, Къэбэрдейр 1804 гъэм «зыгъэсабыра» дзэм хэтащ, 1825 гъэм дунейм ехыжащ, и лІыгъэкІи и хъыбаркІи зэрыцІэрыІуэ щыІэкъым.

ЩІэныгъэлІ гуэрхэм зэратхымкІэ, Лермонтовым и поэмэ цІэрыІуэм (Измаил-бей) лъабжьэ хуэхъуар ХьэтІохъущокъуэхэ Исмелрэ Аслъэнбэчрэ я хъыбархэрщ. Ар пэжкъым. Исмел Псыгъуэ (Измаил-бей) и цІэр фІища фІэкІ, Лермонтовым и поэмэм зэшхэм я хъыбарыр лъабжьэ хуищІакъым, абыхэм я хъыбарымрэ поэмэм и купщІэмрэ зыкІи зэбгъэдыхьэркъым.

## Исмел Псыгъуэ

1763 ГЪЭМ урыс дзэпщхэм Къэбэрдейр мафІэлыгъейм хадзащ. Дзэпщ къанлыхэм къагурыІуэрт: Къэбэрдейр Іэрыубыд умыщІмэ, Кавказыр уи лъэгу щІэбгъэувэфынукъым. Зыми и ІэмыщІэ зралъхьэн мурад яІэтэкъым къэбэрдейхэм: игъащІэ лъандэрэ щхьэхуитт, я хуитыныгъэм папщІэ я псэ еблэжынукъым - ар я тхьэлъанэт ди лъэпкъым и нэхъыбапІэм. Черкасскэ унэцІэр къыфІащауэ урыс къалащхьэм дэс епцІыжакІуэхэр зэщэр нэгъуэщІт: урысыдзэр къагъэсэбэпурэ, Къэбэрдейр я ІэмыщІэ зэрыраубыдэжынырт.

ЗэрыпхъуакІуэ зауэр зэщІэплъауэ, хэкум къихьэжащ ХьэтІохъущокъуэ Исмел. Къэбэрдей лъэпкъ хасэм и пащхьэ къыщыщыпсалъэм, Исмел ибзыщІакъым ди лъахэр гузэвэгъуэ зэрыхэхуар, гупгупурэ зэкІэщІэчауэ, адыгэхэр зыр адрейм едэІуэжыркъым, щхьэж и щхьэ къихьэр елэжь, дэтхэнэми зэрихуэр езым и фейдэ зыхэлъырщ.

Мыпхуэдэ псалъэ щыжиІащ Исмел лъэпкъ хасэм и пащхьэм: «Акъыл зиІэмрэ и хэкур фІыуэ зылъагъумрэ къыгурыІуэнщ дыщыунэхъуну махуэр къызэрыблагъэр. Дызымыпэлъэщынум дыпэуври, ди щхьэр хэтлъхьащ, ди пщІэр ехуэхащ. Апхуэдэ насыпыншагъэр зи лажьэр дэращ.

Ди акъыл зытехуэжыркъым дэ, абы къыхэкІкІэ ди лъэпкъри зэкъуэткъым. Псори зэзыгъэдэІуэн тхьэмадэ диІэжкъым, пщы щІалэхэр нэхъыжьхэм едэІуэжыркъым, я нэр щІалагъэм къыщепхъуэри, гу лъатэркъым ди лъэпкъым и кІуэдыжыгъуэр къызэрыблагъэм: щхьэпсыншэхэм я зэранкІэ, ди лъэпкъым къытохуэ ди гъунэгъухэм я губжьыр, дяпэкІи къытехуэнущ, абы дытетынумэ... Насыпыншагъэм фыхэхуауэ сыкъывихьэлІэжыгъащ зыгъэ сыкъыщыфхыхьэжам, ар къывгурыІуэжауэ гу лъыстэркъым ноби, къывгурыІуэжыным и пІэкІэ нэхъей фекІуауэ солъагъу. Зауэм къытхуихьам ищІыІужкІэ емынэ уз бзаджэм ди лъэпкъым и нэхъыбапІэр икІуэдыкІащ...

Фи фІэщ фщІы, пщІэ зыхуэсщІ си лъэпкъэгъухэ, ди Іуэхур абы куэдрэ тет зэрымыхъунур. Сэ си нэкІэ слъэгъуащ, щыхьэти сытехъуэфынущ дызыпэува къэралыр къыщичыным зэрынэсам. ФызытеувыІэ, лъэпкъ насыпыншэ, фегупсыс дэр нэхърэ куэдкІэ нэхъ лъэщым дыпэлъэщынрэ дыпэмылъэщынрэ...»

Исмел и чэнджэщыр къабыл ящІакъым пщыхэмрэ лІакъуэлІэшхэмрэ я нэхъыбэм: шэсри сэшхуэрэ къамэкІэ ебгъэрыкІуащ урыс дзэпщхэм я зауэлІхэм. Топрэ мафІэкІэ къызэтракъутащ Къэбэрдейр Булгаков сымэ, Ермоловым кІэ къаритащ...

ХьэтІохъущокъуэ Исмел 1750 гъэм къалъхуащ, и адэм, Темрыкъуэ, и унафэти, урысыдзэм хыхьащ. Исмел лІыгъэ щызэрихьащ Урыс-Тырку зауэм (1787 - 1791 гъэхэм), Очаков къалэр къыщащтам щыгъуэ къызэрыхэжаныкІам щхьэкІэ Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр кърататщ, полковник цІэр къыфІащащ. Пащтыхь Александр и нэфІ къыщыхуэри, Исмел 1801 гъэм Бытырбыху яшащ, Къэбэрдейм и Іуэхур зэІубз зэрыпщІыфынум теухуауэ къечэнджэщын щхьэкІэ. Нэхъ иужьыІуэкІэ Исмел Псыгъуэ и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Записки о беспорядках на Кавказской линии и о способах прекратить оные»; абы и пэІуэкІэ Исмел зэхилъхьакІэт «Краткое описание жителей горских Черкес», «Записка о жителях Кавказа» тхыгъэхэр - тІумкІи Исмел зыхущІэкъуар Къэбэрдейр зыузэщІыныгъэм и гъуэгум теша зэрыхъунырт.

ХьэтІохъущокъуэ Исмел 1812 гъэм дунейм ехыжащ.



Къазий и къуэ ХьэтІохъущыкъуэ

## Адэлджэрий

ХЬЭТІОХЪУЩОКЪУЭ Исмел и шынэхъыщІэщ. ЗэшитІым я акъыл зэтехуакъым: урыс дзэпщхэм я ІэмыщІэ зрилъхьэн мурад иІэтэкъым Адэлджэрий. Игу техуэртэкъым абыхэм Къэбэрдейм щызэхащІыхь мыхъумыщІагъэхэр, адыгэхэр дакъузэн мурад зэраІэр. Ар къыхуадакъым урыс дзэпщхэм: яубыдри Екатеринослав губернэм яхуащ, хьэпсым ирадзащ - 1795 гъэм (и шынэхъыжьри щІыгъуащ абы щыгъуэ). «Дзыхь хуэпщІ хъунукъым» - аращ зэрагъэкъуэншар.

Адэлджэрий «дзыхь хуэпщІ зэрымыхъунум» шэч къытрахьакъым урыс дзэпщхэм: абыхэм япигъэувын щхьэкІэ, и лъэпкъэгъухэр зэрыхузэфІэкІкІэ къызэщІигъэстырт, ахэр бэнэныгъэм хузэщІиІэтэрт.

1798 гъэм хьэпсым къикІуэсыкІыжри, Къэбэрдейм къихьэжащ Адэлджэрий икІи урыс дзэпщхэм еныкъуэкъун щІидзэжащ. Хуитыныгъэр зи плъапІэ бгырыс куэд гъусэ хуэхъуащ ХьэтІохъущокъуэ Адэлджэрий, Къэбэрдейм и хуитыныгъэм папщІэ екІуэкІ бэнэныгъэр нэхъри зэщІэплъащ. Урыс дзэпщхэр зыщІэкъур къэбэрдейхэми адрей бгырыс лъэпкъхэми езыхэм я хабзэхэмрэ я унафэмрэ кърагъэщтэнырт - аращ ХьэтІохъущокъуэ Адэлджэрий игу темыхуар.

И мурадхэм хунэмысауэ, Адэлджэрий 1807 гъэм дунейм ехыжащ - емынэ узым илІыкІащ (ар Къэбэрдейм щыетауэ щытащ а зэманым).

## Мыхьэмэт Іэшэ

ИУЖЬРЕЙ адыгэ (къэбэрдей) дзэпщхэм ящыщщ ХьэтІохъущокъуэ Мыхьэмэт Іэшэ, хэкум и хуитыныгъэм щІэзэу лІыхъужьхэм гъуазэрэ шупашэрэ яхуэхъуурэ зэрыпхъуакІуэхэм куэдрэ ебгъэрыкІуащ.

Мыхьэмэт Іэшэ ХьэтІохъущокъуэ Аслъэнбэч и къуэщ, 1805 гъэм къалъхуащ, балигъыпІэ зэриувэ лъандэрэ зауэм къыхэкІакъым, урыс дзэпщхэм я щхьэр кърригъэІэтакъым, псэуху. Къэбэрдейр Ермоловым «игъэсабыра» нэужь, Псыжь Іэпхъуащ, ауэ бэнэныгъэр зэпигъэуакъым. Кавказ зауэм и тхыдэм фІыуэ щыгъуазэ Потто Василий зэритхыгъамкІэ, Мыхьэмэт Іэшэ «иджыри къэс (епщыкІубгъуанэ лІэщІыгъуэм и кІэми) щыцІэрыІуэщ гъунапкъэм».

ЛІыгъэрэ хахуагъэкІэ Мыхьэмэт Іэшэ пэхъун а зэманым исакъым адыгэ щІыналъэм. Шэткъалэ (Ставрополь) дэс дзэм ебгъэрыкІуауэ, 1846 гъэм ХьэтІохъущокъуэ Мыхьэмэт Іэшэ зауэм хэкІуэдащ.

Мыхьэмэт Іэшэ щІэныгъэ зиІэ цІыхут, бзэ зыбжанэ ищІэрт. «Іэшэ» цІэр щІытеІукІар зауэм уІэгъэ хьэлъэ зэрыщыхъуарщ - и Іэ сэмэгур къызэпаудауэ щытащ зауэ гуащІэ хэхуауэ.

Ди зэманым къэсащ ХьэтІохъущокъуэ Мыхьэмэт Іэшэ и лІыгъэмрэ и бэнэныгъэмрэ къызыхэщыж уэрэд, хъыбар куэд. Абыхэм ящыщщ мыри:

«Мыхьэмэт Іэшэ шыбз хакІуапщІэ фІрахужьащ зэгуэрым. Нэху игъэщри, шыдыгъум ялъежьащ, зы жылэ нэсауэ, уэрамыщхьэм тет пщащэ ирихьэлІащ.

- Пщащэ жьырытэдж, шы бламыхуауэ пІэрэ фи жылэкІэ? - еупщІащ Мыхьэмэт Іэшэ пщащэм.

- Блахуащ, - къыжриІащ пщащэм. - щауибл мэхъу уи шыр зыхуар. Уалъемыжьэ, уащІыхьэнкъым, уащІыхьэми, уапэлъэщынкъым.

- Упсэу, пщащэ жьырытэдж, - жиІащ Мыхьэмэт Іэшэ. - Къэзгъэзэжмэ, фи хьэщІэщ сынихьэнщ.

Ар жери, Мыхьэмэт Іэшэ блэкІащ, шыдыгъухэм ящІыхьэри, шыбз хакІуапщІэр къатрихыжащ, щІалиблым яшхэри къыздихуащ. ЗэрыжиІауэ, пщащэ жьырытэджым я хьэщІэщ ихьащ Мыхьэмэт Іэшэ. ХьэщІэщым щІалитІ исти, я псэлъэкІэкІи я ІукІэщІыкІэкІи игу ирихьакъым Мыхьэмэт Іэшэ - шэсри ежьэжащ. Щежьэжым, пщащэм жриІащ:

- Уи хьэщІэщ ис щІалэхэм гъуэгурыкІуэр щІэнэкІалъэ иремыщІ - абы хущІегъуэжынкІэ мэхъу.

Мыхьэмэт Іэшэ и псалъэм къызэщІигъэплъащ щІалитІыр. Псалъэ къахуэзыгъэнар яцІыхуртэкъыми, лъежьащ: «Тпхынщи, къэтхьынщ», жари.

ЩылъэщІыхьэм, щІопщкІэ къахэуэурэ хьэщІэщым кърихулІэжащ щІалитІыр Мыхьэмэт Іэшэ.

- Уэ пхуэдэ пщащэм и хьэщІэщ къихьэн яхуэфащэкъым мы щІалэ мыгъасэхэм, - жриІащ Мыхьэмэт Іэшэ пщащэм.

ЩІалитІыр къелъэІуащ, я цыр уауэ:

- Тхьэм и нэфІ зыщыхуэн, зыкъэдгъэцІыху. ЕмыкІу уэтщІащ, ди напэр текІащ.

- МыбыкІэ сыкъэфцІыхункІэ хъунущ, - жери Мыхьэмэт Іэшэ и Іэ сэмэгур къаригъэлъэгъуащ щІалитІым. Абы къыфІигъэкІакъым: шэсри ежьэжащ».

Кавказ зауэм хэта урыс офицер Торнау Фёдор (лъэпкъкІэ австр-нэмыцэщ) и «ГукъэкІыжхэм» зэрыщитхамкІэ, а зэманым ХьэтІохъущокъуэ Мыхьэмэт Іэшэ, Къанокъуэ Етэч, Бэлэтокъуэ Жамбулэт сымэ нэхърэ нэхъ лъэрызехьэрэ хахуэрэ яхэтакъым адыгэхэм. Щыми я щхьэр зауэм халъхьащ.

## Темрыкъуэ

ИНЖЫДЖ бжьэпэ (Шэрджэсым), Хьэбэз къуажэм пэмыжыжьэу, пасэрей чэщанэжь тетщ. Іэдииху и чэщанэкІэ йоджэ абы, хъыбар хьэлэмэти къыдогъуэгурыкІуэ. Хъыбарым жиІэмрэ чэщанэм и тхыдэмрэ зэтехуэркъым. ІуэрыІуатэм и Іуэхур щхьэхуэщ, чэщанэм и пэжыпІэр нэгъуэщІщ: ар езыгъэщІар Къэбэрдейм и тхыдэм щыцІэрыІуэ ХьэтІохъущокъуэ Темрыкъуэщ - ХьэтІохъущокъуэ Исмел (Исмел ПсыгъуэкІэ) зэджэм и адэрщ.

Урыс дзэпщхэм я ІупэфІэгъу хъуахэм яхыхьакъым Темрыкъуэ – зэрыхузэфІэкІкІэ япэщІэтащ зэрыпхъуакІуэхэм. И ныбжьыр хэкІуэтауэ, хьэжыщІ щыІащ Темрыкъуэ - Темрыкъуэ-хьэжыкІэ еджэ хъуащ иужькІэ.

Темрыкъуэ Бахъсэн псыхъуэ къыщалъхуащ - ХьэтІохъущыкъуей Ипщэм. Къыщыхъуар Бахъсэн пщы гупым я пашэ Бомэт и унагъуэрщ.

Урыс дзэпщхэм дахэкІэ ягурыІуэн мурад зиІэхэм ящыщт Бомэт.

И къуэр къедэІуакъым, урыс дзэпщхэм уазэрыхэмызэгъэнур щІэх дыдэ къыгурыІуэри, Темрыкъуэ кърым хъаным дзэ къритыну елъэІуащ. Хъаным дзэ къритакъым. Къыщримытым, и щІыб абыи хуигъэзэжащ.

ХьэжыщІ къикІыжа нэужь, Кърымым илъэс зыбжанэкІэ щыпсэури, Темрыкъуэ хэкум къигъэзэжащ, Инжыдж и Іуфэм къалэ ІуищІыхьащ - ХьэжыкъалэкІэ еджэ хъуащ абы. Хьэжыкъалэ Іэщэ (фоч, топ, сэшхуэ, джатэ) щригъэщІын мурад иІащ Темрыкъуэ, ауэ а Іуэхур хузэфІэмыхьэурэ езыр дунейм ехыжащ 1780 гъэм. И хьэдэр шыкхъаблэкІэ къахьыжри, ХьэтІохъущокъуэхэ я пщычом деж щыщІалъхьэжащ. Темрыкъуэ и сыныр Гундэлэныпсыр Бахъсэн щыхэхуэжым деж зэритам щыхьэт тохъуэ щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Лавровыр («Эпиграфические памятники Северного Кавказа». М., 1966).

## Къазий

КЪЭБЭРДЕЙ адыгэбзэкІэ дунейм япэ дыдэ къытехьа тхылъыр зи Іэдакъэ къыщІэкІар ХьэтІохъущокъуэ Къазийщ - «Сосрыкъуэ и пшыналъэмрэ адыгэбзэкІэ зэдзэкІа тхыгъитІ-щырэ». Ар 1864 гъэм Тифлис къыщыдэкІауэ щытащ. Абы къыкІэлъыкІуащ нэгъуэщІ тхылъ зыбжани, ахэр зэрытрадзар езы Къазий зэхилъхьа алыфбеймкІэщ.

ХьэтІохъущокъуэ Къазий Хьэсэнбий къуажэм (иджы Куба) 1841 гъэм къыщалъхуащ, Ставрополь дэт гимназием щеджащ, иужькІэ дзэм хыхьэри Тифлис къулыкъу щищІащ. Дэнэ щымыІэми, Къазий зэи щыгъупщэртэкъым и лъэпкъыр зэрыщІэныгъэншэр, абы тхыбзэ хузэхэлъхьэн зэрыхуейр. Абы хуэунэтІащ Казий и алыфбейри «Къэбэрдейм тхыгъэ щызэгъэпэщыным и Іуэхум сызэреплъыр» тхыгъэри. Къазий зэрилъытэмкІэ, адыгэ тхыбзэ зэбгъэпэщыным гугъуехь пылътэкъым, адыгэхэр абы хуэхьэзыр хъуакІэт а зэманым, арат адыгэбзэкІэ щеджэ еджапІэхэр къуажэхэм къыщызэІухын хуейуэ щІиукъуэдийр. «Сабийм еджэн зэрыщІидзэн хуейр и анэдэлъхубзэращ», - итхыгъащ ХьэтІохъущокъуэ .

Къазий и жэрдэмкІэ 1866 гъэм Налшык къыщызэІуахауэ щытащ адыгэбзэкІэ езыгъэдженухэр щагъэхьэзыр еджапІэ. Абы щезыгъэджари зэрырагъаджэ тхылъхэр зэхэзылъхьари езы ХьэтІохъущокъуэращ. Тифлис къыщыдигъэкІа «Къэбэрдей алыфбейм» адыгэхэр щІэныгъэм къыщІэгъэтэджэнымкІэ, адыгэ тхыбзэр зэфІэувэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІащ. «Адыгэ тхыбзэр къыщхьэпэнукъым, абы жыжьэ нихьэсынукъым, лъэпкъ щІэныгъэншэр» - апхуэдэ псалъэмакъ мыфэмыцхэр къраутІыпщауэ щытащ Къазий и жэрдэмым.

ХьэтІохъущокъуэ Къазий зэхуихьэсыжауэ ди деж къэсащ Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэмэз сымэ я пшыналъэхэр. Къазий адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ Лермонтовым, Саади сымэ я тхыгъэхэр.

«Сэшхуэ дахэ нэхърэ - зы тхылъыфІ» - апхуэдэ псалъэ къызэринэкІащ ХьэтІохъущокъуэ Къазий.

Ар 1899 гъэм дунейм ехыжащ.

***P.S. Къазий и къуэ ХьэтІохъущыкъуэ и щІэблэм цІыху цІэрыІуэ куэд къахэкІащ, абыхэм я лъэужь къыханащ Къэбэрдейми Урысейми я тхыдэм. Зи цІэ нэхъ жыжьэ Іуахэм ящыщщ, псалъэм папщІэ, Кургъуокъуэ и къуэ Бомэт, Аслъэнбэч, ХьэтІохъущыкъуэ, Бэчмырзэ, Мысост, нэгъуэщІхэри.***

***Кърым хъанхэм я дзэр зэхэзыкъута дзэпщышхуэр, Кургъуокъуэ, дунейм ехыжа нэужь, Къэбэрдейм бжьыпэр щиубыдын мурад иІащ абы и къуэ нэхъыжь Мухьэмэд. Кургъуокъуэ и къуэрылъхум, Мухьэмэд, БомэткІи еджэу щытащ. Къэщкъэтау пщы гупым я пашэ Къетыкъуэ Аслъэнбэч лъэныкъуэ иригъэзын хузэфІэкІащ Бомэт икІи бахъсэн пщы гупым Іэтащхьэ яхуэхъуащ. Къэщкъэтау пщы гупымрэ (Къетыкъуэ Аслъэнбэч), бахъсэн пщы гупымрэ (Бомэт) лІыфІыгъуэ зэригъахуэртэкъыми, зэныкъуэкъу зэпытащ, икІэм-икІэжым, бжьыпэр Къэбэрдейм щызыубыдар Бомэтщ.***

***Къэбэрдейм и тхыдэм щыцІэрыІуэщ Кургъуокъуэ и шыпхъури - Жан. Ар къалмыкъ хъан Дондук Омбэ и щхьэгъусащ. Дондук Омбэ лІа нэужь, Къалмыкъым тепщэ захуищІын мурад иІащ ХьэтІохъущокъуэ Жан, ауэ къехъулІакъым. Жан и щІэблэм цІыху цІэрыІуэ куэд къахэкІащ, абыхэм ящыщщ Урысейм и тхыдэм щыцІэрыІуэ Дондуков - Корсаковхэ я лъэпкъыр (Дондуков - Корсаков Александр Кавказым ис урысыдзэм Іэтащхьэ яхуэхъуауэ щытащ).***

***1906 гъэ лъандэрэ Зеикъуэ дэтащ ХьэтІохъущокъуэхэ я унэ дэгъуэ - Хьэрэкхъуэрэ туф мывэ упсам къыхэщІыкІауэ. Гъэми щІыми зи пщІащэр мылъалъэ жыг дахэ куэд итащ ХьэтІохъущокъуэхэ я лъапсэм, я унэр щІэблэм еджапІэ яхуэхъуащ - къуажэм дэс щІалэгъуалэм курыт щІэныгъэ япэу щагъуэтар аращ.***

***Зеикъуэ къуажэкхъэхэм ящыщ зым къыщызэтенащ ХьэтІохъущокъуэхэ я кхъэлэгъунэр. Абы мывэ сын зыбжанэ итщ, дунейм ехыжа пщы цІэрыІуэхэм хухасауэ.***

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**


Щоджэн Iэсхьэд, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Къазий Мамышэ. *1939 гъэ*


Уэрэдус, усакIуэ Щомахуэ Хьэсэнбий


Ещанэ курыт еджапIэр.


Щомахуэ Хьэсэнбий и гуэлыр.

# ДжэгуакIуэ лIыжьищ - Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Щоджэн Iэсхьэд, Къазий Мамышэ

**ЦIыхухэм дэрэжэгъуэ ирату, я гуфIэгъуэр ягъэдахэу, я гузэвэгъуэр дагъэпсынщIэу Зеикъуэ дэсащ Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Щоджэн Iэсхьэд, Къазий Мамышэ сымэ. Къылъшыкъуэ усакIуэт, накъырапщэ Iэзэт, Iэсхьэд уэрэд дахэу жиIэрт, шыкIэпшынауэт. Мамышэ пшынэ дыкъуакъуэр игъэбзэрабзэрт, пхъэцIычауэт. Адыгэ макъамэхэр, уэрэдыжьхэр а щым зыпащI щыIэтэкъым. Я мурад, я IуэхущIафэ, я дуней тетыкIэ зэтехуэри, зэгъусэ хъуат - зы ансамбль цIыкIут, зэкIэщIэпчынкIэ Iэмал имыIэу.**

СЫЖАЖЭ Къылъшыкъуэ Аслъэнбэч и къуэр (1863 - 1945) джэгуакIуэ къудейм къыщымынэу, усакIуэ Iэзэт, и усыгъэхэр цIыхухэм гукIэ ящIэрт, газетхэм, тхылъхэм къытрадзэрт, радиокIэ къатырт, IуэрыIуэдзт, жьэнахуэт, гушыIэрейт, и ауаныр япэ иту, кIуэрыкIуэм тету усэ зэхилъхьэрт. Псалъэр Iэщэ жану къигъэсэбэпырт, захуагъэм, пэжым и телъхьэти, дэтхэнэ зыми хъуэр иридзыфырт, зригъэцIыхужрэ зыкъригъэщIэжу. Псалъэм папщIэ, жэщ къэрэгъулу зыхуэлэжьа приставым мурад ищIат Къылъшыкъуэ и улахуэр фIишхыну. Арщхьэк Iэ уэрэд щыхузэхилъхьэм, гузавэри, абы щIыхуэр къритыжащ.

Сыжажэм лIыщIэн щыщIидзар Ашэбейщ (Малкэ), и усыгъэхэр цIэрыIуэ хъууэ щыхуежьари а лъэхъэнэрщ. Зэманыжьым мэкъумэшыщIэ тхьэмыщкIэхэм ятелъа гугъуехьым гу лъимытэу ар блэкIакъым, хуэшхыдащ:

**Мы гъатхэ мыхъумыщIэм,**
**Сымаджэ щIыкIейм,**
**Мыгъэрей мэкъуншэм,**
**Шыншэ къэрэгъулым,**
**Мы удз къэмыкIым,**
**Фыз кIийрейм,**
**ДжэдыкIэ ныкъуэм,**
**Хьэтыкъ ныкъуищым -**
**А къомым сыкъелрэ,**
**Мэлыжьыхьым симыхьу**
**Накъыгъэм сытехьэмэ,**
**ТхьэлъэIушхуэ сщIыжынт...**

Къылъшыкъуэ зэхилъхьа усэхэм ящыщщ «Пушкин», «Серго Орджоникидзе», «Зеикъуэ папщIэкIэ», «Налшык», «Бахъсэн и дыгъэ» зыфIищахэр. 1939 гъэм Сыжажэ Къылъшыкъуэ Москва яшэри «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр кърагащ. Ар и бгъэм къыхилъхьащ Калинин Михаил.

Къылъшыкъуэ фIыуэ къицIыхурт Къалмыкъ БетIал, и ныбжьэгъуфIхэт ПащIэ Бэчмырзэ, Мечиев Кязим, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэри.

ДжэгуакIуэ Iэзэм и къуитху зауэм хэтащ. Абдурэхьмэн и закъуэщ псэууэ къэзыгъэзэжар. Ари, и адэм ещхьу, IуэрыIуэдзт. Адыгэ макъамэхэр фIыуэ илъагъурт, къэфакIуэ ансамблым хэтащ.

ЩОДЖЭН Iэсхьэд Тобий и къуэр (1849 - 1954) джэгуакIуищым я нэхъыжьт, ауэ нэхъыщIафэ тетти, фIыуэ зымыцIыхухэм, Iэнэ ягъэтIысын хуей хъуамэ, жьантIэр къыщыхуамыгъэфащэ щыIэт. Езыр сыт щыгъуи нэжэгужэт, гушыIэрейт, кIуэрыкIуэм усэбзэкIэ къохъурджэуэнут. Къуиблрэ пхъуищрэ иIащ. И щIалэхэу Ибрэхьимрэ Исмелрэ зауэшхуэм хэтащ, Ибрэхьим къигъэзэжакъым.

Iэсхьэд Iэзэу шыкIэпшынэ еуэрт, уэрэди дахэу жиIэрт. ГуащIэдэкIыр фIыуэ илъагъурт.

1914 гъэм Ригэ къалэм къикIыу Кавказым къэкIуа экспедицэм Зеикъуэ щитхыжауэ щытащ Сыжажэм, Щоджэным, Къазийм ягъэзащIэ «Сосрыкъуэ Тотрэш зэребэна» пшыналъэмрэ «Си къэшэн» уэрэдымрэ. Уэрэдыр жызыIэр Щоджэн Iэсхьэдщ. ИужькIэ «Мелодия» фирмэм ахэр зытратха пластинкэ къыдигъэкIащ.

КЪАЗИЙ Мамышэ Исхьэкъ и къуэр (1873 - 1952) Зеикъуэ джэгуакIуищым я нэхъыщIэт, цIыху пэжт, нэжэгужэт, нэмысышхуи зыхэлът. Мамышэ и къуитIри - Алыджыкъуи Хьэзизи - Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ. Алыджыкъуэ и къуэ Сенэ къэфакIуэ ансамблым хэтащ, адыгэ макъамэхэр фIыуэ илъагъурт, спортсмент. Адрей и щIалитIыр - Мухьэзрэ Ахьмэдрэ - егъэджакIуэщ.

Къазийм пшынэ дыкъуакъуэр игъэбзэрабзэт, пхъэцIычми Iэзэу еуэрт, зыхэмызагъэ щымыIэу, IэпщIэлъапщIэт, и Iэпэм дыщэ къыпощ къыхужаIэрт. Гурыхуэт, илъэгъуар и нэгум къыщIэнэрт, зэхихар и гум къинэрт. Гъунэгъухэм яхуэгуапэт, зэрыхузэфIэкIкIэ защIигъакъуэрт.

Унагъуэр игъэпсэун щхьэкIэ, джэгуакIуэ къалэныр и IэщIагъэ нэхъыщхьэу щымытами, къуажэм зы гуфIэгъуи щекIуэкIыртэкъым Мамышэ ирамыгъэблагъэу. Ар нэгъуэщI жылагъуэхэми фIыуэ къыщацIыхурт.

Къазий Мамышэ дунейм ехыжа нэужь, и пшынэ дыкъуакъуэр Ленинград яхьащ икIи а къалэм дэт музейхэм ящыщ зым ноби щахъумэ.

**АБЫТIЭ Хьэжмурат.**


Уэрэдус Жылау Арсен


КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Щоджэн Еленэ


Уэрэдус Iэзэ Согуэ Данил


Нэхущ Чэрим


Уэрэдус Къуэдзокъуэ Зое


Нэгумэ Шорэ и фэеплъыр.

# ГушыIэр зи гъащIэ дамэ Жэмыхъуэ СулътIан

**Жэмыхъуэ СулътIан Мухьэмэд и къуэм (1927 - 1984) и гушыIэхэм щымыгъуазэ Зеикъуэ къыдэшыгъуейщ. Зи нэгур сыт щыгъуи зэлъыIухауэ щыта а лIы екIум уээрыхуэзэу япэу уигу къэкIырт: «Сыту пIэрэ иджы СулътIан къыскIэщIидзэнур?» - жыпIэу. Гуп яхэсмэ, я ныбафэр яIыгъыу псори игъэдыхьэшхырт, яхэмысмэ, и хъыбархэр зэпадзыжу яIуэтэжурэ, зэрыгъэнэжэгужэрт.**

СУЛЪТIАН и гушыIэхэр, ар щалъхуа къуажэм и гъунапкъэм икIри, ди республикэм и адрей жылагъуэхэми щызэлъащIысащ, «Жэмыхъуэ СулътIан жиIат» - жаIэу.

«Си ныбжьэгъухэм садэгушыIэнщ» жиIэу абы ямылей псалъэ е хъуэр гуэр къилъыхъуэртэкъым, атIэ кIуэрыкIуэм къыжьэдэкI дэтхэнэ и зы псалъэми гупсысэ щIэлът, адрейхэм ягу къэмыкI гуэрхэм езым псынщIэу гу лъитэрт.

Жэмыхъуэ СулътIан и гушыIэхэр адыгэбзэкIи урысыбзэкIи зэрыт тхылъ 2004 гъэм къыдэкIащ (хъыбар щитIым щIигъу). УрысыбзэкIэ зэзыдзэкIар Джэдгъэф Аслъэмырзэщ. Тхылъыр дунейм къытехьэным хэлIыфIыхьащ Жэмыхъуэ Хьисэ и къуэ Азрэталий. Абы ихуа хъыбархэр нэхъыбэу зытхыжар АбытIэ Хьэжмурат, Хъупсырджэн Хьэмидбий сымэщ.

Жэмыхъуэ СулътIан и гушыIэхэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ, гукъинэжщ. Нэхъ иужьыIуэкIэ ятхыжахэм ящыщщ мы хъыбар кIэщIхэр.

* * *

### Си ныбжьэгъур иривгъаплъэ

ЩIыхьэху ящIауэ унэ лъабжьэ зэтралъхьэрт. И ныбжьэгъур и гъусэу СулътIан къыщыIухьэм, мывающIэхэм ящыщ зым жиIащ:

- Ириплъэт, СулътIан, мы зэтетлъхьар захуэ хъуауэ пIэрэ?

И гъусэр нэ лъэныкъуэти, Жэмыхъуэр гушыIащ:

- Мы си ныбжьэгъум и нэр щIэукъуэнцIа хьэзырщи, ар иривгъаплъэ.

### Нал бжьэдэлъу гъуэгум щхьэ утетт?

СулътIан машинэм дэсу лэжьапIэм кIуэрт. Гъуэгум тет и цIыхугъэ гуэрым Iэ къищIащ. АрщхьэкIэ ар къыхуэцIыхужатэкъыми, машинэр къигъэувыIакъым - а кърагъэкIыхь пащIэм хуэдэ игъэкIат. ИужькIэ щIалэм къыжриIэжащ къызэрымыувыIар и жагъуэ зэрыхъуар. СулътIан жиIащ:

- Уэлэхьи, щIалэфI, зэхэзещхъуэн усщIамэ. Хэт ищIэнт нал бжьэдэлъу уэ гъуэгум утетыну?

### Псоми йозэгъ

Iэнэм пэрыс гуэр ефэртэкъым, «фадэр къызэзэгъыркъым» жери. Ар щызэхихым, СулътIан абы жриIащ:

- Ар пэжкъым, щIалэ, аркъэм псори и зэхуэдэщ, нэфI-ней ищIыркъым, ар зэмызэгъи щыIэкъым. Уэрауэ къыщIэкIынущ абы емызэгъри, уеззгъынуи ухэмыт - уемыфэ! И гугъу умыщIмэ, абы уи гугъу зэи къищIынукъым...

# Гугъуехьым ипсыхьа Щомахуэ Хьэсэнбий

**Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ лъэпкъым къыдогъуэгурыкIуэ уэрэдымрэ пшыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрей зэманым ди уэрэдми ди къафэ-пшыналъэми захъуэжащ. ШэсыпIэ сихьэфынущ ди къэбэрдей къафэхэм хуэдэ Кавказым ис адрей лъэпкъхэм зэрамыIамкIэ. Уэрэдыр уэрэд зыщIыжыр фащэрщ. Иджы ар зэдмыпэсыжу, ди уэрэдыр нэгъуэщIу тхуэпэну дыхэтщ.**

КОМПОЗИТОРЫМРЭ уэрэдусымрэ зыкъым. Музыкэ щIэныгъэ зимыIэ, ауэ зи псэр ушэр, къыхуэмыгъэувыIэу зыгуэр зыусыр уэрэдусщ. Апхуэдэ IэщIагъэлI нэгъэсауэ щытащ ПащIэ Бэчмырзэрэ («Уэзы Мурат») Къэжэр Индрисрэ («ПыIэ гъуабжэ плъыфэ»). Абыхэм къапоувэ нотэр зымыцIыхуахэу Ахъмэт Щэлэуат («Сэрмакъ»), Уэдыжь Хъусен («ЛатIиф и уэрэд»), Пщынокъуэ БетIал («ПшынэщIыжым и уэрэд») сымэ. Зи цIэ къисIуахэм яхуэдэу уэрэдускIэ уеджэ хъунущ Щомахуэ Хьэсэнбии. Абы и щыхьэту сыкъыщIэувыфынум и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр сызиредактору дунейм къытехьа «Уи гум сыкъэгъэкI» тхылъырщ. Абы уэрэд 20 итщи, дэтхэнэми я псалъэри макъамэри зейр Щомахуэрщ, жыпIэнурамэ, макъамэм хэлъ псэм и псалъэр поджэж! Абыхэм цIыхубэм къамыщтауэ зыри яхэткъым.

Сыту ди насыпт абы музыкэ щIэныгъэ иIамэ?! Ар лъэпкъым и цIыху нэсщ, зы къудамэ дахэ тхьэмпэбэу къыдэжамэ - ар Хьэсэнбийщ.

Тхьэм и фIыщIэкIэ, профессиональнэ композиторхэри диIэщ. Сыт и уасэ Санкт-Петербург дэт консерваторэм и аспирантурэр къэзыуха Къэбэрдокъуэ Мурат хуэдэ уи лъэпкъым къыхэкIыну! IэщIагъэлI нэс хъуа адыгэ щIалэмрэ уэрэдус Щомахуэ Хьэсэнбийрэ лъэпкъ щэнхабзэм, гупсысэкIэм, дуней еплъыкIэм и лъэныкъуитIщ. Мурат иджыпсту сыт хуэдэ цIыхубэ макъамэри ети, дунейм трихьэфынущ, Щомахуэр утыку къихьэу утемыукIытыхьу адыгэ уэрэдыжьхэр хужыIэнущ. Хьэсэнбий адыгэ уэрэдыжь куэд итхыжащ, абыхэм я тхыдэри едж, ахэр зэгъусэу зэрихъумэным яужь итщ. Лъэпкъым зыгуэр епхамэ, абы и уэрэдри и IуэрыIуатэри зэрызэхэщар Хьэсэнбий и псэм пхокI.

И лъэпкъым зы уэрэд нэхъ мыхъуми и Iупэм телъу къыхуигъэнамэ - ар уэрэдусщ. Хьэсэнбий и апхуэдэ уэрэд дапщэу пIэрэ цIыхум зэIэпахыр?! Языныкъуэхэм ар Щомахуэм ейуи ящIэркъым, ауэ, къызэрыхэбдзэу, къыбдежьуун щIадзэ. Ар насыпышхуэщ.

Макъамэм зыгуэр хэсщIыкIыу къызолъытэри, сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, уэрэдыр уэрэд нэс хъун щхьэкIэ зыми емыщхьу къэгъэшыпIэ иIэн хуейщ. Ахэр Хьэсэнбий и уэрэдхэм хэлъщ нэрынэ-нэрынэу хэпхъауэ, зэщIэпщIыпщIэу.

ДжабитI зэхуакум дэс Зеикъуэ дыдэгъэхьи, мы дунейм псэ гуэр къуитамэ, умыусэнкIэ Iэмал имыIэу дахащэщ ар. АтIэми, сымаджэщым ущыкIуэкIэ джабэм ущыдэжым и деж узрихьэлIэ гуэл цIыкIуитIыр гъэщIэгъуэнкъэ? А щIыпIэр куэншыб идзыпIэти, Хьэсэнбий яфIигъэкъабзэри, зыгъэпсэхупIэ ищIащ, зэрыщыту и IэкIэ иухуащ. Мис ар дуней жэнэтщ, дуней жэнэт ухуеймэ. Iэпкълъэпкъ лэжьыгъэри акъыл лэжьыгъэри зыгуэрым зэдихьыфмэ - ар Щомахуэ Хьэсэнбийщ.

Хьэсэнбий хэхауэ пщIэ щIыхуэсщIыр сыт-тIэ? Зы макъамэ цIыкIу зыгуэрым иуцIырхъамэ, утыкум къолъадэри итщ - сэ сыкомпозиторщ, - жери, а псалъэм и купщIэр къыгурымыIуэми. Хьэсэнбий игъащIэм апхуэдэу къыжьэдэкIауэ зэхэсхакъым. Езыр цIыху щыпкъэщ, гъэсащ, адыгэлIщ, псэрылажьэщ. И гъащIэр дахэу, абы и псэр къыдэушэу дунейм тетщи аращ и уэрэдыр уэрэд щIэхъур. Мыр стхын хуейщ, жиIэу тIысхэм ящыщкъым ар, дахагъэ гуэрым егъэпIейтейри и псэр зэрихуэу аращ.

КъыгуэхыпIэ имыIэу ныбжьэгъу пэжщ. Абы и деж сокIуэри, а и жэнэтым сыхэсу псы макъым сыщIодэIу, дунейм и даущым сыходэIухь. Апхуэдэу дыщызэбгъэдэсым и деж и анэм и гугъу куэдрэ зэрищIыр си гуапэщ. Хьэсэнбий сэ схуэдэу фызабэкъуэщ, ауэ кIуэдакъым, гугъуехьым ипсыхьри, цIыху ищIащ, арагъэнщ и псэ дахагъэри къызыпкърыкIыр. Апхуэдэкъуэ зыгъэса анэм сыт хуэдэ уэрэдри хуэфащэщ, «Анэ» жыхуиIэ уэрэдри фIы дыдэу си ныбжьэгъум къехъулIауэ къызолъытэ.

Иухуа щIыпIэ дахэм нэхърэ нэхъ дахэж и дунейм Хьэсэнбийрэ абы и щхьэгъусэ Фузэрэ хапIыкIащ я бынхэри абыхэм я быныжхэри. Дауэ тIысыпIэщ Хьэсэнбий и лъахэр икIи арагъэнщ ар къуршми жьыми щIыщIэдэIуфыр, акъужь щабэу и макъамэхэри щIэгуакIуэр.

Си анэм жиIауэ фIыуэ слъагъу псалъэхэмкIэ сыхуохъуахъуэ: дэрэжэгъуэ, гукъыдэж, гуфIэгъуэ, узыншагъэ. Мис а Iэнэ лъакъуиплIыр Хьэсэнбий сытым дежи иIэну си гуапэщ. Игури и псэри зэта и лъэпкъым иджыри зы уэрэд дахэ нэхъ мыхъуми хуиусыну, гурэ псэкIэ фIыуэ илъагъу и къуэрылъхупхъурылъху цIыкIухэм я гуфIэгъуэ илъагъуну Тхьэм жиIэ.

**ХЬЭIУПЭ ДжэбрэIил,**
*КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист.*

# Нэхущ Чэрим и вагъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм я цIыхубэ, щIыхь зиIэ я артист, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Нэхущ Чэрим и уэрэдхэм куэд дыдэ дахьэх.**

ФIЭЩЩIЫГЪУЕЙЩ 90 гъэхэм къэунэхуа уэрэджыIакIуэм и уэрэдхэр зымыцIыху, ахэр фIыуэ зымылъагъу зы адыги дуней псом тебгъуэтэну. АдыгэбзэкIэ, адыгеибзэкIэ, абазэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, осетиныбзэкIэ уэрэдхэр зыгъэзащIэ Нэхущыр нэхъыжьхэми щIалэгъуалэми ягу нос. Илъэс 25-рэ хъуауэ утыку ит уэрэджыIакIуэм ИлъэсыщIэм, ЦIыхубзхэм я махуэшхуэм ирихьэлIэу ит концертхэм цIыху куэд къезышалIэр абы хэлъ адыгагъэмрэ и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэ мыкIуэщIымрэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Москва и «Крокус-Сити Холл» залышхуэм нэгъабэ концерт ин щитащ, лIэщIыгъуэ плIанэ хъуауэ утыку зэритым и щIыхькIэ. КъыкIэлъыкIуэу, Краснодар, Мейкъуапэ, Налшык, Черкесск, Владикавказ, Тырку Республикэм и Анкара, Къайсэр къалэхэм ехъулIэныгъэ инхэр къыпэкIуэу концертхэр щитащ. Ди щIыналъэм и мызакъуэу, ар щыцIэрыIуэщ адыгэхэр щыпсэу хамэ къэралхэми. Пшыхь гукъинэжхэр абы щригъэкIуэкIащ Сирием, Тыркум, Германием, Израилым, Голландием, Великобританием, нэгъуэщI щIыналъэхэми.

Адыгэ хабзэм, нэмысым щIапIыкIа Чэрим хьэл-щэн дахэ, дуней тетыкIэ екIу дыболъагъу. Аращ абы цIыхухэм пщIэ лей къыщIыхуащIыр. Нэхущым и уэрэдхэм купщIэ ящIэлъщ, адыгэбзэр, хабзэр, нэмысыр, бзэр хъумэным, нэхъыжьым пщIэ хуэщIыным цIыхухэр къыхураджэ, абыхэм едаIуэхэм я псэм дахагъэ, гуапагъэ къыщегъэуш. А псом къыдэкIуэу, Чэрим и творчествэм дихьэх, зи узыншагъэр мыщIагъуэ сымаджэхэм я Iыхьлыхэр къыщелъэIукIэ кIуэурэ я гукъыдэжыр къеIэт. Апхуэдэу и утыку итыкIэр зигу дыхьэ нэхъыжьхэри гулъытэншэ ищIыркъым.

Нэхущым республикэм и макъамэ гъуазджэм хэлъхьэныгъэфI хуищIа, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьа, лъагапIэхэм дэкIуея пэтми, махуэ къэс и зэфIэкIым хигъахъуэ, зэпымыууэ зиужь зэпытщ. Чэрим Адыгэ Республикэм и Улапэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыхущ, Къандур Иззэт и цIэкIэ Иорданием щагъэува дунейпсо саугъэтым и лауреатщ, «Илъэсым и цIыху», нэгъуэщI саугъэтхэри кърагащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа «Илъэсым и уэрэд» фестивалым «УэрэджыIакIуэ нэхъыфI» цIэр къыщыхуагъэфэщащ. И уэрэдхэр щызэхуэхьэса альбом зыбжанэ зэкIэлъыкIуэу къыдэкIащ.

«Звезды Северного Кавказа», «Рекламный калейдоскоп» журналхэр, «RONDE» сабий журналыр къыдэзыгъэкI «Амадеус» рекламэ агентствэм и унафэщI Къудей Фаридэ нэгъабэ къыдигъэкIащ «Черим: «Дарю добро» зыфIища тхылъыр. Ар тыркубзэкIэ иджыблагъэ Истамбыл дунейм къыщытехьащ.

Тхылъым къыхощ Нэхущым и сабиигъуэр лъагъуныгъэкIэ гъэнщIауэ зэрыщытар, ар макъамэм зэрыхуеджар, и адэ-анэм хабзэм, нэмысым зэрыщIапIыкIар, нэгъуэщIхэри. Чэрим и япэ егъэджакIуэ КIэм Людмилэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и ректор Рахаев Анатолэ, и ныбжьэгъухэу, и лэжьэгъу артистхэу Гумэ Маринэ, Хьэрэдурэ Динэ, Сокъур Ольгэ, Даур Иринэ, Аслъэн Iэсият, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Хъыжьрокъуэ СулътIан, Газаев Алим, Хьэцей Тимур, Бабыгуей Ларисэ, Нэхущым и творчествэр фIыуэ зылъагъу сурэтыщIхэм, егъэджакIуэхэм артистым теухуауэ жаIахэр тхылъым и напэкIуэцIхэм щызэкIэлъыхьащ. КъыдэкIыгъуэм хагъэхьащ Чэрим и унагъуэ архивым щыщу и адэ-анэм, и щхьэгъусэ Лианэрэ я бынхэу Ассанэ, Мурат, Салинэ, и лэжьэгъу, и ныбжьэгъу Лосэн Тимур, Сокъур Ольгэ, Гумэ Маринэ, и концертым кърихьэлIахэм я гъусэу траха сурэтхэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Утыкум къыхуигъэщIа Хъупсырджэн Албэч

**Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, илъэс 25-м щIигъуауэ Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ, «Бжьамий» ансамблым хэта, ди республикэм и мызакъуэу, щIыпIэ куэдым къыщацIыху Хъупсырджэн Албэч и макъыр зэ зэхэпхамэ, ар утыкум къыхуимыгъэщIауэ пхужыIэнукъым.**

АЛБЭЧ зэрымыщIэкIэ къыхихакъым IэщIагъэ хуэхъуар, атлетикэ хьэлъэми, волейболми, футболми дахьэхырти, языхэзми фIыуэ хэзэгъэнут, ауэ духовой оркестрым хэту зызыгъэса щIалэм уэрэд жыIэныр и псэм нэхъ къищтащ.

Зэчий зыбгъэдэлъ цIыху лэжьакIуэм Iуэху дэпщIэну, сценэм удитыну сытым дежи тыншщ. Апхуэдэ щапхъэу Налшык дэт Музыкэ театрым щыIэ артистхэм къалъытэ Албэч, апхуэдэ пщIэр абы къилэжьащ и гуащIэмрэ и цIыху хэтыкIэ екIумкIэ. Ар оперэ, опереттэ, макъамэ спектакль куэдым хэтащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Не прячь улыбку», «Травиата», «Риголетто», «Сильва», «Горянка», «Къамботрэ Лацэрэ» оперэхэр, «Летучая мышь», «Цыганский барон» опереттэхэр, нэгъуэщIхэри.

Хъупсырджэным тещIыхьауэ Музыкэ театрым спектакль щигъэуви щыIэщ, баритону театрым иIэр Албэч и закъуэщи.

Зеикъуэ къуажэм щыщ щIалэм дагъуэншэу къохъулIэ адыгэ уэрэдхэри. Ар зыхэта «Бжьамий» ансамблым и гъусэу къэрал Iэджэм концертхэр щату къыщакIухьащ.

Сыт хуэдизу уи IэщIагъэм фIыуэ хыумыщIыкIми, уи дуней тетыкIэр цIыхухэм я гум дэмыхьэмэ, фIыуэ къыпхущытыну, пщIэ къыпхуащIыну ущIыщыгугъын щыIэкъым. Албэч цIыхухэм фIыуэ къызэралъагъум наIуэ къещI абы хабзэ, нэмыс зэрыхэлъыр, цIыху хэтыкIэ зэрищIэр.

**ИСТЭПАН Залинэ.**


Сыту дахащэ ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм и Iэшэлъашэхэр!


Зеикъуэ. Къэзанокъуэ Жэбагъы и фэеплъым деж.


Пшынауэ Iэзэ БжьыхьэлI Аулинэ


Пшынауэ Iэзэ, уэрэдус Лосэн Тимур


Хъупсырджэн Албэч





# ФIыгъуэ псори хьилмырщ къызыхэкIыр


Уэзщ1акIуэ Куп Исмел


Шэфий Хьэчим


Жылау Нурбий


Жэмыхъуэ Хъусен


Шурдым Хьэпагуэ


АбытIэ Хьэжмурат


Шурдым Нажмудин


Химие щIэныгъэхэм я кандидат Шурдым Эльмирэ


ЕгъэджакIуэ Щоджэн Лидэ


ГъэсакIуэ Iэзэ Токъмакъ Зое

## Нуру допсэ

**Къурlэн унагъуэ-унагъуэкIэрэ езыгъаджэхэр щыIами, япэ еджапIэр къуажэм къыщыщызэIуахар 1916 гъэрщ. Абы и унэр зыщIар Куп Исмел Псыхуабэ кърикIа IэщIагъэлI Силяев Николайщ. Школыр ухуэнымкIэ жэрдэмщIакIуэу щытащ къуажэпщ ХьэтIохъущокъуэ Алджэрий. 1920 гъэм и пэщIэдзэм а еджапIэ-мыдрисэм щIэсащ цIыху 38-рэ, а гъэ дыдэм и кIэм еджакIуэхэм я бжыгъэр 47-м нэсащ. Ахэр ирагъаджэрт (адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, хьэрыпыбзэкIи) Куп Исмел, Слободинская Марие, Лlуп Назир, Елмэс МатIу сымэ. Къуажэм къыдэкIа япэ унафэщIхэм а еджапIэр къаухащ.**

**Пэжщ, тыншакъым а зэманым уеджэныр: зэреджэ тхылъхэр яIэтэкъым, зэрытхэ Iэмэпсымэхэр ягъуэтыртэкъым, пэшхэр яхурикъуртэкъым.**

ЕДЖЭНУ хуейхэр нэхъыбэ щыхъум, зылъэкIхэм яIыгъа псэуалъэхэм нэгъуэщI еджапIэхэри къыщызэIуахащ. Къапщтэмэ, 1926 гъэм Зеикъуэ щылэжьащ пэщIэдзэ школитI, сабии 108-рэ щеджэу. ЕгъэджакIуэхэм я бжыгъэми хэхъуэрт. 1929 гъэм къуажэм егъэджакIуи 7 фIэкIа дэмысамэ, 1938 гъэм ахэр 30-м нэсащ.

ЕгъэджакIуэхэм яхэтт нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIахэри. Абыхэм ящыщащ РСФСР-м и школым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэхэу **Литовчиковэ М. Ф.**, **Калаушин И. С.**, **Пополид Д. П.**, **Ремизовэ З. Г.**, **Сирченкэ Т. В.**, нэгъуэщIхэри. Хэку зауэшхуэр къэхъеиным и пэ къиухуэу щIэблэр егъэджэным, гъэсэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкIащ **Шэфий Абдурэхьим**, **Шэрхъхэ Къэралбий**, **Мухьэдин**, **БетIал**, **Щоджэнхэ Бжьохъан**, **Назир**, **Куп Мусэ**, **Iэпщэ Азрэт**, **БжьыхьэлIхэ Мысост**, **Къэрэжан**, **Шыд Ибрэхьим**, **Токъмакъхэ Хьэжумар**, **Хьидэ**, **ХьэцIыкIу Ибрэхьим**, **ХьэвцIыкIу Исрэ-Iил**, **Къущхьэ Бжьо** сымэ. Япэ пионервожатэу щытащ **Бгъэжьнокъуэ Аслъэнбий**. Ар 1941 гъэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ, Брест зыхъумахэм яхэтащ.

1934 гъэм ХьэтIохъущокъуэпщым и унэр илъэсибл еджапIэ ящIащ, 1938 - 1939 гъэ еджэгъуэм ар курыт школ хъуащ. 1941 гъэм еджапIэр къаухащ цIыху 18-м.

1929 гъэм Зеикъуэ тхэкIэ, еджэкIэ ямыщIэу цIыху минитIым нэблагъэ дэсамэ, 30 гъэхэм я кIэм а бжыгъэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Зеикъуэдэсхэм щIэныгъэм зэрызратам щыгуфIыкIыу, ди усакIуэшхуэ ЩоджэнцIыкIу Алий 1933 гъэм итхыгъащ «Си махуитI гъащIэ» усэр.

### ХэптыкIыр хэщIыркъым

КУП ИСМЕЛ Гъулэ и къуэр (1861 - 1934) мыдрисэм щеджащ. ИтIанэ Каир аль-Азхар университетыр къыщиухащ. Абы и ужькIэ Лашынкъей, Тыжьей къуажэхэм ефэндыуэ щылэжьащ.

Купым и фIыгъэкIэ 1916 гъэм Зеикъуэ къыщызэIуахащ мыдрисэ. Хьэрып Iэлыфбейр къигъэсэбэпурэ, Исмел цIыкIухэм адыгэбзэр иригъэджырт, КъурIэнри яригъащIэрт.

Езы Исмел ирипсалъэрт хьэрыпыбзэм, урысыбзэм, тыркубзэм, азербайджаныбзэм, балъкъэрыбзэм.

Купым фIыуэ хищIыкIырт математикэм, астрономием, биологием, географием, тхыдэм, логикэм, бзэхэм, IуэрыIуатэр зэхуихьэсырт, усэ, рассказ итхырт, и махуэрытхым къыщигъэлъэгъуэжырт къэхъукъащIэхэр, къуажэ хъыбархэр. Бахъшысэрей щытрадзэ «Терджиман» газетыр, «Наука и религия» журналыр къыIэрыхьэрт Куп Исмел.

Абы къыфIащат «къуажэм зи дзыхь ирагъэз цIыху» цIэр. Шэрихьэт судым и унафэщIу лэжьащ, къуажэ Советым хахащ, Тэрч лъэпкъхэм я ЕтIуанэ съездым и лIыкIуэу къагъэлъэгъуащ. Налшык куей советхэм я ещанэ съездым хэтащ. Илъэс зыбжанэкIэ Бахъсэн куей судым и щыхьэту (заседателу) щытащ.

1920 гъэм бадзэуэгъуэм ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ къуажэцIэр хъуэжын хуейуэ къыщагъэувам «Зеикъуэ» цIэр япэу къыхэзылъхьахэм ящыщщ Купыр.

Абы и кIуэгъужэгъухэт Дым Iэдэм, Цагъуэ Нурий, Къатхъэн Назир, ЩоджэнцIыкIу Алий сымэ, нэгъуэщIхэри.

Агрохимием и Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ, Куп Исмел къуажэм щыхамысэ къэкIыгъэхэр и хадэм къыщигъэкIырт, гъэунэхуныгъэхэр иригъэкIуэкIырт.

Исмел «Гъуазэ» газетым традзэну Истамбыл иригъэхьауэ щытащ «Адыгэ жьыуэ» зыфIища и усэр (1913 гъэрщ щитхар), арщхьэкIэ а газетыр зэхуащIыжри, усэр къызытрадзар «Адыгэ макъырщ». Ар газетым зэрытета дыдэм хуэдэу къыдохь:

**Мы пагэныгъэр сытым къыхэкI!**
**ДыкъызыхэкIар сыт гъэщIэгъуэн?**
**Дэ ди нэр маплъэ,**
**Дэ ди лъэр макIуэ,**
**ДызэрыкIуэным сыт и нэхъыфI,**
**ДыкъызыхэкIар сыт гъэщIэгъуэн!**
**Къафкъаз щIыналъэм**
**дэ дыкъыщалъху,**
**Ди къэлъхуныгъэм сытхэр и фIыгъэ?**
**ФIыгъуэшхуэ псори хьилмым къыхокI,**
**ДыкъызыхэкIар сыт гъэщIэгъуэн!**
**Мы щIыналъэшхуэм дэ дрибынкъэ!**
**ЗылI и бын хуэдэу дэ дыунэнкъэ!**
**ПсэукIэ дахэр хьилмым къыхокI,**
**ДыкъызыхэкIар сыт гъэщIэгъуэн!**
**Хьилмыншэ цIыхум сытыр и махуэ?**
**Махуэшхуэ махуэм сытхэр и псалъэ?**
**Псалъэм и дахэр хьилмым къыхокI,**
**ДыкъызыхэкIар сыт гъэщIэгъуэн!**
**Ди щIалэ къалъхухэр**
**къалъхум я лъапIэщ,**
**ЛъапIэгъуэ зиIэр IэщIагъэ дахэщ,**
**IэщIагъэ дахэр хьилмым къыхокI,**
**ДыкъызыхэкIар сыт гъэщIэгъуэн!**
**IэщIагъэ дахэр дэркIэ хьэрэмкъым,**
**Хьэрэм зыхэлъыр дэркIэ хьэлэлкъым.**
**Хьэрэм-хьэлэлхэр хьилмым къыхокI,**
**ДыкъызыхэкIар сыт гъэщIэгъуэн!**
**Мы дунеишхуэм сыт тетхыжыну?**
**Мы дунеишхуэм сыт къэдгъэнэну?**
**Къэнэну псоми хьилмыр нэхъыфIщ,**
**ФIыгъуэшхуэ псори хьилмым къыхокI,**
**ДыкъызыхэкIар сыт гъэщIэгъуэн!**

**Шэрхъ Къэралбий Мэрем и къуэр** (1895 - 1991) япэ къуажэ егъэджакIуэхэм ящыщщ. ЩIалэ гурыхуэм Куп Исмел деж щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ, абы ипхъу Нури щхьэгъусэ ищIащ. ИужькIэ егъэджакIуэ курсхэр къиухыжащ.

ЩIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным, еджапIэхэр къызэIухыным, щIэблэр гъэсэным илъэс куэдкIэ къаруушхуэ тригъэкIуэдащ Къэралбий. 1926 гъэм къуажапщэм къыщызэIуаха пэщIэдзэ еджапIэр езыгъэщIахэм ар яхэтащ икIи абы щылэжьащ.

И IэщIагъэм зэрыхуэIэижьыр, псэукIэщIэм жыджэру зэрытелажьэр къалъытэри, 1940 гъэм кърatащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъ.

Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Шэрхъыр Сталинград деж бийр щызэтезыкъутахэм яхэтащ. Я адэм и IэщIагъэр **и къуэхэу Мухьэмэд**, **Хьэмидбий**, **ипхъухэу ФатIимэтрэ Таужанрэ** къыхахащ. **Хьэмидбий КъБКъУ-м и доцентщ**, **абы и къуэ Заури** ди университетым щрегъаджэ, биологие щIэныгъэхэм я кандидатщ. **Мухьэмэд ипхъу Хьэлимэти егъэджакIуэщ**.

**Шэфий Абдурэхьим Мысхьуд и къуэр** (1895 - 1944) илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ щапхъэ зытрах пэщIэдзэ школым. ЕгъэджакIуэ емышым сабийхэр къыдихьэхырт, еджэным тригъэгушхуэрт. Ар зэи и къалэнхэм теплъэкъукIыртэкъым, ныбжьыщIэхэм хьэл-щэныфI зэрызыхалъхьэным сыт щыгъуи иужь итт, ахэр адыгэ хабзэм, нэмысым щIигъэджыкIырт.

Шэфий Абдурэхьим и цIыхугъэфIт ЩоджэнцIыкIу Алий. УсакIуэшхуэр Бахъсэн районым инспектору щыщылэжьам Шэфийм хуэзэу щытащ, и лэжьыгъэфIхэр зригъэлъагъуну. А тIур унагъуэкIи зэкIэлъыкIуэрт, Зеикъуэ теухуа «Си махуитI гъащIэ» усэр япэу зригъэлъэгъуар и ныбжьэгъу егъэджакIуэрт. А усэр Алий итхат школым ищхьэкIэ джабэм кIэрылъа мывэшхуэм и лъабжьэм щIэсу, «Алий и мывэкIэщ» абы зэреджэр.

И хэкур ихъумэжу, Шэфий Абдурэхьим Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ 1944 гъэм. Я адэм иригъэжьа Iуэхуфlхэм къыпащащ **и къуэхэу Хьэчим**, **Хьэсэн**, **Нажмудин** сымэ.

**Шэфий Хьэчим Абдурэхьим и къуэр** (1920 - 1998) пщIэшхуэ зиIэ цIыху гуащIафIэу дунейм тетащ. ЕгъэджакIуэущ и гъащIэ гъуэгуанэр къызэрыщIидзар, егъэджакIуэущ зэриухыжари. И япэ дерсхэр щитар 1940 гъэрщ, Дыгулыбгъуей школым щылажьэу.

Хэку зауэшхуэр иухыху лIыгъэ къигъэлъагъуэу хэтащ. Офицер хахуэм кърatащ Хэку зауэм и орденитI, «И хахуагъэм папщIэ» медалыр, нэгъуэщI дамыгъэхэри.

Зауэ нэужьым Iуащхьэмахуэ районым и унафэщIу, егъэджакIуэу, Зеикъуэ курыт школым и директору лэжьащ. 1961 гъэм «КъБАССР-м и школым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

1965 гъэм ди республикэм щекIуэкIа математикэ олимпиадэм Шэфийм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ (япэр зыми хуагъэфэщакъым).

Хьэчим есэпымкIэ егъэджакIуэ Iэзэу щыта къудейм къыщымынэу, абы цIыхугъэшхуэ хэлът, къуажэдэсхэм пщIэ ин къыхуащIырт. Щылэжьа школым Шэфий Хьэчим и цIэр зэрехьэ иджы.

**Шэфий Нажмудин Абдурэхьим и къуэр** щIэныгъэм и гур хуэпабгъэу къэтэджащ. Ломоносовым и цIэр зезыхьэ университетыр къиуха нэужь, КъБКъУ-м къигъэзэжри, абы ассистенту, егъэджакIуэу щылэжьащ. Тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидатт. Доктор диссертацэри и кIэм нигъэблэгъат, ауэ хунэсакъым ар къыдихыну.

Шэфий Нажмудин цIыху хьэлэлт, ныбжьэгъу и куэдт, щIэныгъэфIи бгъэдэлът. Ар нэхъыбэу дэзыхьэхыр археологиерт. Ноби и пщIэр кIуэдакъым Шэфийм 1968 гъэм къыдигъэкIа «Къэбэрдейхэм я тхыдэмрэ хабзэмрэ курыт лIэщIыгъуэхэм» тхылъым.

**Гъубжокъуэ ЛутIэ Мурат и пхъур** (1915 - 1996) щIэблэр егъэджэным, гъэсэным илъэс куэдкIэ бгъэдэтащ. Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIум щIэсащ. 1931 гъэм Псыхуабэ къыщиухащ ФЗС-р (фабрично-заводской семилеткэ), Хэку зауэшхуэр къыщыхъея гъэм Налшык педучилищэр.

Къэсейхьэблэ къуажэм щIалэ дыдэу лэжьэн щыщIидзащ, пэщIэдзэ классхэм щригъаджэу. Зи IэщIагъэр фIы дыдэу зылъагъу хъыджэбз гумызагъэр и Iэнатэм хьэлэлу бгъэдэтт, сабийхэр нэхъыфIу зэрыригъэджэн Iэмалыщlэхэр зэпымыууэ къилъыхъуэрт. 1957 гъэм абы къыфIащащ «РСФСР-м и школым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр. РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъ, «И гуащIэдэкI лэжьыгъэм папщIэ» медалыр кърatащ.

**ЛутIэ ипхъу Жэмыхъуэ Розэ** РСФСР-м щIэныгъэмкIэ и отличникщ, пэщIэдзэ классхэм илъэс куэдкIэ щригъэджащ. Абы и щхьэгъусэу щыта Жэмыхъуэ Мухьэмэд Розэ щылэжьа курыт школым и директорaщ.

**ЛутIэ и къуэ Руслан** егъэджакIуэу щытащ, и нысэ **СэIимэт** курыт школ №1-м щолажьэ, егъэджакIуэ нэхъыфIхэм хабжэу.

Хэку зауэшхуэм ипэ илъэсхэм егъэджакIуэу лэжьахэщ **ХьэцIыкIу Ибрэхьим**, **Шурдым Хьэпагуэ**, **Шыд Ибрэхьим**, **Токъмакъхьэ Хьэжумаррэ Хьидэрэ**, **Лосэн Мущтэфар**, **ХьэвцIыкIу ИсрэIил**, **Iэпщэ Азрэт**, **БжьыхьэлI Мысост** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зауэ нэужьым ныбжьыщIэхэр егъэджэным, гъэсэным бгъэдэтахэщ **Шэрхъ БетIал**, **Щомахуэхэ Мыхьмуд**, **Абдурэхьим**, **Лъостэн**, **Къумыкъу Лъостэнащ**, **Шыдхэ Мухьэз**, **Нухь**, **Ует Чылахъстэн**, **Бетыгъуэн Сэлим**, **Шурдым Залым**, **Шорэ Хужь**, **Щоджэн Менлы** сымэ, нэгъуэщIхэри.

**Къуэдзокъуэ Дэнял Щыхьымджэрий и къуэр** (1926 - 1952) зэрыпсэуар илъэс 26-рэщ. ЗэрыжаIэу, зэфэну псыр къэжатэкъым дунейм щехыжам. ГъащIэм куэдкIэ щыгугъырти, и мурадхэр инт, зызрипщытахэр Iуэху щхьэпэти, псэхугъуэ имыщIэу лажьэрт, нобэ зэфIимыгъэкIамкIэ пщэдейрей махуэм щымыгугъыу.

Бахъсэн ГЭС-р зэфIэзыгъэувэжахэм ар яхэтащ, «ГуащIэдэкIым и ударник» цIэри къыфIащащ. 1946 гъэм щIидзэри псэуху адыгэбзэмрэ литературэмрэ школым щригъэджащ. ЛУГ-р къиухащ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутми щеджащ.

Штатым хэмыт япэ корреспондентхэм ящыщт, и тхыгъэхэр радиокIэ къатырт, газетхэм къытехуэрт. Ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ 1951 гъэм Радиом и махуэм и щIыхькIэ Къуэдзокъуэ Дэнял кърatащ ЩIыхь тхылъ.

Къуэдзокъуэр егъэджакIуэ Iэзэм къыщымынэу, тхэн Iуэхуми хуабжьу дихьэхырт. И усэхэр учебникхэм, «Къэбэрдей» альманахым къытрадзэрт, Iэрытхыу абы къыщIэнащ усищэм щIигъу, Iыхьищу зэхэт, напэкIуэцI куэд хъу «ЦIыхугъэ щэнкIэ псыхьа», «ДэIэпыкъуэгъу лIыхъужь» поэмэхэр. Апхуэдэу Дэнял зэхуихьэсыжащ псалъэжь, псалъэ шэрыуэ куэд, Хъуэжэ и таурыхъхэр, адыгэ хъыбархэр.

**Куп Абдулчэрим КIэмац и къуэр** Исмел хьэжым и къуэрылъхущ. 1951 гъэм Къэбэрдей къэрал пединститутыр, илъэс 20 дэкIри, КПСС-м и ЦК-м и парт школ нэхъыщхьэр къиухащ.

Зеикъуэ курыт школым физикэр, математикэр щригъэджащ. Iуащхьэмахуэ районым и унафэщIу, Къызбрун Езанэ школ- интернатым и директору лэжьащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ КПСС-м и Тырныауз къалэ комитетым и 2-нэ секретару, къалэ исполкомым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ.

Купыр лэжьащ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и инструктору, туризмэмкIэ областной Советым и тхьэмадэм и къуэдзэу, ВОИР-м и инженер нэхъыжьу, Налшык дэт курыт школ №9-м и егъэджакIуэу. Мызэ-мытIэу хахащ къуажэ, къалэ, район Советхэм я депутату.

Куп Абдулчэрим и лэжьыгъэфIым папщIэ къыхуагъэфэщащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъхэр, медаль зыбжанэ.

**Жылау Нурбий Хьудин и къуэр** (1931 - 2004) ди республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщацIыху егъэджакIуэ, гъэсакIуэ Iэзэт, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэт. Ар УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я союзхэм хэтащ, тхыгъэ щхьэпэ куэд и Iэдакъэм къыщIэкIащ, тхылъипщI къыдигъэкIащ, абыхэм яхэтащ егъэджакIуэхэр зэрыгъуазэхэр, псалъэм папщIэ, «Адыгэ хабзэмкIэ дерсхэр», нэгъуэщIхэри.

И гъащIэм и нэхъыбапIэр Жылаум пищIащ егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ IэщIагъэм. ЕгъэджакIуэу, директорым и къуэдзэу лэжьащ, ауэ зы махуи зэпигъэуакъым и жылагъуэ Iуэхухэр.

1964 гъэм и унеи библиотекэр Жылаум къуажэм хуит яхуищIащ, 1967 гъэм къуажэ музей къызэригъэпэщащ. Бахъсэн къалэм къыщызэIуихащ район, лъэпкъ музей, абы и унафэщIуи лэжьащ.

Зеикъуэдэсхэм ящыщу Нурбийщ япэу иужь ихьар и къуажэгъухэу Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я цIэ-унэцIэхэр зэхуэхьэсыжыным. А къалэн мытыншыр и кIэм нигъэсыху ар етIысэхакъым. Жылаур куэдрэ елэжьащ къуажэм и тхыдэр зэхуэхьэсыжыным икIи ар къехъулIащ. АбытIэ Хьэжмурат и гъусэу къыдигъэкIащ «Зеикъуэ: дыгъуасэрэ нобэрэ» тхылъыр.

Жылау Нурбий категорие нэхъыщхьэ зиIэ егъэджакIуэт, щIэныгъэ IуэхухэмкIэ РСФСР-м и отличникт, медаль, дамыгъэ зыбжанэ, щIыхь тхылъ пщIы бжыгъэхэр къыхуагъэфэщащ.

НыбжьыщIэхэм щIэныгъэфI егъэгъуэтыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщщ «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэр зыфIащахэу **Къаскъул Iэбубэчыр Хьэпагуэ и къуэр**, **Шурдым Нажмудин Хьэпагуэ и къуэр**, **ЛIизэм Луизэ Мэжид и пхъур**, щIэныгъэ IуэхухэмкIэ отличникхэу **Мэршэнкъул Хьэсэнбий**, **Щауэ Ждин**, **Ует Аслъэнбий**, **Къуныжь Зое**, **Шэфий Лейлэ**, **Сэбаншы Хъулимэт**, **Шыгъушэ Хьэбас**, апхуэдэу **Къуэдзокъуэ Хьэсэн**, **Шыгъушэ Алий**, **Щоджэн Iэмралий**, **Къазий Ахьмэд**, **Къуэдзокъуэ Аслъэнбий** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зеикъуэ курыт щIэныгъэ щызрагъэгъуэт еджапIиплI дэтщ. Абыхэм щоджэ сабий 1500-м нэс. ЕгъэджакIуэхэм я бжыгъэр 180-м щIегъу. Абыхэм я нэхъыбапIэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ.

Къуажэм дэтщ интернат, цIыхуи 160-м щIигъу щрагъаджэу. Илъэс куэдкIэ абы и унафэщIу лэжьащ **Дэгу Чэрим**. ЕгъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм я бжыгъэр 67-рэ мэхъу. Зи цIэ фIыкIэ ираIуэхэм ящыщщ **ТхьэлI Марие**, **Настуевэ Валентинэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къуажэ сабий садым илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта **Токъмакъ Зое МэчрэIил и пхъум** кърatащ «И лэжьыгъэфIым папщIэ» медалыр. Ар щIэныгъэ IуэхухэмкIэ СССР-ми РСФСР-ми я отличникщ. Зое и IуэхущIафэхэм нобэ къыпащэ **Щоджэн Марузрэ** абы и лэжьэгъухэмрэ. Сабий садым щаIыгъщ цIыкIуи 120-рэ, гъэсакIуэ 13, егъэджакIуитI щолажьэ.

**ГЪУКIАКЪУЭ Идар.**

**ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий**

## Си махуитI гъащIэ

**Дыгъуасэ махуэхэм я пшагъуэр**
**Зеикъуэ нуркIэрэ исащ.**
**ЩIэныгъэ нэхур щыдэпсэм**
**ПсэукIэ дахэр лыдащ.**

**Пщэдджыжь дыгъэр мыушу**
**ЕджакIуэ цIыкIухэр мэхъей,**
**Уэрам-уэрамхэр ныбжьыщIэм**
**Дэнэ лъэныкъуэкIи ясей.**

**Пщэдей лъэхъэнэм и дыгъэу**
**Мис а вагъуэплъхэр сэ си псэщ,**
**Псом хуэмыдэжу Зеикъуэм**
**Къыта гуфIэгъуэхэр сэ си нэщ.**

**Си махуитI гъащIэр Зеикъуэм**
**Сыхьэт хуэдизу щыкIуащ,**
**ЕджапIэ инхэм гуфIэгъуэу**
**Сэ къызатахэр лъагащ.**

**Псори еджэныр Зеикъуэм**
**Дэгъуэу пхыкIауэ щолъагэ,**
**Бгыжьхэм я лъапэм зыбжанэу**
**ЕджапIэ дахэхэр щолыдхэ.**




*Сурэтхэр Iэхъуэбэч ХьэзрэIил трихащ.*


Щомахуэ Къэралбий


Шурдым Хьэжмурат


Шыд Хъусен


Бгъэжьнокъуэ Хьэчим


ЖэпIу Абдурэхьым


Лосэн Аулбий


Щоджэн Исуф


Сыжажэ Валерэ


ХьэфIыцIэ Мухьэмэд


Мэджыхь Эдуард


Щоджэн Аслъэнбий


Къардэн Ахьмэд


Соблыр Андемыркъан


Шэрхъ Хьэнифэ

# БлэкIам и цIыху щэджащэхэр

**КЪЭЗАНОКЪУЭ Жэбагъы (1686 - 1750)** адыгэ лъэпкъым къыхэкIа цIыху щэджащэу, узэщIакIуэу, хэкулIу, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу щытащ. И сабиигъуэр щыкIуар Бахъсэн псым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ Сэхубг лъапэ теса, ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм щыщ Хьэмгъурокъуей хьэблэрщ.

ЗэрыжаIэмкIэ, Къэзанокъуэр Къырымым щеджащ, Тыркум, хьэрып хэкухэм щыIащ, Къэбэрдейм и пщы уэлий Къетыкъуэ Аслъэнбэч и чэнджэщэгъуу щытащ. ЯпэкIэ жыжьэ плъэфырт Къэзанокъуэр, дипломат Iэзэт, Урысейм адыгэхэр быдэу пыщIэным и телъхьэт. 1722 гъэм и дыгъэгъазэм Къэзанокъуэр Къетыкъуэ Аслъэнбэч щIыгъуу Астрахань Пётр Езанэм щыхуэзащ икIи адыгэхэм я Iуэхум теухуауэ щызэпсэлъащ.

XVIII лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм Тыркум, Къырымым къикIа лIыкIуэхэр Къетыкъуэм къеупщIащ адыгэхэм урысхэм я лъэныкъуэ защIыну щIыхэтымкIэ. Пщыр Жэбагъы къечэнджэщащ. Адыгэхэм я Iуэху еплъыкIэр зригъэщIа нэужь, Къэзанокъуэм жиIащ: «... сызэупщIа псоми зы жэуапщ къызатыжар: «Сыт дэ благъэ жыжьэ къыщIэтлъыхъуэнур, ди гъунэгъуу псэу къуэш жумартыр икIи лъэщыр къэдгъанэу...»

Акъылышхуэ зэриIэм, лъэпкъым и хабзэхэр, ар зыщIэхъуэпсыр фIыуэ зэрищIэм и щыхьэтт абы цIыхубэр мамыру, я кум ныбжьэгъугъэ быдэ дэлъу зэрызэдэпсэуным къыхуриджэу зэрыщытар.

Къэзанокъуэм къызэринэкIащ хъыбар, псалъэ шэрыуэ куэд. Ноби ахэр къогъуэгурыкIуэ «Жэбагъы жиIат» жаIэу. Абы и псэлъафэхэщ: «Бэм жаIэр пэжщ», «Губзыгъэу ущытыну ухуеймэ, чэнджащэ», «Бийм уи щIыб хуумыгъазэ», «Зэманым декIур лIыфIщ», нэгъуэщIхэри. Iуащхьэмахуэ лъапэ кIуэ къэрал гъуэгум и гъунэгъуу, Зеикъуэ къуажапщэм щагъэуващ Къэзанокъуэ Жэбагъы и фэеплъ дахэ, и гупэр цIыху телъыджэр щыпсэуа щIыпIэм хуэгъэзауэ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Лиуан**, зэраIуэтэжымкIэ, тхьэгурымагъуэу, къэхъуну-къэщIэнухэр ищIэу щытащ. Ауэ абы тхыгъэ гуэри къыщIэнакъым, дэфтэр иригъэтхауэ жыхуаIэри лъэужьыншэу кIуэдащ.

ЗэрыхуэдгъэфащэмкIэ, ар щыпсэуар XVII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ.

Къэхъунур зыщIэ Лиуан зыпхигъэIукIырт мыпхуэдэ псалъэхэр: «Дунейм и къутэжыгъуэм хьэмрэ джэдумрэ зэдэджэгуу плъагъунущ, зы анэм къилъхуа зэкъуэшитIыр зэзэуэжынущ», «Бахъсэни Шэджэм псыхъуи дэлъ мывэхэр, пшахъуэхэр къыдашурэ унэ ящIынущ», «Выи шыи щIэмыщIауэ, шэрхъиплI щIэту, езырезыру къэзыжыхь гу къежьэнущ», «Бгъэм хуэдэу лъатэу цIыхухэм гу ящIынущ», «ХьэрэкхъуэрэкIэрылъ мывэхэр хьэлыуэ IупщIэм хуэдэу зэпаупщIу къэхъунущ зэман», нэгъуэщIхэри.

Лиуан и псалъэхэм щIагъыбзэ ящIэлъщ. Абы и щхьэусыгъуэр къэкIуэнур щхьэтечу, IупщI дыдэу а зэманым жыпIэ зэрымыхъурт. Псалъэм папщIэ, Лиуан жиIэгъащ: «Лъахъстэн вакъэмрэ гуэншэрыкъымрэ зэзэуэнущ». Лиуан жиIэгъащ: «Ищхъэрэ лъэныкъуэм и тафэ щIыпIэхэм къикIынурэ Къэбэрдейм зы лъэпкъ къэкIуэнущ. Хьэуазэм ещхьу я щхьэцыр сырыхуфэу, накъэу, я нэхэр уафэр щыкъабзэм ещхьу щытынущ... Урысхэр ди гъусэу ди щIыгум щыпсэунущ, ди фызхэм кхъузанэ хьэху зэIахынущ. Фымыбгынэ ди щIыр, Бахъсэн псыхъуэ, урысхэр...»

## Зи лIыгъэкIэ цIэрыIуэ

**ДЖЭТАУ Уэлий Былымгъуэт и къуэр (1872 - 1923)** лIыгъэшхуэ зыхэлъа, фIэлIыкI зиIэ цIыху ахъырзэману дунейм тетащ. 1904 гъэм щIэлъэIури, ар урыс-япон зауэм кIуащ, Къэбэрдей шууищэм яхэту, шыщхьэмыгъазэуи бийм пэщIэтащ. Дыгъэгъазэм и 12-м 1904 гъэм уIэгъэ хьэлъэ хъуа Елдар Мухьэмэт зэуапIэм къызэрыIуихам папщIэ Джэтаум къратащ 4-нэ нагъыщэ зиIэ зауэ орденым и дамыгъэр. Абы иужькIэ къигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ аргуэру Уэлий къыхуагъэфэщащ милицэм и юнкер цIэр. Бадзэуэгъуэм и 2-м 1911 гъэм Налшык реальнэ училищэм и лъабжьэр щагъэтIылъым щыгъуэ екIуэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэм кърагъэблэгъауэ щытащ Георгий дамыгъэхэр зэрахьэу цIыхуиплI, щIыхь бэракъым бгъэдэтыну. Абыхэм яхэтащ юнкер дамыгъэхэр зы фащэм къызытецIуукI, сэшхуэ пцIанэр зыIэщIэлъ Джэтаури.

1914 гъэм и шыщхьэуIум Джэтау Уэлий Къэбэрдей полкым хэту Япэ дунейпсо зауэм кIуащ.

Уэлий и къуэ лейтенант нэхъыщIэ Зариф 1944 гъэм Хэку зауэшхуэм лIыгъэ къыщигъэлъагъуэу хэкIуэдащ.

# Махуэ къэс

**Си тхьэкIумэр тегъэхуауэ содаIуэ абы жиIэхэм. СфIэгъэщIэгъуэну зэпызоплъыхь дипломхэр, грамотэхэр, медалхэр, жетонхэр, фэеплъ вагъуэ цIыкIухэр, чемпион лентI плъыжьхэр. А псори я щыхьэтщ си къуажэгъу бэнакIуэ Щомахуэ Къэралбий спорт гъуэгуанэ гъэщIэгъуэн къызэрикIуам.**

ШЭЧ ХЭМЫЛЪУ, махъэчкъалэдэсхэр бэнэныр зи псэм и щIасэ цIыхухэщ. ИкIи абыхэм я щIыхь ухуеймэ, алэрыбгъум мычэму текIуэныгъэр къыщыхь. Бэнэныгъэр - бэнэныгъэщ...

1965 гъэрщ. Дызытепсэлъыхьынур къыщыхъуар Махъэчкъалэщ. СССР-мрэ Болгариемрэ я командэ къыхэхахэр зохьэзохуэ. Хэти щыгъуазэщ болгар бэнакIуэхэр дуней псом и кIуэцIкIэ щылъэрызехьэхэм зэращыщым. Токио щыIа Олимпиадэм абыхэм командэкIэ бжьыпэр зэрыщаубыдар щыхьэт тохъуэ иужьрей лъэхъэнэм болгар пелуанхэм утыкур яIыгъ зэрыхъуам.

Хъыбарегъащ Iэм и макъ къоIу:

- Алэрыбгъум тохьэ бэнакIуэ нэхъ псынщIэ дыдэхэр...

Псом япэ зытIэщIыпIэм къыщIокI Къэралбий. Абы къыкIэлъопIащIэ болгар мастер Азисов Исуф. ТIуми загъэхьэзыр.

... Уэзджынэм и макъ къоIури, бэнакIуэхэм зызэрапщыт. ЗыIэжьэ лъэпкъ хэмыту Азисовыр йобгъэрыкIуэ. АрщхьэкIэ абы и ныкъуэкъуэгъур мамырщ, Iэдэбщ. Апхуэдэу щыхъум, болгар къызэщIэплъам тIэкIу зызэтриубыдэжын хуей мэхъу. Щомахуэм шэч къытрихьэ хъунтэкъым текIуэныгъэр къызэрихьынум, армырмэ апхуэдизу тегушхуауэ бэнэкIэ гугъу иублэнтэкъым. Ауэ Азисовыр бзаджэщ, бдзэжьейм хуэдэу IэщIоцIэнлъ зримыгъэубыду икIи баллищ фIехьэху. Къэралбий Iуэхум йопIэщIэкI. Армыруи хъунукъым, зэрыжаIэу, «кIапсэшхуэм ихьар арэфыпсым къегъэхьыжын» хуейщ.

Щомахуэм и ныкъуэкъуэгъур кIуэ пэтми бауэкIэщI ещI, икIи зэпымыууэ «къилэжьыхьу» щIедзэ: къызэрагъапцIэ илъыгъуэхэр, нэгъуэщI Iэмал псынщIэхэр зыр зым кIэлъыкIуэу къегъэсэбэп.

Къэралбий егъэшэрыуэ «щхьэпрыдз» IэбэкIэр. Ауэ Азисовым и Iэпкълъэпкъ пщIэнтIар цIанлъэ хъуащи IэщIоцIэфтыж. Иджы езы Азисовыр и ныкъуэкъуэгъум и лъакъуэм къощэ. Уащхъуэдэмыщхъуэу бгъукIэ зыщIедзри, Щомахуэр йобгъэрыкIуэ. Иджы болгар бэнакIуэр зыIэщIэубыда хъуащ. Псори къыщолъэт, а теплъэгъуэ гъэщIэгъуэныр зыIэщIамыгъэкIын щхьэкIэ, ауэ уэзджынэм и макъым Азисовыр къыIэщIихащ къебэным и «Iэдэм».

Судьяхэми журналистхэми къызэралъытамкIэ, мы зэхьэзэхуэм апхуэдизу удихьэхыу нэгъуэщI щыбэнакъым: ЛъэныкъуитIми пелуан ахъырзэману зыкъагъэлъэгъуащ икIи а зэныбжьэгъугъэ зэIущIэр иухащ зэрытемыгъэкIуауэ.

Иджырей бэнакIуэм къарууфI иIэным и мызакъуэу, IэкIуэлъакIуагъи Iэзагъышхуи бгъэдэлъын зэрыхуейм зыми шэч къытрихьэркъым. Ара хъунщ зэхьэзэхуэм куэдрэ щIыщызэхэпхыр спортсмен Iэзэм щхьэкIэ жаIэу: «виртуоз». Апхуэдэущ Щомахуэм къызэреджэри. Илъэс пщыкIубгъум щитым абы дыщэ медаль къыщихьауэ щытащ щIалэгъуалэхэм я Союзпсо зэхьэзэхуэм. Абы лъандэрэ Къэралбий ибгынакъым алэрыбгъур. Ар пщIэнейрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион хъуащ. Абы и спорт фэеплъхэм хэлъщ СССР-м, РСФСР-м щытекIуэнымкIэ щызэпеуэхэм къыщихьауэ дыщэ медалитху, республикэм и чемпионатхэм, студент зэхьэзэхуэхэм къыщрата жетонхэр.

Къэралбий и спорт гъуэгуанэр нэсу къэгъэлъэгъуа хъункъым, бэнакIуэ нэхъ Iэзэхэм ар зэребэна щIыкIэм дытемыпсэлъыхьмэ, и ныкъуэкъуэгъункIэ щIыхь зыпылъ бэнакIуэ куэдым хуэзащ Щомахуэр. ЗэрытемыгъэкIуауэ зэхьэзэхуэр ядиухащ абы дуней псом тхуэнейрэ и чемпиона Алиев Алий, РСФСР-м тхуэнейрэ и чемпион Кишиев Юрий, дунейпсо чемпионатым и дыжьын призёр иран Саид Али-Акбар, Хайдари сымэ. Гъуэзэджэу текIуэныгъэр къыфIихьэхуащ Налшык щыщ Магомедханов Мыхьэмэт, Мэзкуу щыщ Абдурахманов Абдул, Дагъыстэным щыщ Гаджиев Рафик, Тбилиси щыщ Алибегашвили Заурбэч, Ереван щыщ Албарян Акоп сымэ.

Щомахуэр текIуэныгъэм зэрыхуэкIуэр Iэмалщ, бэнэкIэ дахэщ, лIыгъэщ. А псори абы IупщI дыдэу къыщигъэлъэгъуащ РСФСР-мрэ Япониемрэ я сборнэхэр щызэпеуа зэхьэзэхуэм. Къэралбий ебэнащ дуней псом и чемпион Йошикадэ. Ныкъуэкъуэгъу цIэрыIуэм зы тэлайкIэ Къэралбий и нэр «къыщипхъуа» хъунт, ауэ зигъэпсэхуа нэужь ебгъэрыкIуэу щIедзэ. Адыгэ щIалэр нэхъ бэшэчщ икIи ерыщщ, и ныкъуэкъуэгъум фIихьэхуа баллищыр къыфIихьыжыфыну къегъэгугъэ, ауэ зэману къыхуэнэжар мащIэ дыдэщ. Къэралбий лъокI Йошикадэ и лъакъуэр зыIэригъэхьэн. Ар хегъащIэ - зы балл, аргуэру зы балл. Бжыгъэр зэхуэдиз ищIыну ди бэнакIуэм Iэмал иIэт, ауэ уэзджынэм и макъым зэхьэзэхуэр къигъэувыIащ. Балл бжыгъэкIэ дунейпсо чемпионым ихьэхуащ.

Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу Щомахуэм и Iэзагъым хегъахъуэ, бэнакIуэм и Iэмалу къигъэсэбэпыр нэхъыбэ, нэхъ псыхьа, нэхъ Iэрыхуэ ещI. СССР-м и етIуанэ Олимпийскэ командэм хэтащ Къэралбий. Спорт институт къиухауэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым бэнэнымкIэ тренер нэхъыщхьэу щолажьэ. Ауэ Зеикъуэ щIалэм иджыри утыкур ибгынакъым, и ныбжьыр здынэсам емылъытауи текIуэныгъэхэр къехь.

Къэралбий игъасэ щIалэхэм чемпионхэри къахокI. Тыркум щыщ Бурсэ къалэм хуиту бэнэнымкIэ Европэм и зэхьэзэхуэ 1980 гъэм щызэхэтащ. Абы къикIуэт имыIэу алэрыбгъум лIыгъэ щигъэлъэгъуащ Щомахуэм и гъэсэн ХьэцIыкIу Тимур. Адыгэ щIалэм килограмм 62-м нэс хьэлъагъым зыри къыщытекIуакъым.

БэнапIэ утыкум зэфIэкI къыщыгъэлъэгъуэн и лъэныкъуэкIэ ХьэцIыкIум и лъэужьыр кIэщIу ехъу Нэгуэр Хьэмидбий. 1980 гъэм абы СССР-м спортымкIэ и мастер цIэ лъапIэр къыфIащащ, ар куэдрэ «Спартак» обществэм и Центральнэ Советым и чемпион хъуащ. Илъэс 20-м ит адыгэ щIалэр щыбанэ хьэлъагъым (килограмми 110-рэ) ди къэралым нэхъыфIхэм щыхабжэ. 1982 гъэм Союзпсо щIалэгъуалэ зэхьэзэхуэм Нэгуэрым япэ увыпIэ къыщихьри, СССР-м и командэ къыхэхам хагъэхьащ. ГъэсакIуэ Щомахуэ Къэралбий а тIум ирогушхуэ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд.**
*1983 гъэ*

# Аслъэным хуэдэ Къуэдзокъуэ Лев

**Къуэдзокъуэ Лев Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Спортыр фIыуэ илъагъуу, пщIэ хуищIу, дихьэхыу зэрыщытым къыхэкIыу ди Хэкум и къалащхьэ Москва физическэ культурэмкIэ институтым щIотIысхьэ, ар 1972 гъэм ехъулIэныгъэкIэ къеух. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щIалэщIэр нэхъри дехьэх атлетикэ хьэлъэм. Абы зэфIэкIыу, зэману иIэр трегъэкIуадэ а спорт лIэужьыгъуэм. ГъэсакIуэм и унафэм щIэту зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм егугъуу зыхуегъэхьэзыр. Апхуэдэ егугъуныгъэр пщIэншэ хъуркъым. Атлетикэ хьэлъэмкIэ Лев зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм текIуэныгъэ куэд къыщихьащ. Ар хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и штангист нэхъыфIхэм ящыщ зы.**

КЪУЭДЗОКЪУЭМ иIэ зэфIэкIыр къалъытэри, СССР-м щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм, чемпионатхэм щыхэмытыжми, абы фIыуэ илъэгъуа атлетикэ хьэлъэр IэщIыб ирагъэщIакъым, атIэ щIалэгъуалэр дэзыхьэх а спорт лIэужьыгъуэ гугъумкIэ гъэсакIуэу ягъэуващ. Дауи, ехъулIэныгъэхэр гугъуехьыншэу къэкIуакъым. Тренерым и гъэсэнхэми зэхьэзэхуэхэм, чемпионатхэм текIуэныгъэ куэд къыщахьащ. Къэтхьынщ зы щапхъэ. Лев тренеру щылэжьа илъэсхэм атлетикэ хьэлъэмкIэ СССР-м спортымкIэ и мастеру куэд игъэхьэзыращ. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Хьэмырзэ Аскэрбий, ХьэвцIыкIу Борис, Жылау Хьэмидбий, Iэпщэ Ибрэхьим, Ахъы Хьэсэн, Iэпщэ Анатолэ, ЛэмпIэжь Арсен, КIэм Заур сымэ, нэгъуэщIхэри. Иджы абыхэм ящыщхэр тренеру мэлажьэ.



Штангист лъэщу, тренер Iэзэу, гъуэзэджэу щыта Къуэдзокъуэ Лев псэужкъым, ауэ абы лъэужь дахэ къигъэнащ. Лев и гъэсэнхэм, иджы тренеру лажьэхэм, абы хиша лъагъуэр хамыгъэкIуэдэжу, щIыхь, пщIэ, щытхъу хэлъу спортсмен ныбжьыщIэхэр ягъэхьэзыр.

Къуэдзокъуэ Лев дэ къытхэмытыжми, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Атлетикэ хьэлъэмкIэ и федерацэм, Бахъсэн район администрацэм, районым и спорт комитетым, Зеикъуэ къуажэ администрацэм, и ныбжьэгъухэм ящыгъупщэркъым. Абы и фэеплъу атлетикэ хьэлъэмкIэ зэпеуэхэр Зеикъуэ къуажэм и Спорт уардэунэм щрагъэкIуэкI.

**ДЫКЪЫНЭ Быцэ.**

## Си Зеикъуэ, сыпхуохъуахъуэ!

**ЛIэщIыгъуэм дэушэу, зэманым дэбакъуэу,**
**Си лъахэ мащIэу си жылэ гуащIафIэ,**
**Бахъсэн аузыр уардэу бгъэбжьыфIэу**
**Илъэс мин бжыгъэр тхыдэм иптхэну**
**Нобэ си гуапэу уэ сыпхуохъуахъуэ.**

**Ди нэхъыжь Iущхэр бэрэ Iумахуэу,**
**Махуэу къэдгъэщIыр дахэрэ гуфIэгъуэу,**
**ФIыгъуэм щымыщIэр къуажэм ди щIэблэу,**
**ЩIэблэ лъэпкъхэм куэду къытхэхъуэу**
**Хэхъуэр, хъерыр унагъуэм къехъулIэу.**

**Ди щIалэ бжьыфIэу, жыджэрхэр гуащIафIэу,**
**Ди пщащэ зэкIужхэр Iущабэу, щIыкIафIэу,**
**ЩIыкIафIэу дахэхэр куэду едгъашэу,**
**Къатшэ нысэхэр гъэхэм тхуэмахуэу.**
**Ди жьэгу и пащхьэ насып щымыщIэу.**

**Ди уафэр къащхъуэу, мамыр зэпыту,**
**Ди щIыгу берычэту, бэвагъ нэщэнэу.**
**Мы ауз щхъуантIэм ущефIэкIуэну, ущыгъэгъэну**
**Бэр щыбгъэшыну уэ сыпхуохъуахъуэ,**
**Си гум щызгъафIэу си Зеикъуэ Iумахуэ,**
**Ирехъу сыт щыгъуи уи пщэдейр махуэ.**

**ХЬЭЩЭ МуIэед**, *егъэджакIуэ.*


ЖэпIу Анзор


Шэфий Мухьэмэд


Нэхущ ФатIимэ


Къалмыкъ Мучэзир


Къэрмокъуэ Мухьэмэд


Жэмыхъуэ Мадинэ


Шэрхъ Заур


Къэлэжьокъуэ Хьэсэн


Сэбаншы Заур


БжьыхьэлI Iэсият


Нэхущ ФатIимэ


ХьэфIыцIэ Эльмирэ


Шэрхъ Анзор


Къэрэнашэ Анзор


Къуажэ поликлиникэр




Зеикъуэ дэтщ Бахъсэн район сымаджэщыр. Мы сурэтым щыфлъагъухэр абы и лэжьакIуэ гупщ.
*Сурэтхэр* **Iэхъуэбэч Хьэзрэ Iил** *трихащ.*

# Гиппократ и тхьэрыIуэм темхэр

**ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм я пэщIэдзэм къуажэм иIэ хъуащ медпунктрэ лъхуапIэрэ, япэ сымаджэщыр къыщызэIуахащ 1935 гъэм.**

НЭХЪ пасэм дохутыр IэщIагъэ зиIэ къуажэм дэсакъым. Зеикъуэдэсхэм къахэкIауэ япэу дохутыр IэщIагъэ зэзыгъэгъуэтахэм ящыщщ 1955 гъэм Осетие Ищхъэрэм медицинэ институт къыщызыуха **Iэпщэ Абдулчэрим Гъузер и къуэр.** Илъэс 40-м нэскIэ ар Бахъсэн район сымаджэщым дохутыр нэхъыщхьэу, хиругыу щылэжьащ. Дохутыр Iэзэм цIыху куэдым я гъащIэр ажалым къыIэщIихащ. Iэпщэм и гуащIэдэкI хьэлэлым къэралым пщIэ къыхуищIащ. Абы зэрехьэ «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэр, 1981 гъэм къратащ «ЩIыхьым и Дамыгъэ», 1986 гъэм – Октябрь Революцэ орденыр, медаль зыбжанэ.

1957 гъэм дохутыру лэжьэн щIэзыдза **Къэрмокъуэ Евгение Мухьэмэд и пхъур** псэуху Гиппократ и тхьэрыIуэм текIакъым, и IэщIагъэм фIыуэ хищIыкIырт, сымаджэхэм гуапэу яхущытт. Ар цIыху куэдым сэбэп яхуэхъуащ. И щхьэгъусэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Къущхьэбий Викторрэ Евгениерэ щIалищ зэдапIащ. Артуррэ Зауррэ я адэ-анэм я IэщIагъэр къыхахыжащ. Анзор гуманитар щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и IэщIагъэлI нэхъыжьщ, щIэныгъэхэм я докторщ.

**Дыкъынэ Мухьэб и къуэ Гъумар** категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутырщ. Жьэн узыр щагъэхъуж диспансерым и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ. И ныбжькIэ пенсэ къратми, ноби ар тIысыжакъым. И щхьэгъусэ Ует Зейнэб КъБР-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэщ.

Германием, Польшэм, Куржым, нэгъуэщI щIыпIэхэми щыIа ди дзэ пакIэхэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ подполковник **Къэрэнашэ Iэдэм Хьэжмурат и къуэр** зауэлIхэм я узыншагъэм и хъумакIуэ пэжу.

Къэрэнашэхэ дохутыр хъарзынэхэр яIэщ. Абыхэм ящыщщ **Къэрэнашэ Валентинэ Ахьмэд и пхъур**. Курыт еджапIэр фIы дыдэу къэзыуха, а школым и комсомол организацэм и секретару лэжьа Валентинэ дохутыр IэщIагъэм пищI щымыIэу къэтэджащ. КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр диплом плъыжькIэ къиуха нэужь, абы егъэджакIуэу къагъэнэжащ. Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Къэрэнашэм ноби ди университетым щрегъаджэ.

Валентинэ и шыпхъу нэхъыщIэ **Къэрэнашэ Iэминат** ди республикэм фIыуэ къыщацIыху дохутырщ. Ар Бахъсэн къалэ сымаджэщым и унафэщIу лэжьащ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутырщ, ди Парламентым и депутату зыбжанэрэ щытащ.

**Къардэн Мэрят Мучэзир и пхъур** дохутыр нэхъыфIхэм хабжэу Зеикъуэ сымаджэщым щылэжьащ. И IэщIагъэм фIыуэ хещIыкI, цIыху гуапэщ. Мы зэманым ар щолажьэ Бахъсэн поликлиникэм.

Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат **Бетыгъуэн Борис Iэуес и къуэр** КъБКъУ-м и егъэджакIуэщ. И сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдащ, гугъу ехьу къэтэджащ. ФIыуэ еджат, и мурадхэм ерыщу щIэбэнати, и хъуэпсапIэр къехъулIащ.

Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат **Къардэн Ахьмэд Барэсбий и къуэр** жылагъуэ лэжьакIуэшхуэщ. Ар илъэс зыбжанэкIэ ди республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министру лэжьащ.

Зи цIэ фIыкIэираIуэ дохутыр Iэзэхэщ медицинэ щIэныгъэхэм я доктор **Сэбаншы Жаннетэ Хъусен и пхъумрэ** КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Журт Билалрэ**.

**Джэдгъэф Георгий Аслъэмырзэ и къуэр** гинекологщ, и лэжьыгъэм теухуауэ къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр ирегъэкIуэкI. И диссертацэр ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIри, ар медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ. Абы и анэ Зинаидэ РСФСР-м щIыхь зиIэ и дохутырщ.

ЦIыху телъыджэт **Хьэмырзэ Алмир Мэхьил и къуэр**, IэщIагъэ зыбжанэм хуэIэижьыр. Ар дохутыр Iэзэт, хирургт, пшынауэ хьэлэмэтт, пщафIэт, дин лэжьакIуэ гъуэзэджэт - къуажэм и ищхъэрэ жэмыхьэтым и ефэндыт.

Зеикъуэ дэтщ Бахъсэн район сымаджэщыр. Ар сыт и лъэныкъуэкIи сымаджэхэм хуэщIащ, дохутырхэм я IэщIагъэм фIыуэ хащIыкI, гу щабэпсэ щабэхэщ, еш ямыщIэу я IэнатIэм пэрытщ. Зызыгъэхъужу мыбы щIэлъахэм къеIэзахэм ятеухуауэ псалъэ гуапэ куэд жаIэу зэхэпхынущ. Шхынри хущхъуэкIи гукъеуэ яIэкъым, дэнэкIи къабзагъэр щытепщэщ, мэзыр гъунэгъущ, хьэуар къабзэщ.

Сымаджэщым мызэ-мытIэу пашэныгъэр къыщихьащ езым хуэдэ медицинэ IуэхущIапIэхэм я зэпеуэм. А текIуэныгъэхэм я хэкIыпIэр мыбы щылажьэ псори зэрызэкъуэтырщ. Сымаджэщым лэжьыгъэфI зэриIэр псом япэу зи фIыщIэр абы и дохутыр нэхъыщхьэрщ.

Дыгулыбгъуей щыщ, Зеикъуэ нысэ **КIуэкIуэ Миланэ Мухьэмэд и пхъум** 1972 гъэм КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къиухащ. ИлъэситIкIэ терапевту лэжьауэ, 1972 гъэм ар ягъэуващ Зеикъуэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу, икIи илъэс 30-м щIигъуауэ а IэнатIэм и къару емыблэжу пэрытщ. А IуэхущIапIэр Iэмэпсымэхэм зыхуей хуэгъэзэным, лэжьакIуэхэм тэмэму къызэгъэпэщыным Миланэ къаруушхуэ тригъэкIуэдащ. Ар сымаджэхэм гуапэу яхущытщ, бзэ IэфIщ, зэIэзэхэм гуныкъуэгъуэ яIэу етIысэхынукъым. И лэжьыгъэфIым папщIэ КIуэкIуэ Миланэ 1989 гъэм «РСФСР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник» дамыгъэр кърахащ, 1996 гъэм къыфIащащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр» цIэр.

ЛэжьакIуэ емышыжхэщ дохутырхэу **Къалмыкъ Джульеттэ**, **Къумыкъу Анфисэ**, медсестра **Бырс ФатIимэт** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зеикъуэ дэт район поликлиникэм лэжьыгъэфI иIэщ. Ар зыхуей Iэмэпсымэхэмкiэ тэмэму къызэгъэпэщащ, дохутыр хъарзынэхэри щолажьэ, къуажэдэсхэм я узыншагъэр хъумэным сакъыу кIэлъоплъ. Поликлиникэм зы махуэм цIыху миным щIигъум щеплъыфынущ. Пэшхэр гурыхьу зэлъыIухащ, къабзэхэщ.

1989 гъэ лъандэрэ поликлиникэм и унафэщIщ **Къалмыкъ Iэуес Мухьэб и къуэр**. ЩIалэ гумызагъэм 1983 гъэм КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр къиухащ, сымаджэщым илъэс зыбжанэкIэ дохутыру щылэжьащ. Iэуес и IэщIагъэм фIы дыдэу хищIыкI къудейм къыщымынэу, цIыху пэжщ, гуапэщ. Зи узыншагъэмкIэ гуныкъуэгъуэ зиIэхэрщ нэхъыбэу къыбгъэдыхьэри, я узыфэр тэмэму къехутэ, щхьэж и Iуэху зэрыхъунумкIэ чэнджэщ убзыхуа ирет. Езыр и щхьэм хуэткIийщ, и лэжьэгъухэми зыбгъэдэт IэнатIэр Iэпэдэгъэлэл ящIу идэркъым.

Къалмыкъыр жыджэру хэтщ жылагъуэ лэжьыгъэхэми. Ар район советым и депутатщ. Унафэ зытещIыхьыпхъэ Iуэхухэр щIэх-щIэхыурэ утыку кърелъхьэ, ахэр гъэзэщIа зэрыхъум кIэлъоплъ.

Поликлиникэм и дохутыр нэхъыфIхэщ **ШыкIэбахъуэ Заретэ**, **КIуэкIуэ Ритэ**, нэгъуэщIхэри.

**АБЫТIЭ Iэдэм.**

# Ленин орденыр зыхуагъэфэща Согуэ Цоцэ

**Мамыру псэу ди къэралым, дыгъужь нэщIам хуэдэу, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр къыщытеуам Iэщэ къащтэу бийм пэувахэм яхэтащ Куба къуажэм щыщ зэдэлъху-зэшыпхъухэу Пащтыхэ Цоцэрэ Леонидрэ.**

ЯАДЭ-АНЭР пасэу яIэщIэкIри, ахэр зеиншэу къэнат. Цоцэ 1936 гъэм лэжьэн щыщIидзат Налшык дэрбзэр фабрикэм. Ар япэ махуэхэм щыщIэдзауэ дихьэхат IэщIагъэ хуэхъуам икIи и гуауэмрэ гугъуехьымрэ зыкъомкIэ щхьэщигъэкIуэтат лэжьыгъэм. Хэт ищIэрэ, цIыху мелуанхэм я гугъэмрэ хъуэпсапIэмрэ зэтезыкъута зауэр мыхъуамэ, Цоцэ зыхуэпабгъэ щIэныгъэри зригъэгъуэтынкIэ хъунт...

Зауэм щIидзэри, куэд дэмыкIыу Леонид фронтым яшащ. Ар хуабжьу къытехьэлъащ и шыпхъу Цоцэ. ИкIи, нэхъ гупсэхугъуэ игъуэтыну къилъытэри, езыри зауэм кIуащ, и лэжьыгъэр къигъанэри.

- Нэмыцэр ди лъахэм къебгъэрыкIуэрт. 1942 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык къызэзынэкIын хуей хъуа ди зауэлIхэм ящIыгъу санитархэм сахэту мэзхэм, бгыхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къулыкъу щысщIащ, - игу къигъэкIыжырт Цоцэ.

1943 гъэм щIышылэм и 4-м советыдзэхэм бийр дахужащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ Налшык. Цоцэ жыджэру яхэтащ Псыхуабэ, Армавир, Краснодар къалэхэр хуит къэзыщIыжа етIуанэ гвардие дивизэм и еханэ фочауэ полкым и зауэлIхэм. Псом хуэмыдэу гугъу ехьу Темрыкъуэ (Темрюк) хуит къыщащIыжар. УIэгъэхэр ипхэу щIытIым здыдэсым, нэмыцэхэр гъунэгъу къызэрыхъуам гу лъитащ Цоцэ. НэгъуэщI Iэмал къыщыхуэмыгъуэтым, лIа нэпцI зищIащ. Бий сэлэтыр абы зэрэ-тIэурэ елъэпэуащ. Ар удынышхуэ хуэхъуауи щытащ хъыджэбзым, абы и ужькIи уIэгъэщым мазэкIэ щIэлъащ. Соня (арат абы зауэлIхэр къызэреджэр), жаIэу джэурэ къагъуэтыжат къызэфIэмыувэжыфу щылъ цIыхубзыр.

Апхуэдэу, Цоцэ ящыщщ Керчь, Севастополь, Ялтэ хуит къэзыщIыжахэм. Абы къыхуагъэфэщащ «Къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ» медалыр.

Кърымым щекIуэкIа зауэми хахуагъэ къыщикъуэкIащ адыгэ бзылъхугъэм. Абы къалэн къыщащIат тIасхъэщIэх кIуэну. И гъусар уIэгъэ хъуами, нэмыцэхэм я къарум теухуауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хъыбари «бзэгуи» къихьри къэкIуэжат. А псэзэпылъхьэпIэм зэрыхэтам папщIэ Цоцэ къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр. Ар зыхэта полкыр Берлин нэсащ.

Ди ТекIуэныгъэкIэ зауэр иуха нэужь, 1945 гъэм Цоцэ и лъахэм къигъэзэжащ. Абы и ужькIэ Куба щыщ цIыхубз хахуэм и гъащIэм щыпищащ Зеикъуэ къуажэм - абы псэуэгъу хуэхъуащ Согуэ Аслъэнбий. Абыхэм унагъуэ дахэ яухуащ, быни зэдагъуэтащ.

Аслъэнбий акъыл жан зиIэ, пэжагъ, цIыхугъэ зыхэлъ, пщIэ зыхуащI лэжьакIуэ ахъырзэману щытащ. Абы партхозяйствэ лэжьыгъэ IэнатIэ зыбжанэм къулыкъу зэхуэмыдэхэр щиIыгъащ.

Цоцэ мамыр гъащIэм къыщигъэсэбэпащ зауэ лыгъэм щызригъэгъуэта IэщIагъэр, куэдми сэбэп яхуэхъуащ. Хахуагъэ къигъэлъагъуэу бийм пэщIэта цIыхубзыр къуажэм дэт курыт еджапIэхэм ирагъэблагъэрт, ТекIуэныгъэм и гъуэгуанэ мытыншхэм трагъэпсэлъыхьыжырт. Мамыр гъащIэм щызэфIигъэкIа медсестра лэжьыгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщауэ щытащ Ленин орденыр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри.

Зэщхьэгъусэхэр пенсэм кIуа нэужьи илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Абыхэм къахуихуащ я гурыфIыгъуэ я къуэ закъуэ Борисрэ абы и щхьэгъусэ Iэминатрэ я щIэблэм щыгуфIыкIынхэу, а цIыкIухэм адэшхуэ-анэшхуэ лъагъуныгъэр зыхрагъэщIэну.

ГъащIэ зиIэм уахътыи иIэщ, жаIэ. Аслъэнбийрэ Цоцэрэ дунейм ехыжащ, ауэ ахэр зэи ящыгъупщэркъым я щIэблэм, я къуажэгъухэм.

**ХЪУПСЫРДЖЭН Хьэмидбий.**

# Тхьэм и унэ

● Дин

**Сыжажэ Ахьмэд Хьэжпагуэ и къуэр 1928 гъэм къалъхуащ. 1941 гъэм 5-нэ классыр къиухащ. Абы и иужькIэ колхозым щылэжьащ. Дзэ къулыкъу нэужьым Тырныауз комбинатым кIуэри, илъэс 22-кIэ шахтым щIэтащ, 1990 гъэ лъандэрэ къуажапщэ жэмыхьэтым и ефэндыуэ лэжьащ. 1994 гъэм хьэжыщI щыIащ.**

ДИ ТХЬЭШХУЭМ и пащхьэ напэ къабзэкIэ ихьэжыну зи мурад дэтхэнэ муслъымэнми хуэдэу, сэри хьэкъыпIэкIэ спхыкIащ уи дин пIыгъыжыным нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр. Сызэрысабийрэ хьэрэмагъым зыщызодзей, Алыхьым и нэмыплъ къызэрызмыхьыным яужь ситщ. КъурIэным си нэ къыхуикIырти, абы сыкъеджэфу сригъэсащ си анэ шыпхъу Щоджэн Чаусэр. КуэдкIэ къыздэIэпыкъуащ си щхьэгъусэм и адэ, ди къуажэ ефэндышхуэу дэса Щоджэн ХъуатIэ, шахтым къыздыщIэта къурIэнIыхьлы ГъукIакъуэ Хьэгуцырэ сымэ.

ФIыщIэшхуэ яхузощI дин Iуэхухэм ятеухуа куэдым щыгъуазэ сызыщIа Iэпщэ Гъузер, Шорэ Чашиф, Щоджэн Чазим сымэ. Я ахърэтыр Тхьэм нэху ищI!

ЦIыхухэм я губгъэн къыумыхьу улэжьэныр тыншкъым. Жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къалэн егъэзащIэ ефэндым. Нэщхъеягъуэ зиIэм я пщIантIэм дэтын хуейщ ар махуэр щыуаеми щыжьэражьэми, емыкIу къримыгъэхьу, дунейм ехыжам и псэр имыгъэгузавэу.

Зэрихьэ диным зигу хуэкъабзэм и гур сыткIи къабзэщ. Зы дини щыIэу сэ сщIэркъым, фэсэдыгъэм укъыхуриджэу. «Уэ уджаурщ е умуслъымэнщ» жыпIэу дин зэхэгъэж пщIы хъунукъым. Диныр зэпэбубыду узэныкъуэкъуныр гуэныхьышхуэ зыпылъщ.

Муслъымэн дин хабзэхэр зэрысхуэзэфIэкIкIэ тэмэму згъэзэщIэну иужь ситми, сэ сыщIэхъуэпсырт хьэжыщI сыкIуэну, Чэбэ мэжджытым и блыным хэт мывэ лъапIэр си нэкIэ зэзгъэлъагъуну. Тхьэм псапэм къахупищэ, си щIалэхэм гъуэгупщIэр, гъуэгу тхылъхэр схузэрагъэпэщри, ари къызэхъулIащ, ауэ абы иужькIэ сэ фIыуэ къызгурыIуащ, Мэчэ нэс умыкIуэми, псапэ зэрыпхуэщIэнур. ЦIыхухэм зыгуэркIэ защIэбгъакъуэмэ, зыщыгуфIыкIын гуэр яхуэпщIэмэ, тхьэмыщкIэм удэIэпыкъумэ, псапэ хэкIыпIэщIэщ ахэр.

Сэ мурад сщIат мэжджыт сухуэну. Псом япэу а Iуэхум сыщытепсэлъыхьащ ди унагъуэм. Си щхьэгъусэми, си щIалэхэу Хъусени, Хьэсэни, Чэмали, Толи, Артури си мурадыр къыздаIыгъащ, яхузэфIэкI псомкIи къыздэIэпыкъуну сыкъагъэгугъащ. Ар щызэхахым, къуажэдэсхэми я гуапэ хъуащ.

Мылъку гуэр зыбгъэдэлъым зыкъытщIигъэкъуащ, IэщIагъэ зиIэхэр, къарукIэ зыгуэр зыхузэфIэкIхэр ди щIыхьэхухэм къыхыхьащ. Арати, къуажапщэм и уэрам нэхъыщхьэм къытеуващ зи мухьэрэбыр дыгъэм пэлыд, тIууэ зэтет унэ хужьышхуэ. Сэ сыхуейт абы и ухуэныгъэм мылъкукIэ, къарукIэ хэлIыфIыхьахэм я цIэ къисIуэну. Абыхэм ящыщщ Соблыр Руслан, Джэдгъэф Марян, Щомахуэ Хьэрэбий, Къуэдзокъуэхэ Хьэсенрэ Iэуесрэ, Шэт Руслан, АбытIэ Мусэ, Жылау Барэ, ЛIизэм Барэсбий, Согуэ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэрагъэплъ батарее 21-рэ пщIэншэу тхуигъэуващ Къумыкъу Хъусен Алий и къуэм. Пэшхэр хьэкъыншэу штукатур тхуищIащ Къумыкъу Хъусен Хьэмид и къуэм.

Си щIалэ Хъусен сом мин щэ никъуэ къызитри, мэжджытым и кIуэцIыр кърединэщIыкIащ.

Тхьэм и унэр ухуэным зи гуащIэ хэзылъхьа псоми я псапэр минкIэ Алыхьым яхуигъэбагъуэ!

Къуажэ щыхъукIэ, Iуэху Iэджи дэлъщ. ФIым къыдэкIуэу, мыхъумыщIи щыплъагъунущ. Куэд щIауэ сигу къоуэ къуажэм кIуэцIрыкI кIэнауэм цIыху куэд зэрыхэкIуадэр. Псы нэпкъыр задэщ, цIэнтхъуэрыгъуэщи, убэлэрыгъамэ, бетэмалщ абы ухэкIуэдэныр. Ар зэрышынагъуэр къалъытэри, гъущI пкIэлъей цIыкIухэр бетоныбгъум хагъэуват, ауэ ахэр жьы хъури хэхуэжащ. Къэнахэри къуейщIейхэм хатхъыжащ. ИужькIэ бетон бжыхьыр цIыху зекIуапIэхэм Iуагъэуват, арщхьэкIэ ахэри гущIэгъу зыхэмылъхэм якъутащ. Гужьеигъуэ ихуам дежкIэ сэбэпышхуэ хъунут, гъущI пкIэлъей цIыкIухэр хагъэувэжамэ е гъущI кIапсэ епхъуапIэ гуэрхэр ящIамэ.

Щхьэж и диным пщIэ хуищIу, ирилажьэу, ирипсэууэ, нэхъыфI-нэхъыкIэкIэ зэхимыдзу, бэIутIэIуншэу, узыншэу Тхьэм цIыху псори дызэдигъэпсэу, мурадыфI диIэу, ди хъуэпсапIэхэр къыдэхъулIэу.

**СЫЖАЖЭ Ахьмэд-хьэжы.**

● Унагъуэ быныфIэхэр

## Илъэс 54-рэ ипэкIэ

АБЫТIЭХЭ Талъостэнрэ Розэрэ я унагъуэм зы щIалэрэ хъыджэбзищрэ зэуэ къралъхуат. Ди къэралым и мызакъуэу, абы и хъыбар нэгъуэщI щIыпIэхэми щызэлъэIэсат. ЦIыхухэм яфIэхьэлэмэтт быниплI зэуэ зыгъуэта унагъуэм я псэукIэр, адэ-анэм я узыншагъэр зыхуэдэр, сабийхэм я щытыкIэр. Юрэ, Мадинэ, ФатIимэ, Женя сымэ дунейм къызэрытехьэрэ илъэс 54-рэ ирикъуащ. Ахэр псори иджы унагъуэ хъужащ. Хъыджэбз цIыкIухэм я дэлъху закъуэм ахэр дунейм къытехьэным махуэ 12 иIэжу хьэршым лъэтауэ щыта Гагарин Юрий и цIэр фIащащ. А зэманым а сабий къалъхуахэм ятеухуауэ газетхэм тхыгъэ куэд традзащ, радиокIэ къатащ. Къапщтэмэ, ТАСС-м и корреспондент АбытIэхэ къэкIуауэ щытащ.

Сабийм нэхърэ нэхъ лъапIэ сыт щыIэ! АбытIэхэ я унагъуэм куэдым зыкъыщIагъэкъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, къэралым унэ хъарзынэ хуищIащ, колхозым жэмыфI кърищащ. Чехословакием сабииплI зэрыхуэ гу щабэ цIыкIу къыхурагъэшащ. АбытIэ Розэ Анэ-лIыхъужьщ, бын 11 ипIащ. И щIэблэм ящыгуфIыкIыу, ар ноби къуажэм щопсэу.

## ЩIалибгъурэ хъыджэбзийрэ

ЗЕИКЪУЭ жылагъуэ кIыхьым дэскъым АфэщIагъуэхэ Хьэлимрэ Валентинэрэ къащIэхъуа сабийм хуэдиз зыпIа. А унагъуэм акъыл-балигъ хъуауэ къитэджащ щIалибгъурэ (Борис, Юрэ, Аслъэн, Алик, Артур, Хьэчим, Едыдж, Албэч, Славэ) хъыджэбзийрэ (Людэ, Люсэ, Ларисэ, Риммэ, Дарико, Анжелэ, Маринэ, Ирэ). Хьэлимрэ (псэужкъым) Валентинэрэ яхузэфIэкI къагъэнакъым я бынхэр адрейхэм емыхъуапсэу, зыхуей хуэзэу пIа хъун щхьэкIэ, хьэл-щэн дахэ зыхрагъэлъхьащ, хабзэм, нэмысым, къабзагъэм щIапIыкIащ, лэжьыгъэр фIыуэ ирагъэлъэгъуащ, ирагъэджащ. Нобэ ахэр лэжьыгъэ IэнатIэхэм пэрытщ, я щхьэ ягъэпсэу, унагъуэщ.


Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Бетыгъуэн Борис


Дохутыр Iэзэ Къэрмокъуэ Евгение


Согуэ Цоцэ


Бахъсэн район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ КIуэкIуэ Миланэ


КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр Къэрэнашэ Iэминат


Iэщ дохутыр цIэрыIуэ Хьэпэ Борис


Ветеринар щIэныгъэхэм я кандидат Шыгъушэ Мухьэмэд


Щомахуэ Хьэсэнбий


Щоджэн Юрэ


Къэрмокъуэ Мухьэмэд


Шурдым Хьэсэн


Жэмыхъуэ МуIэед


Шурдым ФуIэд


Хьэмырзэ Владимир


Къущхьэ Хьэбыж


Къаскъул Хъусен


Нэхущ Владимир


Мэжджыхь Хьэмидбий


Сыжажэ Хъусен


Щоджэн Мулид


Тенджыз Мухьэмэд

# ЩIы Iэбжьыб

**<u>Зеикъуэ щыщу Хэку зауэшхуэм я щIалэгъуэу, я псэугъуэу щIалэ 520-рэ хэкIуэдащ. Анэ дапщэ, нысащIэ дапщэ игъэгуIа а зауэ бзаджэм. Адэ жьакIэху куэдым, я нэпсыр ягъэпщкIу пэтми, яхуэмыубыду, я щIалэхэр ягъеижащ. Дыкъынэ ТIамыш, Жэмыхъуэ Исмел, Къалмыкъ Дзадзу, Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Щомахуэ Цу, Щомахуэ Аслъэмбий сымэ я къуэ плIырыплI зауэм къикIыжакъым. Адэ тIощIым я къуэ щырыщи ялъагъужакъым. Абыхэм ящыщщ си хьэблэм дэсахэу Хьэмырзэ Зулэ, Дыкъынэ Къэсей, Къанло Кушыку, Щоджэн Алджэрий сымэ, адэ 84-м я къуэ тIурытI зауэм хэкIуэдащ.</u>**

ЗЕИКЪУЭ къуажэ къыдэкIа Шыгъушэхэ ящыщу зауэм цIыху 17 хэтати, 8-м къагъэзэжакъым. Мы щIалэхэм я нэхъыщIэ дыдэм къигъэлъэгъуа хахуагъэм теухуащ си тхыгъэ кIэщIыр.

Хэку зауэшхуэр екIуэкIырт, къэралым шынагъуэ ин щхьэщытт, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Москва яубыдыну ебгъэрыкIуэрт. Бийм и мурад бзаджэр зэпаудыну пэува зауэлIхэм ябгъурыуващ дыгъуасэ школ партэм дэса щIалэщIэ Шыгъушэ Къэралбий. Абы и къуэш нэхъыжь Хьидэ зауэм и курыкупсэм хэтти, Къэралбий лъаIуэри и къуэшым дэзэуэну зауэм кIуат.

Къэралбий зыхэхуар тIасхъэщIэх взводырт. Гупым я унафэщI Горбачевскэм хъыбар къыIэрохьэ Лебедкэ къуажэр бийм къыIэщIахыжын папщIэ нэмыцэхэм я тIасхъэр къахутэн хуейуэ, пэлъэщмэ, къуажэр щхьэхуит къащIыжыну. Абы тIасхъэщIэх ягъэкIуахэм Зеикъуэ щыщу щIалиплI яхэтащ. Ахэр: Шыгъушэ Къэралбий, Къэрэнашэ Ахьмэд, Шурдым Мамудин, Унэж Хьэбас сымэ.

ЩIалэхэр Тимки къуажэм и бгъум щежэх псы цIыкIум и Iуфэм Iухьащ. Жэщыр щэхут, псори зэщIэдэIукI фIэкIа умыщIэну, даущыншэт. Вагъуэ цIыкIухэр гузавэу, я нэр щIалэхэм къытрамыхыу къеплъу къыпщыхъурт. Къэралбий а дакъикъэм игу къэкIыжащ и анэ Быбэ (Мэржан), и гум щигъафIэ Хьэлимэт пщащэ тхьэIухудыр, и ныбжьэгъу цIыкIухэр. Зи Iуфэ къыщалъхуа, и сабиигъуэр щыкIуа Бахъсэныжь и хъущIэ макъыр и тхьэкIумэм къеIущащэу къыщыхъуащ. Сыт хуэдиз гупсысэ хьэлъэ къытемыгуплIами, абы дзыхь къыхуащIу къалэн къыщащIар игъэзэщIэн хуейт. ТIасхъэщIэххэр къуажэм зэрыдыхьэу бо кIыхь гуэрым IущIати, ар егъэзыпIэ ящIыну мурад яIэу боубжэр къагъуэтри екIуэлIащ. Нэмыцэ плъырыр бжэм егъэщIауэ щхьэукъуэу кIэрытт. Абы япэу гу лъызытар Къэралбийти, пхъуэщ, нэмыцэм и автоматыр иубыдри, бэуапIэ иримыту и пщэм мыжурэр хиIуащ. ТIасхъэщIэххэр бом щIэлъадэщ, абы щIэт шыхэр къыщIахури, лагъым зыщIэлъ губгъуэм илъэдащ. Лагъымхэр зыр адрейм къыкIэлъыкIуэу къэуэн зэрыщIадзэу, нэмыцэхэр зэрыхьзэрийуэ къызэрыIэтащ. Нэмыцэхэм я штабыр абдежти, нэмыцэ къыщIэжым еуэурэ, бийм щысхьыншэу шэр трагъэлъэлъэн щIадзащ. Зэман кIэщIкIэ нэмыцэхэр хьэдэ гурышэу ирагъэгъуэлъыкIащ, ауэ, зэрамыгугъауэ бийр куэд зэрыхъур къащыгурыIуэм, гупым я унафэщIым къикIуэтыну унафэ ещI. ЗэрызэгурыIуам тету, Къэралбийрэ Хьэбасрэ нэмыцэхэр зэтраIыгъэурэ я гъусэхэр щIагъэпхъуэжащ. Бжыхь къэхухьам щIалэхэр елъэу къыщIэпхъуэжын хуейти, Къэралбий и щIыб къызэригъазэу, биишэр къытелъэлъащ, абы и лъэр зэуэ щIэщIэри, къэтэджыжакъым, Хьэбаси куэд имыжу шэр лъэщIыхьэри, щIым ириIулIа хуэдэ, ехуэхащ. Мыгувэу советыдзэм Орловрэ Курскрэ хуит къащIыжащ, адыгэ щIалэхэм я хьэдэр къыщынащ Лебедкэ къуажэ цIыкIум.

Къэралбий и къуэш нэхъыщIэ Мусэбий 1975 гъэм - ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 30 щрикъум - ирагъэблэгъауэ щытащ и къуэшыр щаукIа Лебедкэ къуажэм. Абы и гъусат Къэралбий дэзэуа Къэрэнашэ Ахьмэд. Къуажэ колхозым и тхьэмадэм щIалэхэм пщIэ къахуищIу иригъэблагъэри, Къэралбийрэ Хьэбасрэ я кхъащхьэр яригъэлъэгъуащ. Къуажэ зэхуэс ящIам къыщыпсэлъащ зауэм хэтахэр, щIалэщIэхэм лIыгъэ яхэлъу зэрызэуар, зыри зэращымыгъупщэнур, абыхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр кIэщIкIэщIурэ зэрытралъхьэр жаIащ. И нэхэр нэф хъуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъа лIыжьым хъыбар гъэщIэгъуэн къиIуэтэжащ. «ЯукIахэм я хьэдэр Iудагъэшыртэкъым. Жэщым хьэмкIэшыгукIэ сыкIуэри псыхъуэм хьэдитI щыщIэслъхьати (Къэралбийрэ Хьэбасрэ), пщэдджыжьым бзэгу яхьри срагъэубыдащ. АфIэкIа хэмылъу полицайр кIэрахъуэкIэ къауэри си нэр кърихуащ. Аращ нэ лъэныкъуэ сыщIэхъуар. ИужькIэ хьэдэхэр школым дащIыхьа къуэшыкхъэм къахьыжащ», - жиIащ лIыжьым.

Къуэшыкхъэм ит сыным тетхащ «Ди хэкум и хуитыныгъэм папщIэ зи псэр зытахэм - игъащIэкIэ щIыхь» жиIэу. Абы тетха унэцIэхэм Зеикъуэ щыщ щIалэхэу Шыгъушэ Къэралбийрэ Унэж Хьэбасрэ яхэтщ. Къэралбий и кхъащхьэм удз IэмыщIэрэ щIы Iэбжьыбрэ къытрихри, къэп цIыкIум илъу Мусэбий и анэм къыхуихьати, Мэржан лIэжыху абы телъэщIыхьу, и нэ-и псэм хуихьу псэуащ. Дунейм щехыжам и уэсятым ипкъ иткIэ къэп цIыкIур дыщIалъхьэжауэ щытащ.

**ШЫГЪУШЭ Алий.**

# ФIэхъус, Бахъсэн!

## Генерал-майор, тхакIуэ Нэхущ Мырзэбэч

**<u>Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм яхэлъащ хахуагъэ, псэемыблэжагъ, жэуаплыныгъэ, нэгъуэщI хьэл-щэн дахэхэри. Абы и щыхьэтщ ди лъахэм и бын куэдым къакIуа зауэ гъуэгуанэхэр, зэрахьа лIыгъэр, ягъэлъэгъуа щапхъэфIхэр. Хэку зауэшхуэм жыджэру хэтахэм, зи къалэныр хьэлэлу зыгъэзэщIахэм, ди лъэпкъым и тхыдэм зи цIэ-унэцIэр дыщэ хьэрфхэмкIэ хатхахэм ящыщщ Нэхущ Мырзэбэч (абы куэдыр БорискIэ еджэрт) Мэрем и къуэр.</u>**

**<u>Ар 1923 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) къуажэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр игъэкIуащ гурыхуагъэкIэ, IуэжьыфIхэмкIэ хьэблэ цIыкIухэм къахэщу. Къуажэ еджапIэр хъарзынэу къиухащ. Абы теухуа гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэр екIуэкIащ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21 жэщым. Iэджэм щIэхъуэпсырт зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ ныбжьыщIэхэр. Ауэ абыхэм ящыщ куэдым къапэплъэр зауэ гущIэгъуншэм и гъуэгуанэ гугъухэрт.</u>**

МЭКЪУАУЭГЪУЭ мазэм къриубыдэу Дзэ Плъыжьым ираджахэм яхэтащ Нэхущ Мырзэбэчи. Ар Мэздэгу деж щыхурагъэджащ бийм и танкхэр зэрыпкъутэфыну Iэмалхэм. ИтIанэ ягъэкIуащ Волхов фронтым. Жылагъуэ зыкъомым щызэуащ, танк зэракъутэ фочыр IэщIэлъу. IэкIуэлъакIуэу, лIыгъэ хэлъу и къалэнхэр зэригъэзащIэр щалъагъум, сержант цIэр къыфIащри, цIыху 15-м я унафэщIу ягъэуващ. Мырзэбэч игъэващ гугъуехь, хьэзаб куэд. Дзэ Плъыжьыр къикIуэтырт, кIэрыхухэр иIэу, ауэ IэщэкIэ фIыуэ зэщIэузэда бий бзаджэми хэщIыныгъэ ириту, гува-щIэхами текIуэныгъэр къызэрихьыну фIэщхъуныгъэр фIэмыкIуэду.

Нэхущыр зыхэт еплIанэ гвардие фочауэ дивизэр Сталинград и Iэгъуэблагъэхэм щекIуэкI зауэ гуащIэхэм хохьэ 1942 гъэм и гъэмахуэм. Мырзэбэч, езыр сержантми, взводым и командир мэхъу, Iущагъ хэлъу унафэ зыхуищI сэлэтхэр фашистхэм япэщIоувэ, Iэмал зэрагъуэтуи, япэкIэ мэкIуатэ... Нэхущым зэман кIэщIкIэ кърагъэух офицер курсхэри, лейтенант цIэр къыфIащ. Фронтым егъэзэжри, ротэм и унафэщI ящI. Мыгувэу уIэгъэ мэхъу. Тамбов яшэри щагъэхъуж. Абы и ужькIэ ягъакIуэ Воронеж фронтым. 1943 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм къыхохутэ Курск и деж щекIуэкIа мафIэ гуащIэм. Аргуэруи уIэгъэ мэхъу. Зэрыхъужу, дзэм хохьэж. Фашистхэр, къызэдзэкъэкIыурэ, икIуэтыжырт. Абыхэм зыхащIат я кIэныр къызэримыкIынур. ИтIани, ерыщу къэныкъуакъуэрт, жылагъуэхэр зэтракъутэрт, совет цIыху лажьэншэхэр щысхьыншэу зэтраукIэрт. Адыгэ щIалэм и нэгу щIэкIащ бийм илэжьа хьэкIэкхъуэкIагъэ Iэджэ. Езыри и сэлэтхэри нэхъ зыхущIэкъур зыт - я хэкуэгъухэм ялъ зэращIэжыныр, нэмыцэхэм удыну нэхъыбэIуэ зэрырадзыныр. ЯпэкIэ кIуатэурэ абыхэм къызэранэкIащ Харьков, Полтавэ, Невель...

Нэхущыр зи пашэ сэлэтхэм мызэмытIэу лIыгъэ щызэрахьащ «Багратион» зи фIэщыгъэ операцэр Белоруссием и щIыналъэм щыщрагъэкIуэкIым. Ахэращ КъухьэпIэ Двинам япэу зэпрысыкIыфар, бийр изыгъэкIуэту псышхуэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр къэзыубыдар, Дзэ Плъыжьыр хэщIыныгъэшхуэ имыIэу адэкIэ кIуэтэныр къызэзыгъэпэщар.

Мырзэбэч и гупыр къыхэжаныкIащ Полоцк, Молодечнэ, Ветринэ къалэхэр хуит къыщащIыжми. Зэхэуэхэм ящыщ зым щIэрыщIэу уIэгъэ щыхъури, ар сымаджэщым ещанэу щIэхуащ. Ауэ, хабзэ зэрыхуэхъуауэ, зыщигъэгувакъым. Зыхэта гупым лъэщIыхьэжащ, батальоным и унафэщIуи ягъэуващ. КъухьэпIэмкIэ кIуатэурэ, совет армэр нэсащ Латвием, Литвам. Зарасай къалэм деж Нэхущыр уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, зыкъомрэ сымаджэщым щIэлъын хуей хъуащ. Аргуэруи фронтым игъэзэжащ...

1944 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Мырзэбэч ягъэкIуащ командирхэр щагъэхьэзыр курсхэм. Абы щеджэу здэщыIэм, ТекIуэныгъэ Иным и махуэри къэсащ...

Хэку зауэшхуэр зэфIэкIа нэужь, Нэхущ Мырзэбэч советыдзэм къулыкъу щищIащ. Фрунзе Михаил и цIэр зезыхьэ Дзэ академиер 1956 гъэм къиухри, полковник цIэр къыфIащащ, Приволжскэ дзэ округым щигъэзэщIащ штабым и унафэщI, полкым и командир къалэнхэр. Дзэ къулыкъур абы щрихьэкIащ КъуэкIыпIэ Жыжьэми.

Щалъхуа щIыналъэм къигъэзэжри, Кавказ Ищхъэрэ округым дивизием и унафэщIу щылэжьащ. 1970 гъэм Нэхущ Мырзэбэч къыфIащащ генерал-майор цIэр.

Илъэсибгъу дэкIри, дзэм къыхэкIыжащ. Ауэ и Iэр зэтедзауэ ар тIысыжакъым. Жылагъуэ лэжьыгъэхэм хэтащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ветеранхэм я советым и унафэщIу, щIалэгъуалэр гъэсэным жыджэру хэлэжьыхьу, республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм сэбэп щыхъуу къэгъуэгурыкIуащ. Нэхущ Мырзэбэч и романи дунейм къытехьащ. «ФIэхъус, Бахъсэн» - аращ абы зэреджэр.

АдыгэлI хъыжьэм кърата Хэкум и дамыгъэ лъапIэу зыкъом - Бэракъ Плъыжь ордену тIу, Вагъуэ Плъыжь ордену щы, Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ» орденыр, медаль куэд.

А цIыху гъуэзэджэр 1999 гъэм дунейм ехыжащ. Ауэ уахътыншагъэм хыхьащ абы и фэеплъ нэхур. Нэхущ Мырзэбэч и цIэр зэрахьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым, Зеикъуэ дэт ещанэ курыт еджапIэм.

**БЕКЪАН Чыланий.**

# Абазэ Хьэчим зэрыIэщэншэу къапикIуэтакъым



**<u>И гъащIэр къыщызэпыуда, 2005 гъэм жэпуэгъуэм 13-м къэхъуа гуауэм я гур икъузми, Абазэ Хьэчим далъэгъуа гуапагъэм, пэжагъымрэ щыпкъагъымрэ щытепсэлъыхькIэ, ар зыцыхуу щытахэм я нэгум зызэлъыIуехыж. И дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм сыт хуэдэ щытыкIэм итми зыщIигъэкъуэну хьэзыр, , шынэ зымыщIэ къызэгъэпэщакIуэ, ущиякIуэ ахъырзэману къахэта Абазэм иджыри куэд хуэныкъуэнущ...</u>**

НАЛШЫК къалэ администрацэм и УВД-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и къудамэ №3-м и ГИБДД-м административнэ хабзэр гъэзэщIэнымкIэ и IэнатIэм и инспектор нэхъыжь, милицэм и майор Абазэ Хьэчим Хьэлиб и къуэр Бахъсэн куейм хъыхьэ Зеикъуэ къуажэм 1963 гъэм накъыгъэм и 14-м къыщалъхуащ. Хабзэхъумэ IэнатIэм абы лэжьэн щыщIидзащ 1993 гъэм мэкъуауэгъуэм и 11-м икIи къалэн, къулыкъу зэхуэмыдэхэр ирихьэкIащ. Лэжьыгъэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ мызэ-мытIэу гулъытэ къыхуащIащ, «Къулыкъум къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» медалыр къыхуагъэфэщащ.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м щIэпхъаджащIэхэр Налшык къалэм и 3-нэ ОВД-м и унэм щытеуам, милицэм и майор Абазэм и стажёрым чэнджэщхэр ириту кабинетым щIэст. Iэщэ уэ макъыр щызэхихым, Iэщэ зымыIыгъ и гъэсэныр гъущI шкафым псынщIэу къуигъэпщкIуащ. Пэшым къыщIыхьэну хущIэкъухэм япэуври, къатеуахэм ящыщ зыр иукIащ. Шэр къызыIэщIэуха Абазэм адэкIэ бзаджащIэхэм япэщIэтыну Iэмал имыIэжми, зэрыIэщэншэу абыхэм къапикIуэтакъым, ауэ къытехуа уIэгъэм ар къелакъым.

И гъащIэм емыблэжу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр террористхэм ящихъумэу, къигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ 2006 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкIэ ЛIыгъэм и орденыр Абазэ Хьэчим къыхуагъэфэщащ.

**УАРДЭ Жансурэт.**


Щоджэн Ахьмэд


Къуэдзокъуэ Анатолэ


Къанло Заур


Сэбаншы Чэмал


ХьэцIыкIу Аскэрбий


Сэбаншы Мадинэ


Шорэ Хьэсэн


Щомахуэ Мухьэмэд


Сыжажэ Амдулчэрим


Жэмыхъуэ Ахьмэд


Ует Хъызыр


Дыкъынэ Александр


Бгъэжьнокъуэ Владимир


ГъукIэлI МуIэед

# Насыпыр къызэралъытэр

## Дыкъынэ Хьэсэнбийрэ абы и къуитIымрэ щIэныгъэхэм я докторщ

**<u>ЦIыху гъащIэм и илъэсхэр пкIэлъей дэкIуеипIэм ещхьщ - абы и нэ бжыгъэхэм хэхъуэху, узытет лъагапIэм зеIэт. Дыкъынэ Хьэсэнбий нобэ здынэса ныбжьым и лъагапIэм тету илэжьа Iуэхухэм, зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм еплъыжмэ, жиIэ хъунущ зэрынасыпыфIэр. Дыкъынэ Хьэсэнбий 1936 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыда дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми хуэдэу, гугъуехь Iэджэ илъэгъуащ абы: фIанэр IэщIэлъу хади ипщIащ, Iэщми пэрытащ, зэрыхузэфIэкIкIэ колхозми и лэжьыгъэ хилъхьащ. Еджэнри IэщIыб ищIакъым абы. Зеикъуэ курыт еджапIэр къыщиуха иужь, 1957 гъэм КъБКъУ-м и физико-математикэ факультетым щIэтIысхьащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къызэриухамкIэ тхылъыр иIыгъыу 1962 гъэм Хьэсэнбий къуажэм къигъэзэжащ икIи Къызбрун Езанэм дэт школым егъэджакIуэу къащтащ, зы илъэс щылэжьауэ, КъБКъУ-м и аспирантурэм щIэтIысхьащ.</u>**

КЪЭХУТЭНЫГЪЭ лэжьыгъэм зэманышхуэ тригъэкIуадэу, Дыкъынэ Хьэсанбий диссертацэу тIу итхри, ехъулIэныгъэкIэ Санкт-Петербург щыпхигъэкIащ: 1967 гъэм - кандидат диссертацэр, 1990 гъэм - доктор диссертацэр.

Хьэсэнбий илъэс куэдкIэ университетым щылэжьащегъэджэныгъэмрэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэмрэ фIы дыдэу зэдихьу. Абы щIэныгъэ лэжьыгъэу 50-м нэс иIэщ, дунейпсо симпозиумхэм куэдрэ къыщыпсэлъащ.


Дыкъынэ Хьэсэнбий


Дыкъынэ Анзор


Дыкъынэ Залым

Хьэсэнбийрэ и щхьэгъусэ Фатусэрэ яхуэфэщэну къуитIрэ зыпхъурэ зэдапIащ, гъуэгу дахэ трагъэуващ. Быным я нэхъыжь Анзор школыр фIы дыдэу къиухри Шотландием и Глазго къалэм щыIэ университетымрэ КъБКъМАУ-мрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ. Япэу фермер хозяйствэхэр ди республикэм 90 гъэхэм къыщыщыунэхум, Анзор Зеикъуэ къыщызэригъэпэщат апхуэдэ IэнатIэ. Лэжьыгъэмрэ щIэныгъэмрэ тыншу зэдэзыхь щIалэр куэд дэмыкIыу экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ, абдежым къыщызэтемыувыIэу, 2001 гъэм и лэжьыгъэр пхигъэкIри, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Анзор игу ирилъхьар къызэрехъулIэным къарурэ зэфIэкIыу иIэр ирихьэлIэу, ар зыIэригъэхьэху игу мызагъэу щытщ. И ныбжькIэ щIалэми, абы хузэфIэкIар куэдым ялъэкIынукъым. Дыкъынэр Пятигорск лингвистикэ университетым и профессорщ, Америкэм щыIэ YORK университетым и эксперт советым хэтщ, академикщ, жылагъуэ лэжьыгъэми пэIэщIэкъым. Абы и нэIэм щIэту ягъэзэщIащ цIыху 30 - м - кандидат, 7-м доктор лэжьыгъэхэр.

Зи гугъу сщIы унагъуэм мазэ зыбжанэ и пэкIэ щIэныгъэхэм я доктору иджыри зы къыхэхъуащ. Хьэсэнбийрэ Фатусэрэ я къуэ нэхъыщIэ Залым, нэм еIэзэ дохутыр цIэрыIуэм, Москва щыпхигъэкIащ и доктор диссертацэр. Мы зэманым ар и унафэщIщ КъБКъУ-м нэ узыфэхэмкIэ и курсым. 201 гъэ лъандэрэ «Неотон» центрым щолажьэ, зи нэм фIыуэ имылъагъужхэм йоIэзэ.

- Ди гъащIэм и дэтхэнэ махуэри тыншыгъуэщ, дызыхуей псори гугъуехь лъэпкъ пымылъу догъуэт, - жытIэрэ дигу зэгъауэ ди Iэхэр зэтеддзэжрэ дытIысыжмэ, ди щхьэр къэдгъэпцIэжу, гъащIэм и ефIэкIуэнри иухауэ, тыншыгъуэри кIуэдыжауэ аращ, - жеIэ Хьэсэнбий.

Я бынхэм ягъуэта насыпым езыхэри насыпыфIэ ирихъуу, я къуэрылъху-пхъурылъхухэм щыгуфIыкIыу, унагъуэ дахэу мэпсэу Дыкъынэхэ.

**ЩОДЖЭН Аминэ.**

# 1615 Адыгэ махуэгъэпс 2015

## ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм къыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэр


Къэбэрдей пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ (1663 - 1710 гъгъ.)


УэзщIакIуэ, жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ, дипломат Къэзанокъуэ Жэбагъы (1685 - 1750 гъгъ.)


КъБАССР-м и Правительствэм и УнафэщI Къущхьэ КIыщыкъуэ (1923 - 1998 гъгъ.)


Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм и Тхьэмадэ, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI Къэрмокъуэ Хьэчим (1941 гъэ)


КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Нэхущ Заурбий (1943 гъэ)


Пщы, Георгий щихъым и орденыр зрата ХьэтIохъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ (1760 - 1812 гъгъ.)


УэзщIакIуэ Бжьыхьэлl Лиуан (XVI лIэщIыгъуэ.)

**МАЗАЕ** Февраль

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 2 | 9 | 16 | 23 |
| Гъу. | | 3 | 10 | 17 | 24 |
| Бр. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Мху. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Мр. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Щб. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Тхь. | 1 | 8 | 15 | 22 | |

**ЩIЫШЫЛЭ** Январь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |


Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь Бырс Анзор (1892 - 1988 гъгъ.)


Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь Щоджэн ТIэлашэ (1898 - 1978 гъгъ.)

**БАДЗЭУЭГЪУЭ** Июль

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Гъу. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Бр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мху. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мр. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Щб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Тхь. | 5 | 12 | 19 | 26 | |

**ШЫЩХЬЭУIУ** Август

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Гъу. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Бр. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мху. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Мр. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Щб. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |
| Тхь. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 | |


Георгий жорым и нагъыщиплIри къэзыхьа Джэтау Уэлий (1881 - 1922 гъгъ.)

**ГЪАТХЭПЭ** Март

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Гъу. | | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Бр. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мху. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мр. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Щб. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Тхь. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |


Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь Бгъэжьнокъуэ Хьэчим (1915 - 2002 гъгъ.)

## Илъэс 400 зи ныбжь Зеикъуэ къуажэр

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап. итщ).*

ТХЫДЭР щыхьэт тохъуэ ХьэтIохъущыкъуэ и пщычо (къалэ-быдапIэ) Бахъсэн псыхъуэ зэрыдэтам - Къэзанықъуейм и Iэшэлъашэм, псым и сэмэгурабгъумкIэ, Гундэлэныпсыр абы щыхэхуэм деж. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ Лавров Леонид зэритхымкIэ, ХьэтIохъущокъуэ Исмел (Исмел Псыгъуэ) и адэ Темрыкъуэ и сыныр абдежщ здитар. Пащтыхьым и дзэпщхэр къеныкъуэкъу щыхъум, Темрыкъуэ Инжыдж псыхъуэ Iэпхъуауэ щытащ, абы зыбжанэрэ щыпсэуащ, Iэщэ ищIурэ Къэбэрдейм къригъашэ зэпытащ, щылIари аращ: и хьэдэр шыкхъаблэкIэ къахьыжри Зеикъуэ щыщIалъхьэжащ, и сыныр Бахъсэныпсымрэ Гундэлэныпсымрэ я тIуащIэм дэтащ. Зи цIэ къитIуа щIэныгъэлIыр, Лавров Леонид, щилъэгъуар абдежращ.

ХьэтIохъущыкъуей уэркъхэм Къэбэрдей щIыналъэм и Iэтащхьэ Орбелиани 1862 гъэм хуатхыгъащ: «Ди адэжьхэр илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ и пэкIэ 1712 гъэхэм (***Къ. Хь.)*** ХьэтIохъущокъуэ Темрыкъуэ и уэркъыу щытащ, абыхэм дращIэблэщ дэ». А тхылъым Iэ щIадзащ уэркъ зыбжанэм: Iэпщэ Исмел, Жэмыхъуэ Аслъэнбэч, АфэщIагъуэ Мэт, ГъукIэлI Мухьэмэт, Джэдгъэф Едыдж, Дыкъынэ Маш, Шыбзыхъуэ Наурыз, Щоджэн Умар, Сыжажэ Хьэжы, Шурдым Хьисэ, Къэрмокъуэ Бэракъ, Щомахуэ Ислъам, Шэт Ибрэхьим, Болэт Заурбэч сымэ. Абыхэм я щIэблэ лъэпкъхэр Зеикъуэ ноби дэсщ.

Зи гугъу тщIы тхылъыр архивым къыщызыгъуэтар Бейтыгъуэн Сэфарбийщ.

И адэм нэхърэ нэхъ цIэрыIуэ хъуащ Исмел Псыгъуэ: щIэныгъэ иIащ, адыгэхэм, нэгъуэщI бгырыс лъэпкъхэм я тхыдэм теухуауэ тхыгъэ зыбжанэ къызэринэкIащ, урысыдзэм щыхэтам щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ Георгий орденым и 4-нэ нагъыщэр кърататауэ щытащ. Лермонтов Михаил и къалэмыпэм къыщIэкIа «Измаил-бей» поэмэр зытеухуар абы и гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэщ.

Я лъапсэм щIэдзапIэ хуэхъуар Бахъсэн псыхъуэрами, Къэбэрдей псор яIэщIэлъащ ХьэтIохъущокъуэхэ - Налшык (ПсыкIэху псым) къыщыщIэдзауэ Псыхуабэ, ЕсэнтIыгу, Нартсанэ нэс. Пащтыхь дзэпщхэм Къэбэрдейр зыIэщIаубыда нэужь, пщыхэм, ХьэтIохъущокъуэхи яхэту, унафэ яIэщIэлъыжакъым.

ЩIэблэм зэи щIащымыгъупщэн фIыщIэ ябгъэдэлъщ ХьэтIохъущокъуэхэ. Ди тхыдэм игъащIэкIэ къыхэнащ, дапщэщи дэгъуэгурыкIуэнущ абыхэм я фIыщIэр, дэ дригушхуэ зэпытынущ ХьэтIохъущокъуэхэ Кургъуокъуэ, Исмел Псыгъуэ, Мыхьэмэт Iэшэ, Адэлджэрий, Бомэт, Аслъэнбэч, Бэчмырзэ, Мысост сымэ, нэгъуэщIхэми. АдыгэбзэкIэ (къэбэрдеибзэкIэ) япэ дыдэ дунейм къытехьауэ щыта тхылъыр зи къалэмыпэм къыщIэкIар ХьэтIохъущокъуэ Къазийщ. Къэбэрдейм и закъуэкъым, къэрал псом щыцIэрыIуэщ ХьэтIохъущокъуэ ХьэтIохъущыкъуэ игъэкIауэ щыта жыг хадэр - зыбжанэ щIащ зыгъэкIам и цIэр а хадэм зэрыфIащыжрэ.

НэгъуэщI фIыщIи бгъэдэлъщ ХьэтIохъущыкъуэ. Бзэгуцэхэм ягъэжакъуэри, куэд зэрехьэжьауэ щытащ, Тыркум Iэпхъуэн мурад ящIауэ. Ахэр я пIэ иригъэтIысхьэжыгъащ ХьэтIохъущыкъуэ, япэуври. Езыр дунейм щехыжар XIX лIэщIыгъуэм и кIэрщ.

1906 гъэ лъандэрэ Зеикъуэ дэтащ ХьэтIохъущокъуэхэ я унэ дэгъуэ - туф мывэ упсам къыхэщIыкIауэ. Зеикъуэ дэт къуажэкхъэхэм ящыщ зым къыщызэтенащ ХьэтIохъущокъуэхэ я кхъэлэгъунэ, абы мывэ сын зыбжанэ итщ, дунейм ехыжа пщы цIэрыIуэхэм хухасауэ. Хьэрэкхъуэрэ ипщэIуэкIэ къыщызэтенащ ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ иригъэщIауэ щыта къалэ-быдапIэм и къутахуэхэр - абдеж щапэуври, Кургъуокъуэ и шуудзэм зэхакъутауэ щытащ кърым хъаным и зауэшыхэр. Апхуэдэр пщыгъупщэ хъунукъым, ар дигу илъ зэпытын хуейщ зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэми.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**,
*тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*


Социалист Лэжьыгъэм и Лlыхъужь Къалмыкъ Хьэжмурат (1926 - 1965 гъгъ.)

**ФОКIАДЭ** Сентябрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Гъу. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Бр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мху. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Мр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Щб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Тхь. | 6 | 13 | 20 | 27 | |

**МЭЛЫЖЬЫХЬ** Апрель

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Гъу. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Бр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мху. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мр. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Щб. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Тхь. | 5 | 12 | 19 | 26 | |


ГуащIэдэкI ЩIыхьым и орден псори зыхуагъэфэща Шурдым Лидэ (1941- 2009 гъгъ. )


Генерал-майор, тхакIуэ Нэхущ Мырзэбэч (1923 - 1999 гъгъ.)

**ЖЭПУЭГЪУЭ** Октябрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Гъу. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Бр. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мху. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Мр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Щб. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Тхь. | 4 | 11 | 18 | 25 | |


КъБАССР-м и министр Къущхьэ Гъумар (1927 - 1994 гъгъ.)

**НАКЪЫГЪЭ** Май

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 4 | 11 | 18 | 25 |
| Гъу. | | 5 | 12 | 19 | 26 |
| Бр. | | 6 | 13 | 20 | 27 |
| Мху. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Мр. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Щб. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Тхь. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |

**МЭКЪУАУЭГЪУЭ** Июнь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Гъу. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Бр. | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Мху. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мр. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Щб. | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Тхь. | 7 | 14 | 21 | 28 | |


ЩIДАА-м и президент Нэхущ Iэдэмрэ (1938 гъэ) абы ипхъу, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Нэхущ Викториерэ (1966 гъэ)

**ДЫГЪЭГЪАЗЭ** Декабрь

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 7 | 14 | 21 | 28 |
| Гъу. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 |
| Бр. | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Мху. | 3 | 10 | 17 | 24 | 31 |
| Мр. | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Щб. | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Тхь. | 6 | 13 | 20 | 27 | |

**ЩЭКIУЭГЪУЭ** Ноябрь

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Бл. | | 2 | 9 | 16 | 23 | 30 |
| Гъу. | | 3 | 10 | 17 | 24 | |
| Бр. | | 4 | 11 | 18 | 25 | |
| Мху. | | 5 | 12 | 19 | 26 | |
| Мр. | | 6 | 13 | 20 | 27 | |
| Щб. | | 7 | 14 | 21 | 28 | |
| Тхь. | 1 | 8 | 15 | 22 | 29 | |


КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч


КъБР-м и Профсоюзхэм я УнафэщI Сэбаншы Розэ


Дунейпсо Кубокыр къэзыхьа Сэбаншы Мурат


Иужьрей адыгэ джэгуакIуэ Сыжажэ Къылъшыкъуэ (1863 - 1945 гъгъ.)


КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд (1929 гъэ)


Иорданием и Лlыхъужь, генерал-лейтенант Шурдым Ихьсан


Профессор, жылагъуэ лэжьакIуэ Шурдым Гюнсел (Тырку)


Уэрэдус, хьэрычэтыщIэ Къущхьэ Догъэн (Истамбыл)


Тыркум щыщ киноактрисэ цIэрыIуэ Шорэ Туркан

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинымрэ и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 22.30-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.667
Заказ №1764